M. TLEWMURATOV, J. T. BERDIEV,
Z. TLEWMURATOVA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ

8-KLASS

Ulıwma orta bilim beretuǵın mektepler ushın

Qayta islengen hám tolıqtırılǵan basılım

*Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan*

NÓKIS
«BILIM»
2018

UOK 94(575.172)(075.3)
KBK 63.3(0=Qar)
T-83

**Qaraqalpaqstan tariyxı.** 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis.: «Bilim»,2018-jıl, 116 bet.

**UOK 94(575.172)(075.3)**
**KBK 63.3(0=Qar)**
**T-83**

Avtorlar: **M. Tlewmuratov**
**J. T. Berdiev**
**Z. Tlewmuratova**

**Pikir bildiriwshiler:**

**J. A. Ismetullaev** — *QR ROMO metodisti*;
**B. Sh. Shamambetov** — *tariyx ilimleriniń doktorı;*
**R. Axmetshin** — *tariyx ilimleriniń kandidatı;*
**M. B.Tajimuratov** — *Shımbay rayonı 10-sanlı mekteptiń tariyx páni muǵalllimi;*
**B. S.Uzaqov** — *TashMau Nókis filialı akademiyalıq liceydiń tariyx páni oqıtıwshısı.*

**Ayırım súwretler internet materiallarınan alınıp paydalanıldı.**

**ISBN 978-9943-4449-0-4**

© **M. Tlewmuratov,**
**J. T. Berdiev, Z. Tlewmuratova.**
© **«Bilim» baspası, 2018-j.**

# KIRISIW

**Qımbatlı oqıwshılar!**

Qaraqalpaqstan xalqı óziniń oǵada bay tariyxına iye. Ásirler dawamında ata-babalarımız óz mádeniyatın qásterlep, asırap, rawajlandırıp keleshek áwladqa, sizlerge miyras etip qaldırǵan. Ata-babalarımız usı mádeniyattı qáliplestirip hám rawajlandırıp qanday tariyxıy waqıyalardı basınan keshirgenligi bizge tariyxtı úyreniw arqalı belgili boladı. Tariyx ata-babalarımızdıń táǵdirin úyreniw menen birge bizdi keleshekke sharlaydı, ata-babalarımızdıń islegen mártlik islerine maqtanısh sezimlerimizdi payda etedi.

Sizlerdiń qolıńızdaǵı bul kitapta, sizlerdiń 7-klasta Qaraqalpaqstan tariyxı boyınsha alǵan bilimlerińizdi dawamlap Qaraqalpaqstannıń XVI ásirden XIX ásirdiń ortalarına shekemgi aralıqtaǵı Qaraqalpaqstan xalqınıń tariyxı jazılǵan. Bunda Xiywa xanlıǵınıń dúziliwinen baslap Xorezm oypatlıǵındaǵı siyasiy waqıyalar, bul jerdegi xalıqtıń social-ekonomikalıq jaǵdayı, administrativlik dúzilisi, xalıqlardıń jaylasıwı, qaraqalpaq xalqınıń xalıq retinde qáliplesiwi, rawajlanıwı, ásirler dawamında jasaǵan orınları, mádeniyatı úyreniledi. Xiywa xanlıǵı quramında Qaraqalpaqstan xalqınıń basınan ótkergen awır awhalları, qıyınshılıqtı jeńiwi, xalıqtıń batırlıǵı, xalıqtıń arın arlaǵan batırlardıń erligi, xalıqlardıń tuwısqanshılıq baylanısları, Xiywa xanlıǵınıń hám qaraqalpaqlardıń mámleketshiliginiń rawajlanıwı hám xalıqlardıń mádeniyatınıń rawajlanıwındaǵı ózgeshelikleri, jetiskenlikleri hám basqa da kóplegen máseleler hám waqıyalar bayan etiledi.

Bul sabaqlıqtıń tórtinshi basılıwı bolıp, 2003-jılı «Qaraqalpaqstan» baspasınan shıqqan ulıwma orta bilim beriw mekteleriniń 8-klası ushın «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqlıǵı tiykarında qayta basılıp shıqtı. Baspada burınǵı

sabaqlıqtıń mazmunı haqqında aytılǵan pikir hám usınıslar esapqa alındı hám jańa oqıwlıq baǵdarlama standartlarǵa sáykeslestirildi.

Kitaptı jazıwda Qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlıǵınan, Qaraqalpaqstan tariyxı boyınsha kóplegen jańa ilimiy izertlewler hám kitaplardan paydalanıldı.

## §1. Qaraqalpaq xalqınıń etnikalıq qáliplesiw tariyxınan. XVI ásirdegi qaraqalpaqlardıń mádeniyatı

Qaraqalpaqlardıń tariyxın hám etnografiyasın izertlewshi ilimpazlar qaraqalpaqlardıń xalıq retinde qáliplesiwinde watan bolǵan aymaqtı anıqlaw boyınsha da izertlew jumısların alıp barǵan. Nátiyjede búgingi kúni qaraqalpaqlardıń tiykarǵı watanı túslik Aral átirapı ekenligi anıqlanǵan.

Onı anıqlawda S. P. Tolstov, I. A. Jdanko, S. K. Kamolov sıyaqlı alımlarımızdıń miynetleri bar. Olardıń pikirlerine sáykes qaraqalpaqlardıń xalıq retinde qáliplesiwi uzaq dawam etken. Aral átirapında, Ámiwdárya hám Sırdáryanıń quyar ayaqlarında áyyemnen jasap kiyatırǵan qáwimler qaraqalpaq xalqınıń qáliplesiwinde qatnasadı. VII — XI ásirlerde házirgi Qaraqalpaqstan aymaǵınıń bir bólimin qamtıǵan Kerder wálayatı házirgi qaraqalpaq xalqınıń jasap atırǵan ornı ekenligi hám kerderlilerdiń qaraqalpaqlardıń qáliplesiwinde qatnasqanlıǵı anıqlanǵan. Qaraqalpaqlar usı Aral átirapı dalalarında xojalıqtıń birneshe túri menen (ańshılıq, balıqshılıq, diyqanshılıq, sharwashılıq) shuǵıllanǵan. Olar ózleriniń siyasiy turmısında Xorezm xalqı menen tıǵız qatnasta bolǵan.

Arxeologlar Qaraqalpaqstan aymaǵında jaylasqan Topıraqqalanı izertlep, ol jerde qala diywallarınıń gerbishlerine salınǵan naǵıslardı tapqan. Bul naǵıslar qalanıń diywalın qurıwda qatnasqan ruwlardıń tańbaları ekenligi anıqlanǵan. Bul tańbalardıń kópshiligi qaraqalpaq ruwlarınıń tańbalarına uqsas bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń eń dáslepki xalıq bolıp qáliplesiwinde ruw hám qáwimler — usı Aral átirapında biziń eramızǵa shekemgi I ásirlerde jasaǵan Sak-massaget qáwimleri, apasiaklar bolǵan. Apasiaklar iran tilles qáwimler bolıp, olar Ámiwdáryanıń quyar ayaǵında hám atawlarında jasaǵan. Bul iran tilles ruw hám qáwimlerge I ásirden baslap Oraylıq Aziyadan kelgen Sak-massaget mádeniyatı menen gunnlar mádeniyatı aralasadı.

VI ásirde batıs Túrk qaǵanatı dúziliwi menen Orta Aziyaǵa sonıń ishinde Aral átirapına túrkiy tilles ruw hám qáwimler kóplep aralasadı. Nátiyjede VII — VIII ásirlerde Aral átirapında bir-biri menen qońsılıq jaǵdayda oǵuzlar hám peshenegler dep atalǵan ruw hám qáwim birikpeleri payda boladı.

Oǵuzlar dáslebinde Sırdárya átirapındaǵı rayonlarda qáliplesip, sońınan Kishi Aziyaǵa shekemgi aralıqqa keńnen taralǵan. Bul oǵuzlar mádeniyatı menen Oraylıq Aziyadan kelgen qáwimler mádeniyatınıń aralasıwı nátiyjesinde qáliplesken. Al, peshenegler bolsa jergilikli Sak-massaget hám Sarmat-alań qáwimleri mádeniyatınıń aralasıwı nátiyjesinde qáliplesken.

Usı oǵuz-pesheneg qáwim birikpeleri qońsılas jasaǵanı sebepli óz ara mádeniy qatnasqa túsedi. Oǵuzlardıń hám pesheneglerdiń mádeniyatı qaraqalpaqlardıń xalıq retinde qáliplesiwinde úlken tásir tiygizgen. Ilimpazlardıń pikirine qaraǵanda pesheneg qáwim birikpesi qaraqalpaq xalqınıń qáliplesiwinde etnikalıq uytqını quraǵan. Yaǵnıy basqasha aytqanda pesheneglerdi qaraqalpaqlar dep qarawǵa da boladı.

Solay etip, qaraqalpaqlardıń qáliplesiwinde uytqı bolǵan tiykarǵı bólimi VIII — X ásirlerde qáliplesken peshenegler menen baylanıslı.

Bunnan keyingi dáwirde qaraqalpaqlardıń bul uytqısı qıpshaqlar menen, sońınan mońǵollardıń jawlap alıwlarınan sońǵı dáwirde basqa da kóplegen ruwlar menen etnikalıq hám mádeniy qatnasıqlar jasaydı. Bul mádeniy qatnasıqlar

nátiyjesinde qaraqalpaq xalqınıń quramına jańa etnikalıq belgiler hám jańa mádeniy ózgeshelikler kelip qosıladı. Qaraqalpaqlardıń xalıq retinde anıq hám tolıq qáliplesiwi XI—XVI ásirlerge tuwra keledi.

Qaraqalpaq xalqınıń qáliplesiwinde kóplegen ruw hám qáwimler qatnasqan. Sol sebepli XVI ásirde qaraqalpaqlardıń quramı kóplegen ruwlar hám ruw birikpelerinen turǵan. Qaraqalpaqlardıń ruwlıq dúzilisi tariyxshılar hám etnograflar tárepinen úyrenilip shıǵılǵan. Qaraqalpaqlardıń etnografiyasın tereń úyrengen alımlar, sonıń ishinde T. A. Jdanko hám basqalar tárepinen qaraqalpaqlardıń ruwlıq dúzilisiniń kesteleri islep shıǵılǵan.

Qaraqalpaqlardıń ruwlıq dúzilisi eń baslı altı ruwdan ibarat. Olar qıtay, qıpshaq, keneges, mańǵıt, qońırat, múyten. Bul ruwlar qaraqalpaqlardıń iri ruwları bolıp, olar óz gezeginde júdá kóplegen mayda ruwlarǵa bólinedi, al sol mayda ruwlar óz gezeginde tiyrelerge hám kóshelerge bólinedi.

Bul úlken altı ruw eki arısqa birigedi. I—qońırat arısı, bunda qońırat ruwları hám múyten ruwları, II—on tórt ruw arısı bunda qıtay, qıpshaq, keneges, mańǵıt ruwları. Bul eki arıs birigip qaraqalpaq xalqın payda etedi.

Qaraqalpaq etnoniminiń qalay kelip shıqqanlıǵı ilimpazlar tárepinen tolıq ilimiy jaqtan anıqlanbaǵan. Bul etnonimniń kelip shıǵıwı haqqında hár qıylı ilimiy boljawlar bar.

Ilimpazlardiń bir topari qaraqalpaq etnoniminiń hár qıylı variant hám tillerde jazılǵan XII—XIV ásirlerdegi jazba maǵlıwmatlarına tiykarlanıp hám oǵuz-pesheneg qáwimleriniń kiygen bas kiyiminiń tiykarında payda bolǵan dep esaplaydı. Sebebi qaraqalpaqlar haqqında XII ásirdegi rus jılnamalarında «Chernıe klobuki» dep jazıp qaldırsa, monǵol jılnamasında «qara malaqaylı» túrinde keltiriledi. Bunnan basqa shıǵıs sayaxatshıları tárepinen «qara bórikli» dep atalǵan ruw haqqında jazıp qaldıradı. Bul atı atalǵan ruw hám qáwim atamaları qaraqalpaqlar haqqında aytıladı dep

esaplawǵa tiykar bar. Aral átirapında jasawshı qaraqalpaqlar hám oǵuz qáwimleriniń áwladı — túrkmenlerdiń bas kiyimi bir-birine uqsas.

Bulardan basqa qaraqalpaq etnoniminiń kelip shıǵıwın shash, burım, aydar menen baylanıstırıwshı pikirler de bar. Bunday pikirler boyınsha qaraqalpaq etnonimi qara shash, qara aydar mánisin beriwshi qara «ǵulpaq» sózi tiykarında payda bolǵan. «Ǵulpaq» sózi eski qaraqalpaq tilinde shash, aydar mánisin beretuǵın bolǵan. «Ǵulpaq» sózi sońın ala «qalpaq» sózi menen almasıp, qara ǵulpaq sóziniń tiykarında «qaraqalpaq» ataması payda bolǵan. Sonday-aq, «qara» sózi áyyemgi túrkshede «batır» degen mánini ańlatqan.

Solay etip, házirgi qaraqalpaq etnoniminiń kelip shıǵıwı máselesinde tariyxshı hám etnograflar ele bir pikirge kelgen joq.

Qaraqalpaqlar ásirler dawamında Xorezmniń arqa bóliminde — Aral átirapında jasap kelgen. Monǵollardıń basqınshılıǵı nátiyjesinde qaraqalpaqlar birneshe bólimge bólinip kóship ketiwge májbúr boladı. Bunıń sebebi — Monǵol áskerleri Xorezm paytaxtı Úrgenish qalasın 1221-jılı birneshe ay dawamında qamal jasaydı. Biraq qalanı qolǵa kirgize almaydı. Sońınan qalanı suwǵa bastırıw maqsetinde, qalanıń janınan aǵıp ótip turǵan jerde, Ámiwdáryanıń bógetin buzıp jiberedi. Qalanı suw basadı. Sońınan Ámiwdáryanıń suwı burınǵı ańǵarı menen aqpay batıs tárepke baǵdar alıp, házirgi Túrkmenstan tárepke qaray aǵıp, Kaspiy teńizine barıp quyadı. Ámiwdáryanıń ayaǵında suwı aqpay qaladı. Burınǵı Ámiwdáryadan kanal qazıp diyqanshılıq etip otırǵan atızlarǵa suw barmay qaladı. Usınıń nátiyjesinde xalıq diyqanshılıq isley almaytuǵın bolǵan soń, basqa suwı bar jaqlarǵa kóshe baslaydı.

Usı waqıtta qaraqalpaqlardıń bir bólimi Ámiwdáryanıń taza ańǵarı tárepke, batısqa qaray kóship ornalasadı hám ol jerde ásirler dawamında jasap qala bergen. Qaraqalpaqlardıń bir bólimi bolsa túslik Aral boylarınan alıslap, Volga hám Ural dáryalarınıń jaǵalarına, ayırım bólimleri Qara teńiz

jaǵalarına qaray, al bir bólimi Sırdáryanıń jaǵalarına kóship qonıslanǵan. Bul Sırdárya átirapları Orta Aziya xalıqları tárepinen Túrkstan dep atalǵan. Usılar menen qatar xalıqtıń bir bólimi házirgi Surxandárya wálayatınıń aymaǵına kóship barǵanlıǵı haqqında da maǵlıwmatlar bar.

Bul waqıtta qaraqalpaqlardıń sanınıń qanshalıǵı, qaysı bólimi qayda kóshkenligi tolıq anıqlanbaǵan. Solay da bolsa, qaraqalpaqlardıń watanın taslap kóship ketiwinde tiykarǵı bas sebep — suwsızlıqtıń nátiyjesinde jasawǵa múmkinshilik qalmaǵanı ekenligi anıqlandı. Bul Aral átirapınan basqa jaqqa kóshken qaraqalpaqlardıń barlıǵı dárya boylarına diyqanshılıqqa qolaylı jerlerge kóship barǵan.

Usınıń nátiyjesinde qaraqalpaqlardıń XVI ásirdegi dáwirinde Aral átirapınan sırtta basqa aymaqlarda jasaǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar kóplep ushırasadı. Sonlıqtan qaraqalpaqlardıń XVI ásirdegi tariyxın úyreniwde olardı jaylasqan orınlarına qaray toparlarǵa bólip qaraw orınlı boladı.

XVI ásirde qaraqalpaqlar Aral átirapında, Volga hám Ural jaǵalarında, Sırdárya boyları bolǵan Túrkstanda, Ózbekstannıń Surxandárya wálayatında jasaǵan. Usılarǵa qaray olardı arallı qaraqalpaqlar, Volga boyı qaraqalpaqları, Sırdárya qaraqalpaqları dep ataw múmkin.

Volga hám Ural jaǵalarına qaraqalpaqlar XIII ásirlerde túslik Aral boylarınan kóship barǵan hám sol dárya jaǵalarında ornalasıp, diyqanshılıq penen shuǵıllanǵan. Bul qaraqalpaqlar XIV ásirde Toxtamıs xan mámleketiniń puqarası bolǵan. XIV ásirdiń aqırında Toxtamıs xan áskerleri Ámir Temur áskerleri tárepinen qıyratılǵannan soń, Toxtamıs xannıń basqarıwındaǵı Altın Orda mámleketi qulaydı. Onıń ornına Noǵay xanlıǵı payda boladı. Bul xanlıqtıń quramında qıpshaq, qońırat, qańlı, uyǵır, keneges, nayman, mańǵıt hám basqa da túrk hám monǵol ruwları bolǵan.

Bul xalıqlardıń barlıǵı XV — XVI ásirlerde noǵaylar dep atalǵan. Sebebi bul waqıtta noǵay ataması etnonim retinde emes, al siyasiy birikpeniń atı retinde qollanılǵan. Ayırım

jazba dereklerde Noǵay xanlıǵınıń quramına kiriwshi xalıqlardı «mańǵıtlar» dep te ataǵan. Sebebi bul Noǵay xanlıǵın basqarǵan adamlar mańǵıt ruwınan shıqqan. Mańǵıt ruwı Noǵay xanlıǵında baslı siyasiy kúsh bolǵan.

Noǵaylar arasında ıdırawshılıq baslanıp, bóleklengen ulıslardıń Qırım xanlıǵına, Ural dáryasınıń shıǵıs tárepine qaray kóshiwleri baslanadı. Usı waqıtta noǵaylardıń hár túrli at penen atalǵan ulısları Aral teńizine jaqın jerlerde ornalasqan. Sırdárya boylarına, Aral átirapına qaray kóship óziniń watanına qaytıp aylanıp kele baslaǵan.

XVI ásirde qaraqalpaqlardıń bir bólimi Sırdárya boylarında jasaǵanlıǵı belgili. Qaraqalpaqlardıń bir bólimi bul jerge Shıńǵısxan áskerleri Xorezmdi jawlap alǵannan soń kelip ornalasqan. Qaraqalpaqlar sol dáwirde massalıq kóshiwlerdi basınan keshirgen. Olardıń bir bólimi diyqanshılıqqa qayım bolǵan Sırdárya jaǵalarına ornalasqan.

Qaraqalpaqlardıń jáne bir bólimi bul jerlerge XVI ásirde Noǵay xanlıǵı búlginshilikke ushıraǵan soń kóship kele baslaǵan. Sırdáryanıń Aralǵa quyarlıǵınan baslap dáryanıń orta aǵısı jaǵalarına shekem qaraqalpaqlar ornalasıp, Tashkent qalasına shekemgi aymaqlardı mákanlaǵan. Olar bir mámleketke birige almaǵan, xalıqtıń bir bólimi Buxara xanlıǵı tásirinde bolsa, bir bólimi Qazaq xanlarınıń puqarası bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń bir bólimi usı dáwirde Sırdárya boylarında mákánlap, sol dáwirdegi Sırdárya átirapında hám ol jer menen qońsılas aymaqlarda mákanlaǵanlıǵı haqqında jazba maǵlıwatlar saqlanǵan. Bunday maǵlıwmatlardıń biri 1578-jılǵa tuwra kelip, onda qaraqalpaqlardıń Buxara xanlıǵınıń siyasiy islerinde belsene qatnasqanlıǵı haqqında aytıladı. Usınday bahalı jazba maǵlıwmatlardıń biri Sheybaniyler dinastiyasınıń sońǵı wákili Buxara xanı Abdullaxan dáwirinde dúzilgen. Onda Sırdáryanıń orta aǵısı boyında jaylasqan Sıǵnaq qalası hám onıń átirapında jasaǵan

xalıqlardıń atları atap ótiledi. Bul dizimniń ishinde basqa da xalıqlar menen birge qaraqalpaqlardıń da atı atap ótilgen. Bul hújjet 1598-jılı dúzilgen.

Usılayınsha XVI ásirge kelip, Sırdárya boyında jasawshı qaraqalpaqlardıń sanı Volga boyı qaraqalpaqlarınıń esabınan kóbeyip barǵan.

Házirgi waqıtta tariyxshılar arasında qaraqalpaqlardıń Aral boyınan basqa aymaqlarǵa kóshken waqtında olardıń bir bólimi kóshpey qalǵan bolıwı múmkin ekenligi haqqında pikirler bar. Sebebi, qaraqalpaq folklorlıq shıǵarmalarında qaraqalpaqlardıń burınnan Aral átirapında jasap atırǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar.

Sonıń menen birge, XVI ásirdiń ekinshi yarımında Ámiwdáryanıń suwı eski ańǵarına qaytıp keliwine baylanıslı qaraqalpaqlardıń Aral átirapınan kóship ketken toparlarınıń bir bólimi óziniń burıńǵı watanına qayta aylanıp kete baslaǵan. Bul haqqında maǵlıwmatlar xalıq ańızlarında hám qosıqlarında kóplep ushırasadı.

Sońǵı waqıttaǵı ilimpazlardıń pikirine qaraǵanda, XVI ásirdiń shamasında qaraqalpaqlardiń bir bólimi házirgi Surxandárya wálayatı aymaǵında Baysın taw átirapında jasaǵan. Bul jerge olardıń Aral átirapınan kóship barǵanlıǵı haqqında xalıq qosıqlarında hám Berdaq shayırdıń «Shejire»sinde de maǵlıwmatlar saqlanǵan.

Házirgi waqıtta bir qatar ilimpazlar Baysın ataması Aral átirapındaǵı Jiydeli-Baysın dep atalǵan jer ataması tiykarında payda bolǵan dep esaplaydı. Qaraqalpaqlar ol jerge kóship barıwı menen óziniń Aral átirapında qalǵan mákannıń atı menen sol kóship barǵan jeriniń atın da «Jiydeli-Baysın» dep ataǵan bolıwı itimal.

Qaraqalpaqlardıń XVI ásirdegi mádeniyatı qońsılas xalıqlardıń mádeniyatı menen ulıwmalıq uqsaslıqlarǵa iye bolǵan. Ásirese bul uqsaslıqlar xalıqtıń ruwxıy mádeniyatında anıq bilingen. Qaraqalpaqlar arasında keńnen orın alǵan «Edige» dástanı XIV—XVI ásirdegi bolǵan waqıyalardıń sáwlesi retinde payda bolǵan bolıp, XV ásirde qaraqal-

paqlar, noǵaylar, qazaqlar hám qońsılas xalıqlar arasında keńnen taralǵan. Bulardan basqa Soppaslı Sıpıra jıraw (XV ásir), Jiyrenshe sheshen haqqında ańız-ápsanalar (XV ásir), «Edil qayda, el qayda», «Ormanbet biy ólgende» tolǵawları, «Noǵay jolı» dep atalǵan shıńqobız namaları biziń kúnimizge shekem kelip jetken.

Qaraqalpaq xalqınıń XVI ásirdegi mádeniyatı tuwralı gáp qozǵaǵanda xalıqtıń talantlı jırawları tárepinen saqlanıp, xalıq arasında atqarılǵan qaharmanlıq dástanlardı, solardıń arasınan eń ájayıp dástanlar bolǵan Edige hám Alpamıs dástanları xalıq turmısında úlken orın iyelegen. Bul dástanlar xalıqtıń haqıyqıy turmısın sáwlelendirgen. Olardıń ǵárezsizlik ushın alıp barǵan gúreslerin jırlaǵan. Ásirese «Edige» dástanı pútkil Orta Aziya hám basqa da territoriyalarda, túrkiy tilles xalıqlar arasında keń túrde tarqalǵan. Bul dástanlardı kóplegen qaraqalpaq jırawları yadtan bilgen hám biziń kúnlerimizge shekem jetkergen. Bul Noǵaylı dáwiri dep atalǵan dáwirdiń tariyxıy waqıyaların sáwlelendirgen. Sonlıqtanda, biziń Qaraqalpaqstan Respublikamızda bul dástanlardı úyreniw, kitap etip basıp shıǵarıwda júdá kóplegen jumıslar islendi.

Xalıq arasında jırawlar úlken húrmetke iye bolǵan. Jırawlar qobız shertip, namaǵa salıp dástanlar hám tolǵawlardı atqaratuǵın bolǵan.

Qobızdan basqa saz ásbaplarınan biri duwtar esaplanǵan. Baqsılar duwtar menen xalıq namaların hám dástanların atqaratuǵın bolǵan.

Tariyxqa baylanıslı áńgimelerdi hám ańızlardı kóp biletuǵın shejire adamlar xalıq arasında úlken húrmetke iye bolǵan. Xalıq arasında «Gúldirsin», «Ayazxan», «Hayal-qızlar patshalıǵı» hám t.b. ańızlar hám ertekler awızdan-awızǵa ótip usı kúnge shekem jetip kelgen.

Bul jaǵdaylar qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy mádeniyatınıń bayıwına folklorlıq miyraslardıń mazmunı hám muǵdarı jaǵınan kóbeyiwine unamlı tásirin tiygizgen.

Qaraqalpaqlar ruwxıy mádeniyatı menen bir qatarda óz ónerleri menen de tuwısqan xalıqlardan ózgeshelenip turǵan.

Bulardan qaraqalpaqlardıń jasaǵan qara úylerin aytsa boladı. Qaraqalpaq qara úyleri qazaqlardıń, túrkmenlerdiń hám noǵaylardıń qara úylerine qaraǵanda ózine tán ózgeshe-liklerge iye bolǵan. Ásirese bul ózgeshelik qara úy aǵash-larınıń formasında hám naǵıslarında anıq kóringen.

Qaraqalpaqlar óziniń kiyimleri menen de basqa xalıq-lardan ajıralıp turǵan. Qaraqalpaqlardıń erleri de hayallar sıyaqlı sırtqı kiyimleri uzın, etegi dizeden tómen túsip júre-tuǵın bolǵan. Bul sırtqı kiyimlerden qıs kiyimi tondı qara-qalpaqlar qoy terisinen isleytuǵın bolǵan. Bunda qoy terisi-niń júni ishke, al terisi sırtqa qaratılıp tigiletuǵın bolǵan. Shapan — bul da sırtqı kiyimlerdiń biri bolıp, ol paxtadan, al shekpendi túyeniń júninen isleytuǵın bolǵan. Ayaqları-na mal terisinen islengen etik kiygen, baslarına jas qoydıń terisinen júnin sırtına qaratıp tigilgen bas kiyim (shógirme) kiygen.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwindegi tariyxıy watanı qay jerde ekenligin aytıp beriń?
2. Qaraqalpaqlardıń xalıq retinde qáliplesiwin izertlegen alımlardan kimlerdi bilesiz?
3. Qaraqalpaqlardıń qáliplesiwinde uytqı rolin atqarǵan ruw hám qáwimler birikpelerin kórsetiń?
4. Qaraqalpalardıń ruwlıq kestesin dúzip shıqqan alım kim?
5. Pesheneg hám oǵuz qáwimleriniń bas kiyimleri qanday formada bolǵan?
6. Qaraqalpaqlar qashan hám ne sebep Aral boylarınan basqa jaqlarǵa kóshken?
7. Volga boylarına qaraqalpaqlardıń bir bólimi qashan kóship barǵan?
8. Sırdárya boylarına qaraqalpaqlar qashan hám qay jerlerden kó-ship barǵan?
9. Xorezmniń arqa bóliminde qaraqalpaqlar qaysı xalıq penen birge jasaǵań?
10. XV ásirdegi qaraqalpaqlardıń qanday dástanların bilesiz?

11. Qaraqalpaqlardıń XIV ásirde qanday muzıkalıq ásbapları bolǵan?
12. Qaraqalpaqlardıń XVI ásirdegi turaq jayları, kiyimleri haqqında ne bilesiz?

## §2. XVII—XVIII ásirlerde qaraqalpaqlar

XVI ásirdiń aqırında Ámiwdáryanıń ańǵarı shıǵıs tárepke óziniń eski ańǵarına qaray ózgeriwi menen házirgi Qaraqalpaqstannıń arqa aymaǵında xalıqtıń jasawına qolaylı jaǵdayı payda bolıp, bul aymaqtıń tábiyatı diyqanshılıq ushın qolaylı qálipke keledi. Sol sebepli bul aymaqlarǵa qaraqalpaqlar hám kóshpeli ózbekler kelip ornalasa baslaydı.

XVII ásirdiń ortalarına kelip Ámiwdáryanıń ayaq beti, Aral átirapında toplanıp qalǵan xalıqtıń sanı kóbeyip úlken siyasiy kúshke aylandı. Olar ózlerin «arallılar» dep ataǵan. Arallı ózbekler ózleriniń ruwlıq dúzilisi boyınsha qaraqalpaqlardıń ruwlıq dúzilisine sáykes keliwshi qıpshaq, mańǵıt, keneges, qońırat sıyaqlı iri ruwlardan turǵan. Arallılar dep atalıwınıń mánisi olar Aral teńizi tárepte Xorezmniń arqa aymaǵında jasaǵan. Sol dáwirde bul aymaq Aral teńiziniń atı menen «Aral wálayatı» dep atalǵan. Bul arallılar XVII ásirdiń ortalarınan baslap Xorezm mámleketiniń siyasiy islerinde belgili orın tutqan.

Abulǵazı usı arallılardıń áskeriy kúshi menen 1645-jılı Xiywa qalasın iyeleydi.

1714-jılı arallılar Xiywa xanı Yadgar xanǵa baǵınıwdan bas tartıp, qaraqalpaqlar xanı Eshmuxammedti Aral xanlıǵın basqarıwǵa shaqıradı. Biraq onıń xanlıq etiwi uzaq dawam etpeydi. 1714-jılı Xiywa taxtına Sherǵazı xan otırǵan soń, Eshmuxammed Araldan ketiwge májbúr boladı. Arallılar Sherǵazı xannıń xanlıǵın moyınlawǵa májbúr boladı. 1723-jılı arallılar Sherǵazı xanǵa qarsı kóteriliske shıǵadı. Kóteriliske Shaxtemir basshılıq etedi. Urıslar barısında Sherǵazı xan óltiriledi. Onıń ornına Elbars xan boladı. Shaxtemir Xiywa taxtın iyeley almaydı. Arallılar jeńilip, Elbars xannıń húkimdarlıǵın moyınlaydı.



Xiywa xanı Abulǵazı (1644—1663).

XVII ásirdegi Volga hám Ural boyı qaraqalpaqları bul dáwirdegi sol aymaqtaǵı siyasiy shólkem bolǵan Noǵay birikpesiniń quramına kirgen. Bul jerde XVI ásirdiń aqırında Noǵay mırzası Ismayldıń áwladları arasında hákimiyat ushın talaslardıń barısında Noǵay mırzası Ormanbet biy óltirilgennen keyin, hákimiyat ushın óz ara urıslar kúsheyip ketedi.

Moskva mámleketiniń patshası Boris Godunov noǵaylar birikpesin saqlap qalıw maqsetinde bul urıslardı toqtatıwǵa háreket etedi. Ol XVII ásirdiń basınan baslap noǵay mırzası Tınaxmettiń áwladı Esterek Mırzanıń Ullı noǵay birlespesiniń basqarıwshısı bolıwına járdem beredi.

Esterek hákimiyat basına kelgennen keyin de kóp waqıtqa shekem óz ara urıslar toqtamadı, sonıń menen birge Ullı Noǵay ordası burınǵısınsha Azov hám Kuban, Kaspiy hám Terek dáryaları aralıǵında kóship, qonıslanıp júrgen. Kishi Noǵay ordası Qazı ordası menen úzliksiz urıslar júrgizip turıwǵa májbúr bolǵan. Sebebi, Esterek Qazı ulısına qarsı atlanıslar jasawǵa Moskva húkimeti aldında minnetli bolǵan. Usınday jaǵdaylarda 1613-jılı noǵaylar Xo-Urluk basshılıǵındaǵı qalmaqlardıń topılısına duwshar boladı. Bul birinshi atlanıstan noǵaylardıń ázziligin sezgen qalmaqlar Volga hám Ural dáryalarınıń ayaǵın XVII ásirdiń 30-jılları tolıq iyelep, noǵaylardan tartıp aladı. Jaylaw jerlerinen ayrılǵan noǵaylardıń kópshilik bólimi batısqa qaray, Volganıń Qırım tárepki jaǵalarına ótiwge májbúr boladı. Olar Qırımǵa, Qara teńiz jaǵalarına, Dneprge shekemgi aralıqtaǵı dalalıqlarǵa kóship ornalasadı.

Noǵaylardıń bir bólimi qalmaqlardıń qol astında qalǵan bolsa, bir bólimi shıǵısqa qaray kóshedi.

Usılayınsha qalmaqlardıń qısımı tiykarında Ullı Noǵay birlespesi tarqap ketedi. Noǵaylardıń «Altı ul» ulısı bul waqıtta Uraldıń shıǵıs tárepinde—Aral teńizi jaǵalarında mákanlaǵan.

Noǵay birlespesi qulaǵannan keyin onıń quramınan bólinip shıqqan qaraqalpaqlar kóp waqıtlarǵa shekem qalmaqlarǵa hám ruslarǵa qarsı urıslar júrgizgen. Tariyxıy dereklerde XVII ásirdiń 70-jıllarda ruslardıń Kama dáryasınıń átirapındaǵı jerlerdi iyelep alǵanlıǵına qarsı bashqurt xalqınıń kóterilisinde qaraqalpaqlar da belsene qatnasqan. Bunnan sońǵı XVII ásirdiń aqırına tuwra keletuǵın jazba dereklerde qaraqalpaqlar qazaqlar menen birlikte Tyumen volostı aymaqlarına atlanıs jasaǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar.

Qaraqalpaqlardıń bir bólimi XVII ásir dawamında Volga hám Ural boyların jawlap alǵan qalmaqlarǵa hám óziniń shegarasın shıǵısqa qaray keńeytip kiyatırǵan Rossiyaǵa qarsı urıslar alıp barǵan. Bul urısta qaraqalpaqlar hám qazaqlar bashqurtlar menen birlikte háreket etken. Olar usı júrgizgen urısları arqalı ózleriniń jaylawların qaytarıp alıw, qalmaqlardı Volga hám Ural boylarınan quwıp shıǵıw, olarǵa járdem berip turǵan ruslardıń shıǵıs shegaralarındaǵı kúshin ázziletiwdi aldına maqset etip qoyǵan.

XVII ásirde qaraqalpaqlardıń Sırdárya boylarında, Túrkstan aymaǵında jasaǵanlıǵı haqqında jazba maǵlıwmatlar kóplep ushırasadı. Bunday maǵlıwmatlarǵa sáykes qaraqalpaqlar XVII ásirdiń ortarında Sırdárya átirapındaǵı xanlıqlardıń siyasiy islerinde belsene qatnasadı.

Bul haqqında Orta Aziya xanlıqlarınıń XVII ásirdegi belgili tariyxshısı Muxammed Yusuf Munshi tárepinen kóplegen maǵlıwmatlar jazıp qaldırılǵan. Onıń «Muqimxan tariyxı» atlı tariyxıy shıǵarmasında XVII ásirdegi Buxara xanlıǵınıń siyasiy islerine qaraqalpaqlardıń qızǵın túrde aralasqanlıǵı tuwralı xabar etiledi. Bul maǵlıwmatlarǵa

sáykes Buxara xanı Baxi Muxammed dáwirinde 1605-jılı qaraqalpaqlar basqa xalıqlar menen birge Buxara xanlıǵına qarsı kóteriliske qatnasqan. Buxara xanı Imamqulı 1611-jılı Túrkstan hám Qarataw átiraplarına, Buxara shegaraları-na jaqınlap qalǵan, qaraqalpaqlarǵa hám qalmaqlarǵa qarsı atlanıs jasaǵan.

Usınday maǵlıwmatlar Xiywa xanı Abulǵazı tárepinen de jazıp qaldırılǵan. Ol XVII ásirdiń 20-jılları Xabash Sultan Xiywa xanlıǵındaǵı siyasiy gúresler barısında Xiywadan qa-shıp shıǵıp, Sırdárya boylarında jasap atırǵan qaraqalpaqlar arasına barǵanlıǵı haqqında jazadı.

Bulardan basqa usı dáwirde XVII ásirdiń 20-jılları Tashkent xanı Tursın xannıń mámleketi quramında qa-raqalpaqlardıń jasaǵanlıǵı haqqında da maǵlıwmatlar bar. Tursın xan qazaq xanı Esim xan tárepinen 1628-jılı óltiril-edi. Usı Túrkstandaǵı siyasiy waqıyanı esitken Buxara xanı Imamqulı xan áskerleri Esim xanǵa qarsı atlanıs barısın-da Esim xandı óltiredi. Bul waqıyadan soń qaraqalpaqlar Buxara xanlıǵına baǵınıshlı bolǵan.

XVII ásirdiń 2-yarımında Túrkstan qaraqalpaqları hám qazaqları Buxara xanlıǵına baǵınıshlı bolǵanlıǵı haqqında Buxaraǵa kelgen rus elshisi Boris Pozuxin, 1671-jılı jazıp qaldırǵan. Bul rus elshisiniń maǵlıwmatına qaraǵanda Túrkstan qaraqalpaqları hám qazaqları Buxara jerlerinde de ushırasadı, olardıń sanı kem degende 150 mıńnıń shaması. Olar Buxara xanlıǵında isenimli, áskeriy kúsh bolıp 50 mıń shamasında ásker jıynay alatuǵın bolǵan. Qaraqalpaqlar ulısı Buxara xanlıǵına tiyisli bolǵanlıǵı sebepli olar ásker berip turıwǵa minnetli bolǵan.

Bulardan basqa qaraqalpaqlardıń XVII ásirden baslap XVIII ásirdiń aqırına shekem Ullı taw átirapında jasaǵan-lıǵı haqqında, olardıń XVII ásirdiń aqırında Tawke xanǵa baǵınıshlı bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar.

Ulıwma alǵanda, Sırdárya átirapında jasaǵan qaraqal-paqlardıń XVII ásirlerdegi tariyxı haqqındaǵı maǵlıwmatlar XVII ásirde Sırdárya qaraqalpaqları siyasiy jaqtan ekige bólingenligin kórsetedi. Birinshi bólimi Buxara xanlıǵına, al ekinshi bólimi qazaq xanlıǵına baǵınıshlı bolǵan.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Xiywa xanlıǵın baǵındırıwǵa erisken Buxara xanları haqqında aytıp beriń?
2. XVII—XVIII ásirlerde Xiywa xanlıǵınıń ne sebep sırt el mámleketleri menen qatnasıqları keskin bolǵan?
3. Xiywada tek 5—6 kún ǵana xan bolǵan xandı anıqlań?
4. Xiywa xanlıǵı tariyxın jazıwǵa baslama salǵan tariyxshı Xiywa xanı kim?
5. Qashan Ullı Noǵay birlespesi qulatıladı?
6. Volga boyı qaraqalpaqları XVII ásir dawamında kimlerge qarsı urıslar alıp barǵan?
7. Qaraqalpaqlardıń Sırdárya boylarında jasaǵanlıǵı haqqında qanday maǵlıwmatlardı bilesiz?
8. Rus elshisi Boris Pozuxin XVII ásirdiń ekinshi yarımında Buxara xanlıǵına Túrkstan qaraqalpaqlarınıń qatnasları haqqında qanday maǵlıwmatlar jazıp qaldırǵan?
9. XVII ásirde qaraqalpaqlardıń Ullı tawda jasaǵan bólimleri haqqında aytıp beriń.

## §3. XVIII ásirdiń birinshi yarımındaǵı siyasiy waqıyalar. XVIII ásirdegi Qaraqalpaq-Rossiya qatnasıqları

XVIII ásirde Orta Aziya xalıqlarınıń tariyxıy rawajlanıwına úlken tásir jasaǵan Orta Aziya aymaǵında júdá úlken kóplegen waqıyalar bolıp ótken. Bul waqıtta qaraqalpaqlardıń Buxara, túslik Aral boyı hám Ural átiraplarında jasap atırǵan bólimleri menen Sırdárya boylarında jasap atırǵan qaraqalpaqlar tıǵız baylanıslar jasap, usı Sırdárya qaraqalpaqları dógereginde jámleniw qubılısları payda boladı. Biraq bul aqırına jetpey irkinishke ushıraydı. Bunıń irkinishke ushırawında 1723-jılı Jonǵar qalmaqlarınıń Sırdárya boylarına topılısı sebep bolǵan.

Bul waqıtta qaraqalpaqlardıń óz aldına xanlıǵı bolǵan. Bul xanlıqtıń basında Esim xan (Eshmuxammed) turǵan. Esim xan mámleketiniń aymaqları Sırdáryanıń ayaǵı hám Volga boyı qalmaqları, bashqurt ulısları hám Qazaq xanlıqları menen shegaralas bolǵan. Jonǵar qalmaqlarınıń basıp




XVIII ásirdegi Aral iyeligi hám Sırdárya qaraqalpaqları.

alıwshılıq topılısınan qutılıw maqsetinde Esim xan 1722-jılı Rossiya menen doslıq qatnas dúziwge háreket jasaǵan. Biraq bul háreketler dónip kiyatırǵan qáwipten qaraqalpaqlardı saqlap qala almaydı.

1723-jılı jonǵarlar qazaqlardı úlken soqqıǵa ushıratıp, olardı úsh tárepke qaray kóship ketiwine májbúrleydi.

Bul soqqıǵa Sırdárya qaraqalpaqları da duwshar bolıp, olar da ekige bólinip ketedi. Olardıń bir bólimi Sırdáryanıń tómenine qaray Aral teńizi tárepke, al bir bólimi Sırdáryanı boylap joqarı qaray Tashkent hám túslik batıs tárepke jılısıwǵa májbúr bolǵan.

Usılayınsha Sırdárya boylarında qaraqalpaqlardıń burıńǵı jasap atırǵan ornı Sırdáryanıń orta jaǵalıqları jonǵarlar tárepinen basıp alınıwı menen Sırdárya qaraqalpaqları joqarı hám tómengi bolıp ekige bólinip ketedi. Qaraqalpaqlardıń bir toparı jonǵar mámleketiniń qaramaǵında Sırdárya boylarında qalǵan.

Olardıń birqanshası Ili dáryasınıń boyına, jonǵarlar mámleketiniń aymaǵına kóshirilgen.

Joqarǵı qaraqalpaqlar jonǵarlardıń soqqısı menen olardıń geypara bólimi Ferǵana oypatlıǵına kóship barıp ol jerde otırıqshı xalıq penen aralasadı.

Tómengi qaraqalpaqlar bolsa Sırdárya tómenine qaray jılısıp ol jerde qazaqlardıń kishi júz xanlıǵı menen qońsılas, olardan siyasiy ǵárezli jaǵdayda jasaǵan.

Bul qazaqlardıń kishi júz xanlıǵı jonǵarlardıń topılısınan qáwiplenip, Rossiya menen qatnastı kúsheytiwge háreket etedi. Usı qazaqlardıń kishi júz xanlıǵına qaraslı bolǵan tómengi qaraqalpaqlar da Rossiya menen jaqın qatnasta bolǵan.

Arallı qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdegi tariyxı Xiywa xanlıǵı, ásirese arallı ózbeklerdiń turmısı menen tıǵız baylanıslı. XVIII ásir dawamında Xiywa xanlıǵında jasawshı xalıqlar kóplegen siyasiy waqıyalardı basınan keshirgen.

Arallı ózbekler etnikalıq kelip shıǵıwı, dástúri, kásibi, mádeniyatı jaǵınan qaraqalpaqlarǵa oǵada uqsas. Olar kóp waqıtlar dawamında Xiywa hákimshiligine qarsı turıp ózlerinen, qaraqalpaqlardan yamasa qazaqlardan xan kóterip, Xiywa xanlıǵınan ǵárezsiz mámleket bolıwǵa umtılǵan.

Olar 1714-jılı Xiywa xanı Yadgarǵa baǵınıwdan bas tartıp, qaraqalpaqlardıń xanı Eshmuxammedti Aral xanlıǵın basqarıwǵa shaqıradı. Eshmuxammed (Esim xan) Aralda qısqa waqıt bolsa da Aral xanı bolıp turǵan. Ol diyqanshılıq júrgiziw maqsetinde jańa jerlerdi ózlestirip, birqansha ilajlar júrgizgen. Házirgi Qaraózek rayonı aymaǵındaǵı Esimjap usı qısqa waqıt Aral xanı bolıp turǵan qaraqalpaqlar xanı

Eshmuxammedten qalǵan estelik. Onı sol Eshmuxammed qazdırǵan.

Arallı qaraqalpaqlar hám ózbekler XVIII ásirde usınday siyasiy waqıyalardı basınan keshirgen hám usı waqıyalarǵa belsene qatnasqan. XVIII ásirdiń ekinshi yarımında Sırdárya boyındaǵı tómengi qaraqalpaqlardıń bir bólimi arallı qaraqalpaqlarǵa kóship kelip qosıla baslaǵan. Bulardıń kóship keliwi XVIII ásirdiń 40-jıllarınan baslanǵan. Sırdáryanıń boyındaǵı tómengi qaraqalpaqlar menen qazaqlardıń kishi júzi xanlıǵı ortasındaǵı urıslar sebep bolǵan.

Qaraqalpaqlar menen Rossiya ortasındaǵı qarım-qatnasıqlar qaraqalpaq xanı bolǵan Eshmuxammed waqtında birqansha dárejede janlanǵan. Ol Rossiya imperatorı Petr I menen awqam dúziw arqalı sol dáwirde qaraqalpaqlarǵa jonǵarlar tárepinen dóngen qáwipten qutılıwǵa umtılǵan.

Qaraqalpaqlarǵa juwap retinde qaraqalpaqlar arasına 1721-jılı Rossiyadan D. T. Vershinin basshılıǵında elshiler keledi. Olardıń maqseti birinshiden, qaraqalpaqlar arasındaǵı rus tutqınların tutqınnan azat etip, Rossiyaǵa qaytarıw bolsa, ekinshiden qaraqalpaqlardı rus patshalıǵı quramına ótkeriw bolǵan. Bul háreketler haqıyqıy nátiyjege erise almaydı.

Qaraqalpaqlar 1725-jılı taǵı da óz elshisin Rossiyaǵa jiberip, usı elshileri arqalı Rossiya menen qatnasıqtı jaqsılawǵa háreket etedi. Olardıń jazǵan xatlarında qaraqalpaqlardıń Ufa qalasında bashqurtlar hám qalmaqlar menen qatnasıqlardı jaqsılaw tuwralı shártnama dúzgenligi bayanlanadı.

XVIII ásirdiń 20—30-jıllarında qazaqtıń kishi júz xanı Abulxayır Rossiya menen siyasiy baylanıslar ornatıwǵa belsendilik penen kirisken. Bunda Rossiya mámleketiniń járdemi arqalı qazaq dalasına hújim etip atırǵan jonǵarlardıń topılısınan óz xanlıǵın aman alıp qalmaqshı bolǵan Abulxayır xan Sankt-Peterburqa birneshe mártebe óziniń elshilerin jiberedi.

1731-jılı Abalxayır xanǵa M. Tevkelev basshılıǵında Rossiya elshileri kelgen. Bul dáwirde Abulxayır xan

basshılıq etken qazaqtıń kishi júziniń otırǵan aymaqları qaraqalpaqlarǵa júdá jaqın bolǵan. Sonlıqtan M. Tevkelev qaraqalpaqlar arasında da bolıp, qaraqalpaqlar menen sóylesiwler júrgizgen. M. Tevkelev hár kúngi kórgen-bilgenlerin jazıp barǵan. Bul kúndeliklerdi oqıw arqalı qaraqalaq xalqı tuwralı kóp maǵlıwmatlar bilemiz.

1730—1740-jılları Sankt-Peterburg qalasına kóplegen qaraqalpaq elshileri kelip, Rossiyanıń basshıları menen sóylesiwler júrgizgen. Biraq bul sóylesiwlerden heshqanday juwmaq shıqpaydı. Qaraqalpaq jerleri sırtqı topılıslardan qutıla almadı. Jonǵar basıp alıwshılıǵı jonǵar mámleketiniń 1750-jıllardıń ortalarında Cin imperiyasi tárepinen qıyratılǵanǵa shekem dawam ete berdi.

Qaraqalpaqlar Rossiyaǵa arqa súyewine qaramastan olardan heshqanday járdem ala almaydı. Abulxayır xan qaraqalpaqlarǵa shabıwıl jasap, 1740-jılları olardı búlginshilikke ushıratqan. Qaraqalpaqlar usı jawgershiliktiń sebebinen óz otırǵan jerlerin taslap, ol jerden kóshiwge májbúr bolǵan. Bul tuwralı qaraqalpaq xalqınıń jırawı Jiyen jırawdıń «Posqan el» poemasında jır etilgen.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. XVIII ásirdiń basında qaraqalpaqlardıń xanı kim bolǵan?
2. XVIII ásirdiń basında Xiywa xanlıǵın qanday dinastiya basqarǵan?
3. Xiywa xanlıǵınıń siyasiy islerinde salmaqlı rol atqarǵan Muxammed Ámin Xiywa xanlıǵında qanday lawazımdı iyelegen?
4. Nadir shax qashan Xiywa xanlıǵın jawlap alǵan?
5. Xiywa xanlıǵı Irannan ǵárezli bolǵan dáwirde Xiywada qaysı ruwlardan shıqqan inaqlar basqarıp turǵan?
6. XVIII ásirde Rossiya qanday koloniallıq siyasat júrgizgen?
7. Bekovich—Cherkasskiy basshılıǵındaǵı áskeriy ekspediciya qanday koloniallıq maqsette shólkemlestirilgen hám aqıbeti qanday bolǵan?
8. Qaraqalpaqlar jerlerinde jonǵar basıp alıwshılıǵı qay waqıtqa shekem dawam etti?

## §4. Qaraqalpaqlardıń arallı ózbekler hám qazaqlar menen qatnasıqları, mámleketshiligi

Qaraqalpaqlar menen arallı ózbekler óziniń kelip shıǵıwı, ruwlıq dúzilisi, tili, dástúrleri jaǵınan bir-birine jaqın tuwısqan xalıqlar bolıp esaplanadı. Olar menen qaraqalpaqlar bárhama dos, aǵayinlik qatnasıqlarda jasaǵan.

XVII ásirde arallı ózbekler Ámiwdáryanıń tómengi boylarında jasaǵan bolıp, olardıń quramına birneshe ruwlar: qońırat, mańǵıt, qıpshaq, xoja eli hám basqa da birqansha mayda ruwlar hám qáwimler kirgen. Olardıń birqanshaları Aral teńiziniń jaǵalarında jasaǵan. Olar ózleriniń Xiywa xanlıǵınan birqansha uzaqlıǵınan paydalanıp Xiywa xanlarına baǵınbay óz aldına ǵárezsiz el bolıwǵa háreketler qılǵan. Olar waqtı-waqtı Xiywa xanlarına qarsı siyasiy gúresler júrgizip turǵan. Arallılar arasında Xiywa xanınıń siyasatına qarsı bolǵan geypara adamlar Xiywa xanlarınıń jazasınan qashıp, Sırdárya boylarına qaraqalpaqlar arasına barǵan. Usınday siyasiy waqıyalar barısında arallılar ózleriniń xanların kóterip turǵan. Olardıń geyparaları óz elinde bekkemlesip, sońınan Xiywa xanlıǵında xan taxtın iyelegen. Olardıń biri Abulǵazı xan XVII ásirdiń 40-jıllarında Xiywanıń belgili xanı bolǵan edi. Sherǵazı xannıń arallı ózbeklerge qarsı shólkemlestirilgen hújimleri waqtında Sherǵazı xan Aral teńiziniń túslik shıǵıs bóleginde jasawshı qaraqalpaqlarǵa da qarsı shabıwıllar jasaǵan. Olar bul dáwirde arallı ózbekler menen sıbaylas, qońsılas jasap, arallılarǵa járdem beriwge háreket jasaǵan. Sonıń ushın Xiywa xanı olarǵa qarsı mıńnan aslam áskerler jibergen. Bul shabıwıldıń nátiyjesinde qaraqalpaqlar ózleriniń otırǵan jerin taslap Sırdárya tárepke kóshiwge májbúr bolǵan.

Bul qayǵılı tariyxıy waqıyalar tuwralı Xorezm tariyxın jazıp barǵan shayır hám tariyxshı Shermuxammed Munis óziniń «Ferdausi il-iqbal» kitabında jazıp qaldırǵan.

Petr I diń elshisi bolǵan Florio Benevenidiń bergen maǵlıwmatlarına qaraǵanda qaraqalpaqlar menen arallılar

arasında tuwısqanlıq baylanıslar bolǵan. Qaraqalpaqlardıń basshısı menen arallı ózbeklerdiń xanı bolǵan Shaxtemir ortasında aǵayinlik baylanıslar bolǵan.



Xiywa tariyxshısı Munis.

Qaraqalpaqlar arallı ózbekler menen birge sırtqı basıp alıwshılarǵa qarsı azatlıq gúreslerge belsene qatnasqan. Xiywa xanlıǵın Iran shaxı Nadir basıp alǵan dáwirlerinde onıń tariyxshısı bolǵan Muxammed Qazıydıń bildiriwi boyınsha Xiywa xanlıǵı armiyasınıń quramında Nadirge qarsı urısta qaraqalpaqlardıń da qatnasqanlıǵın jazadı. Bul maǵlıwmat boyınsha qaraqalpaqlar Xiywa xanı Elbarstıń armiyasınıń quramında xızmet etken. Xiywa xanlıǵın Nadir shax áskerleri jawlap alǵannan sońǵı dáwirlerde qaraqalpaqlar Nadir shaxqa áskerler jetkerip turıwǵa minnetli bolǵan. Arallılar hám qaraqalpaqlar hár qaysısı 6 mıńnan ásker jıynap Nadir shaxqa ákelgen. Bul haqqında Nadir shaxtıń tariyxshısı bolǵan Muxammed Qazıy jazıp qaldırǵan. Onıń shıǵarmalarında qaraqalpaqlardıń aymaqları tuwralı kóplegen maǵlıwmatlar bar.

Qaraqalpaqlar menen arallı ózbekler arasındaǵı baylanıslar XVIII ásirdiń ekinshi yarımnda da dawam etedi. Arallı ózbekler Xiywa xanlarına qarsı bolǵan. Olardıń bul gúresinde arallılar bárhama qaraqalpaqlardıń járdemine súyengen.

Qaraqalpaqlardı arallılardıń naǵız awqamlası ekenligi tuwralı Xorezm xanlarınıń tariyxın jazǵan Munis Shermuxammed ulı óziniń shıǵarmalarında atap kórsetken. Ámiwdáryanıń shıǵıs tárepinen aǵıp Aral teńizine quyıp turǵan Kókózek boyında otırǵan kóp sandaǵı qaraqalpaqlar


Xiywa tariyxshısı Agahiy.

menen arallı ózbekler ortasında tıǵız baylanıslar ornatılǵan. Kókózek dáryasınıń átirapında XVIII — XIX ásirlerde qaraqalpaqlardıń gúllengen diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq penen shuǵıllanatuǵın úlken xojalıq orayları júzege keledi.

Bul dáryanıń boyında «Aqjaǵıs» atı menen belgili bolǵan úlken elatta jasaǵan. Qaraqalpaqlar menen Qońırat ózbekleri arasında kúshli siyasiy-ekonomikalıq baylanıslar payda bolǵan. «Aqjaǵıs» atı menen belgili bolǵan qorǵan házirgi Taxtakópir rayonınıń aymaǵında elege shekem saqlanıp, onı xalıq «Aydosqala» dep ataydı.

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxı aral ózbekleri menen birge Xiywa xanlıǵı menen tıǵız baylanısta rawajlanıp otırǵan. Olar erte waqıtlardan-aq Xiywa xanlarınıń siyasiy islerine belsene aralasqan. Tariyxıy dereklerde birneshe qaraqalpaq tóreleri Xiywada xan bolǵanlıǵı haqqında aytıladı. Olardıń biri XVIII ásirdiń ekinshi yarımında Xiywada xan bolǵan Abdulla sultan tuwralı, onıń qaraqalpaq tórelerinen ekenligi, Gúrlen qalasında xan bolıp otırǵanlıǵı tuwralı aytıladı. Sonday-aq, qaraqalpaq tórelerinen Yadgardıń Xiywada xan etip saylanǵanlıǵı tuwralı maǵlıwmatlar jazılǵan. Bunday maǵlıwmatlardıń bolıwı álbette, bul dáwirde qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵınıń siyasiy islerine aralasıwınan derek beredi. Bul joqarıdaǵı qaraqalpaq xanlarınıń hesh qaysısı da Xiywa xanlıǵında haqıyqıy kúshke hám hákimiyatqa iye bola almaǵan. Solay bolsa da, bul dáwirde qaraqalpaq Xiywa qatnasıqlarınıń birqansha dárejede bolǵanlıǵınan derek beredi.

Xiywa xanlıǵı dáwirinde jazılǵan tariyxıy kitaplarda qaraqalpaqlar Muxammed Amin inaqtıń yawmıt shawdırlar menen bolǵan urıslarında belsene qatnasqanlıǵı tuwralı jazılǵan. Solardıń arasında Qıtay ruwınan Qurbanbay biy, Qońırat ruwınan Esengeldi máhrem hám Ǵayıp bahadır óziniń áskerleri menen urısta qatnasqan.

Qaraqalpaqlar ózleriniń áyyemgi watanı bolǵan Xorezm jurtın «Besqala» dep ataǵan. Olar Ámiwdárya boylarında diyqanshılıq, sharwashılıq hám balıqshılıq penen shuǵıllanǵan. Olardıń ruwxıy mádeniyatı, ádebiyatı bir-birine ótken. Qaraqalpaqlar bul jerde qala mádeniyatın qurıwǵa belsene qatnasqan. Olardıń Shımbay yamasa Shaxtemir, Qońırat, Xojeli hám basqa da qalaları bolǵan.

XVIII ásirdiń aqırında hám XIX ásirdiń basında qaraqalpaqlar Xiywa xanlarınıń alıp barǵan ishki siyasatına ózleriniń pikirlerin bildirip otırǵan. Tariyxıy dereklerdiń kórsetiwi boyınsha Xiywa xanları sonıń ishinde Muxammed Ámin inaq waqtında qaraqalpaqlar biylerine úlken húrmet-izzet kórsetilgen. Solardıń biri qaraqalpaq tariyxında úlken tulǵa bolǵan Aydos biy Xiywa xanları menen dáslepki waqıtları usınday qatnasıqlarǵa iye bolǵan.

XVIII ásirdiń ortalarında tariyxıy jaǵdaylar, ásirese qazaqtıń kishi júziniń xanı Abulxayırdıń qaraqalpaqlarǵa shólkemlestirgen úlken shabıwılı nátiyjesinde qaraqalpaqlardıń bir toparı Jańadárya boylarına qaray kóshiwine sebepshi bolǵan. XVIII ásirdiń 40-jıllarında qazaqtıń kishi júzi xanı Abulxayır xan jonǵarlardıń topılısınan qáwiplenip, Rossiya qol astına ótpekshi boladı. Usı máhálde kishi júz xanınan siyasiy ǵárezli bolǵan tómengi qaraqalpaqlar da Rossiya qol astına ótpekshi boladı. 1743-jılı Peterburgta bolǵan qaraqalpaq elshileri tuwralı Rossiya patshasına baǵınatuǵın boladı. Óziniń qol astındaǵılardan ayırılıwdı qálemegen Abulxayır xan salıq tólemedi degen sıltaw menen qaraqalpaqlarǵa shabıwıl jasaydı. Bul shabıwıl qaraqalpaqlar ushın úlken shıǵınlarǵa alıp keledi. Usı topılıs nátiyjesinde baslanǵan urıslar izbe-iz dawam etken. Tariyxıy dereklerde-

gi maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda qaraqalpaqlarǵa qazaqtıń tek ǵana kishi júziniń xanı Abulxayır shabıwıl jasap qalmastan, orta júziniń xanları da úzliksiz shabıwıllar jasap otırǵan. Olardıń biri Abılay xan 1746—1747-jılları qaraqalpaqlarǵa taǵı da úlken shabıwıl jasaǵan. Qazaq ilimpazı Shoqan Walixanovtıń aytıwı boyınsha qaraqalpaqlardıń bir toparın Abılay xan Talas dáryasınıń boyına kóshirip, diyqanshılıq penen shuǵıllanıwǵa májbúrlegen.

Usı urıslardıń aqıbetinde «tómengi qaraqalpaqlardıń» bir toparı «joqarǵı qaraqalpaqlarǵa» barıp qosılǵan. Negizgi kópshilik bólegi Jańadárya hám Quwandárya boylarına barıp aralasadı. Olar ol jerlerde jasap, diyqanshılıq, sharwashılıq, ańshılıq penen shuǵıllanǵan. XVIII ásirdiń ortalarında qazaqlar arasında bolǵan feodallıq urıslar qaraqalpaqlardıń táǵdirine de unamsız tásir etti. Olardıń otırǵan awıllarına bárhama qazaq feodallarınıń áskerleri shabıwıl jasap otırǵanlıǵı tuwralı kóplegen tariyxıy derekler bar.

Qaraqalpaqlar óz aymaqların qazaq feodallarınan qorǵawda arallı ózbekler menen til biriktirip, bir awqam bolıp gúres alıp bardı. Rossiya derekleriniń bergen maǵlıwmatları boyınsha 1762-jılǵı qazaq feodallarınıń qaraqalpaqlarǵa islegen shabıwılında 20 mıńǵa jaqın qazaqlar qatnasqan. Olar qaraqalpaqlardıń Sırdárya boyında otırǵan awılların qıyratqan.

Úzliksiz dawam etken bul urıslardıń juwmaǵında qaraqalpaqlar birneshe bólimge bólinip, bir bólimi Jańadárya boylarına, bir bólimi Joqarǵı qaraqalpaqlar tárepke kóship qonıslasadı. Kóshiwge qurbı jetpegenler Sırdárya boylarında qazaqlar arasında jasap qalǵan.

Rus jazba dekleriniń kórsetiwinshe bunday qaraqalpaqlardıń sanı birneshe mıńdı quraǵan.

Jańadárya boylarındaǵı qaraqalpaqlar qıyın jaǵdaylarda keń maydan jerlerdi diyqanshılıq rayonına aylandırdı. Bul jerlerge olar uzın kanallar, jap-salmalar, úlken atızlar qurdı. Burınǵı eski qalalardı qayta qurdı. Olardıń qaldıqları elege shekem saqlanıp tur. Bul jerde kóplegen qala mádeniyatınıń

izleri saqlanǵan. Olardan Orınbayqala, Buzıqqala hám basqa da qalalar sol dáwirdiń tariyxıy estelikleri sıpatında belgili.

Jańadáryada qaraqalpaqlar aymaqlıq jaqtan qońsılas arallılar menen tikkeley baylanısta bolǵan. Arallılar qaraqalpaqlardıń qazaqtıń kishi júz xanlıǵı menen júrgizgen gúresinde járdem berip, qaraqalpaqlar awqamlası bolǵan. XVIII ásir aqırı XIX ásir baslarında qaraqalpaq jerleri pútkil Quwandárya menen Jańadárya basseynlerinen Ámiwdáryanıń tómengi jaǵına shekemgi aralıqtı óz ishine aladı. Biraq bunda xalıqtıń mákan basqan jerleriniń orayı — Jańadárya oypatı bolǵan.

Usı dáwirde qaraqalpaqlar siyasiy jaqtan ǵárezsiz mámleket sıpatında jasaǵan. Olar qońsılas kishi júz xanlıǵı yaki Xiywa xanlıǵınıń ekewine de baǵınıshlı bolmaǵan. Olarǵa qarsı gúres júrgizgen.

Xalıq birneshe ruwlarǵa bólinip, bul ruwdı biyler basqarıp turǵan. Hárbir ruw geyde qáwim birlespesi birge jasaǵan. Hárbir awıldıń qashı shabılıp, qorshalǵan qorǵanı bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdiń ekinshi yarımında Jańadárya boylarında jasaǵanlıǵı tuwralı Rossiya sayaxatshısı Mendiyar Bekchurinniń júrgizgen kúndeliginde kóplegen maǵlıwmatlar jazıp qaldırılǵan.

Jańadárya boylarındaǵı qaraqalpaqlar qazaq feodallarınıń topılıslarına ushırap otırǵan. Xalıqtıń pútinligin, birligin hám azatlıǵın saqlap qalıw ushın qaraqalpaqlar arasınan Nurtay, Qosnazar, Maman hám basqa da kóplegen xalıq batırları jetisip shıqqan. Olardıń atları xalıqtıń yadında saqlanıp qalǵan hám shejirelerge kirgen.

Qaraqalpaq xalıq shayırı Berdaqtıń «Shejire»sinde Nurtay hám Qosnazar batırlardıń qazaq feodalları menen urıs júrgizgenligin hám Jańadárya boylarında qala salǵanlıǵın jazǵan bolsa, rus knyazı Potemkinge jazılǵan 1786-jılǵı xatta Nurtay degen adamnıń Buxaradan kelip, Quwandárya boyında qala salıp óz aldına mámleket qurǵanlıǵı tuwralı jazılǵan.

Berdaq shayır óziniń «Shejire»sinde Nurtay tuwralı yoshlı qatarlar jazıp qaldırǵan. Onıń basıp alıwshılar qolınan nabıt bolǵanlıǵın jazıp, qaraqalpaq tariyxında Jańadárya dáwirinde belgili adamlar «Oymawıt-Maman, Orınbay, Nurtaydan soń bolǵan eken» dep jazadı. Qaraqalpaq batırı hám Jańadáryada qaraqalpaq xanı bolǵan Nurtay haqqında tariyxıy derekler «Shejire»de oǵada kóp.

Sonıń menen birge Jańadárya dáwirinde qaraqalpaq basshılarınıń arasında Orınbay biy atı da belgili bolıp, onıń saldırǵan qalasınıń qaldıqları elege shekem Jańadárya hám Quwandárya boylarında saqlanıp tur.

Ámiwdárya boyları menen Jańadárya jaǵaları bul waqıtta suw jolı menen de baylanısqan edi. Qaraqalpaqlardıń qońırat ruwına kirgen qáwimleri bul dáwirde Ámiwdárya boylarında, eski Kókózek boyların mákan etip diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq hám ónermentshilik penen shuǵıllanıp, Xiywa xanları menen tıǵız baylanıslar ornata baslaǵan. Qaraqalpaqlardıń Jańadáryada otırǵan toparınıń bir bólegi Xorezmge qaray kóshiwdiń tárepdarları bolǵan. Olar Xiywa xanlarınan jer alıp, óz awılları menen kóship kele baslaǵan.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Dáslep Aralda, soń Xiywada xan bolǵan Xiywa xanın anıqlań.
2. Arallılar hám qaraqalpaqlar hár qaysısı Nadir shaxqa qansha ásker jıynap bergen?
3. Muxammed inaq dáwirinde siyasiy islerge hám óz áskerleri menen Xiywa qaramaǵında kimler urıslarǵa qatnasqan?
4. Qaraqalpaqlar Jańadárya hám Quwandárya boylarına qaysı dáwirden baslap ornalasqan?
5. Qaraqalpaqlar XVIII ásirdiń 40—60-jılları kimlerge qarsı urıslar alıp barǵan?
6. Qaraqalpaq xalqınıń mámleketshilik tariyxında Nurtay batır, Qosnazar batır, Maman batır sıyaqlı batırları bolǵan. Olar qanday shıǵarmalarda sáwlelengen?
7. Jańadárya boylarında qaraqalpaqlardıń qanday qalaların bilesiz?

## §5. Qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdegi jámiyetlik turmısı, xojalıǵı. Qaraqalpaqlardıń turmısı hám mádeniyatı

Qaraqalpaqlar XVIII ásirdiń 40-jıllardaǵı tariyxıy hújjetlerdiń kórsetiwi boyınsha birqansha ruwlardan ibarat bolǵan. Qaraqalpaqlar arasında bolǵan belgili rus sayaxatıshısı D. Gladishev qaraqalpaq ruwlarınıń birqanshasın atap kórsetedi. Olardıń bergen maǵlıwmatı boyınsha qaraqalpaqlar arasında: qońırat, múyten, jalayır, xoja, qıtay, keneges, mańǵıt, qıpshaq, úysin, yabı, qıyat, hám t.b. ruwlarınıń barlıǵın bildiredi.

XIX ásirdegi tariyxıy hújjetlerden belgili bolıwınsha, qaraqalpaqlardıń quramında on tórt ruw ataması menen belgili bolǵan ruwlar bolıp, oǵan qıtay, qıpshaq, mańǵıt hám kenegesler kirgen. Bul ruwlardıń on tórt ruw atı menen atalıwı olardıń Xiywa xanlıǵındaǵı ózbekler menen baylanısınıń nátiyjesinde bolǵan. «On tórt ruw» ataması menen belgili bolǵan ruwlar ózbekler quramında XVII ásirden Xiywa xanı Abulǵazı zamanında-aq belgili bolǵan.

XIX ásirdiń ekinshi yarımındaǵı maǵlıwmatlar boyınsha «On tórt ruw» quramına qıpshaq ruwı da kirgen. Hárbir ruwdıń basında biyleri bolǵan. Biylerdiń hákimiyatı atadan balaǵa ótip otırǵan. Biylerdiń abıroyı qaraqalpaqlarda júdá joqarı bolǵan. Solar menen birge qaraqalpaqlar turmısında xojalar, shayxlar, seyidler, abızlar úlken húrmetke iye bolǵan. Abızlar óz zamanınıń sawatlı, bilimli adamları bolǵan.

Tariyxıy hújjetlerge sáykes qaraqalpaqlar arasında xanlıq hákimiyat bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar oǵada kóp. Xanlardıń atları tiykarınan olardıń óz xalqı atınan júrgizgen kóplegen diplomatiyalıq jumıslarǵa qatnasıwları nátiyjesinde dúzilgen hárqanday hújjetlerde keltirilgen. Ózbekler, qazaqlar hám basqa da Orta Aziya xalıqları sıyaqlı qaraqalpaqlarda da xanlıq hákimiyatı áyyemgi dáwirlerden baslanǵan.

XVIII ásirdegi hújjetlerdiń birinde qaraqalpaqlar arasında Kushuk xannıń bolǵanlıǵı tuwralı maǵlıwmatlar bar.

XVIII ásirdiń hújjetleri arasında qaraqalpaqlardıń sultanlarınıń biri Taburshak sultan hám onıń Xiywa xanlıǵınıń islerine aralasqanlıǵı tuwralı jazılǵan.

1709-jılǵı hújjet boyınsha Taburshak sultannıń balası Qayıp sultan bar. Sonıń menen birge qaraqalpaqtıń xanı bolǵan Írıs Muxammed (Rısmambet) tuwralı aytıladı.

1722-jılǵı hújjetler boyınsha qaraqalpaqlardıń xanı Ishim Muxammedtiń atın kóremiz. Ol rus imperatorı Petr I menen xat alısqan sawda baylanısın ornatqan.

XVIII ásirdegi qaraqalpaqlardıń turmısında jawgershilikler kóp bolıp turǵan. Sonlıqtan da qaraqalpaqlarǵa qońsı mámleketlerden kóplegen tutqınlar túsken. Bul tuwralı kóplegen tariyxıy hújjetler saqlanǵan. Bular negizinen urıs bendeleri bolıp, olardıń kópshiligin ruslar, qalmaqlar hám basqa da «musılman emes» adamlar quraǵan. Urısta qolǵa túsken tutqınlar baylıq sıpatında sanalıp, ádette ruw yaki qáwimniń basshılarına tapsırılǵan. Qaraqalpaqlardaǵı qullar basqa xalıqlardaǵıday úy xızmetlerinde paydalanılǵan. Qaraqalpaqlar arasındaǵı qullardıń geypara ózgeshelikleri bolǵan. Olar óz xojeyinlerinen erkinlikke shıǵıp, hátte sol jerlerde úylenip qalǵan. Qaraqalpaqlar arasında XIX ásirde qul awılları bolǵanlıǵı tuwralı aytıwǵa boladı. Olar keyinala jergilikli xalıqlar menen aralasıp sol jerdiń tilin hám dástúrin qabıl etken.

**Diyqanshılıq**. XVII ásirdiń ekinshi yarımınan baslap qaraqalpaqlardıń bir bólegi Sırdáryanıń teńizge quyatuǵın tómengi hám orta aǵımında jasaǵan. Olardıń otırǵan jerleri eń áyyemgi waqıtlardan baslap diyqanshılıq ushın qolaylı qunarlı jerler bolǵan. Olar (qaraqalpaqlar) bul jerdegi úlken qalalar átirapında jasap diyqanshılıq, sharwashılıq, ónermentshilik hám basqa da xojalıqtıń túrleri menen shuǵıllanǵan.

XVIII ásirdiń birinshi yarımında rus sayaxatshıları D. Gladishev hám N. Muravin qaraqalpaqlardıń arasına kelip, olardıń diyqanshılıq penen shuǵıllanatuǵınlıǵın atap kórsetken. Olar batpaqlıq jerlerdi qurǵatıp úlken irrigaciyalıq

jumıslar júrgizgen. Jańadárya hám Quwandárya boylarında qurılǵan kóp sanlı irrigaciyalıq qurılıslardıń bolǵanlıǵın kóplegen sayaxatshılar jazıp qaldırǵan.

Qaraqalpaqlar Sırdáryanıń eki tárepinde de jasap diyqanshılıq etken. Olar bul jerde ǵálle (biyday) arpa, tarı, salı hám basqa da eginler ekkenligin, óndirilgen ǵálleden óz talapların qanaatlandırıw menen birge, awısqanların qońsı qazaqlarǵa malǵa almastıratuǵınlıǵın atap kórsetken.

Qaraqalpaqlardıń eń áyyemgi dáwirden baslap kún kórisiniń biri sharwashılıq penen baylanıslı bolǵan. Sharwashılıqqa qolaylı bolǵan jerler Sırdáryanıń hám Ámiwdáryanıń tómengi eteklerinde oǵada kóp bolǵan. Qaraqalpaqlar otırıqshı turmıs keshirgenlikten úlken aymaqlarǵa kóship-qonıp júre almaǵan. Sonlıqtan da olar qıs aylarına kerekli bolǵan ot-shóp negizlerin tayarlawı kerek bolǵan. Sırdárya boylarında, Aral teńizi jaǵalarında qalıń qamıs hám pishenlerge tolı jerler oǵada kóp bolǵan. Sonlıqtan mallardıń eń tiykarǵı azıǵı olar ushın qamıs bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń ata-babalarınıń eń jaqsı kórip asıraǵanı iri qara mal bolǵan. Qara mal olar ushın azıq-awqat sıpatında ashlıqtan saqlaǵan. Sonıń menen birge olardıń xojalıǵında qoylar hám eshkiler bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń turmısında at ósiriw úlken áhmiyetke iye bolǵan. Atlardı xojalıq júrgiziwde, transportta, áskeriy maqsetlerde keńnen paydalanǵan. Atlardı arbalarǵa qosıp, kólik maqsetinde paydalanǵan. Sonıń menen birge úy xojalıǵında esheklerden de paydalanǵan. Qaraqalpaqlarda sonlıqtan at arba, eshek arba dep atalǵan arba túrleri keńnen saqlanǵan.

Qaraqalpaqlarda XVII—XVIII ásirlerdegi ónermentshilik jaǵdayları tuwralı maǵlıwmatlar júdá az hám geypara dereklerde qarama-qarsı. 1698-jılǵı hújjetlerdiń kórsetiwi boyınsha qaraqalpaqlar Sırdáryanıń tómenindegi qalalarda jasap, olardıń ózleri tárepinen qorǵasın, mıs, selitra óndirip shıǵarǵan. Basqa bir hújjetlerde rudalardı eritiw hám dárilerdi islep shıǵarıw Buxaradan kelgen tutqınlar tárepi-

nen ámelge asırıladı dep jazılǵan. Qaraqalpaqlar otırǵan aymaqlarda, atap aytqanda Qaratawda áyyemgi dáwirlerden-aq qorǵasın islep shıǵaratuǵın orınlar bolǵan. XVIII ásirde jasap ótken Rossiyanıń belgili mámleketlik ǵayratkeri I. Kirillov Sırdáryanıń boylarında qaraqalpaqlar qazaqlar menen birge bul jerdegi tawlardan qorǵasın óndirip shıǵarǵanlıǵın hám olardan oqlar quyǵanlıǵın aytqan. Qaraqalpaqlardıń bul dáwirde hám onnan burında da Sırdárya boyındaǵı áyyemgi qalaları bolǵan. Túrkstan, Sıǵnaq, Sayram qalaları menen baylanısta bolıwı olardıń turmısında ónermentshiliktiń rawajlanıwına úlken jaǵday jasaǵan. Sebebi, bul qalalar orta ásirlerde belgili óner-kásip orayları bolıp, Orta Aziyanıń Samarqand, Buxara, Xiywa hám basqa da qalaları menen bekkem baylanısta bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń ónermentshilik islerinde kiyiz basıw, gilem toqıw, keste, bas kiyimi tigiw sıyaqlı isler kóp bolǵan. Ásirese teri iylep, bılǵarı jasap, onnan hár túrli zatlar er turmanların islegen. Sonday-aq, aǵash ustaları, temir ustaları bolǵan. Olar xalıqqa zárúr bolǵan kerekli zatlardı islegen.

Qaraqalpaqlar arasında bul dáwirde sawda qatnasıqları háwij ala baslaǵan. Sawdagerler tuwralı awızeki xalıq dóretpelerinde kóplegen maǵlıwmatlar saqlanǵan. Sawda xojalıq turmısın kóteriwde úlken áhmiyetke iye bolǵan. Olar XVIII ásirde Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa hám t. b. qalalar menen sawda islegen. Olar otırǵan aymaqlardan sawda kárwanları Rossiyaǵa, Qıtayǵa hám basqa da ellerge ótip turǵan. Rossiya tárepinen Orenburg sawda liniyasınıń qurılıwı bul qalanıń Orta Aziya arqalı sawda qatnasıǵınıń artıwına alıp kelgen. Endi Orta Aziyadan Orenburgqa sawda kárwanları tez-tez jiberilip turılǵan. Qaraqalpaqlar usı qolaylı jaǵdaydan paydalana bildi hám bunıń ayqın mısalı etip 1722-jılǵı mıń túyeden ibarat bolǵan sawda kárwanın jibergen. Bul kárwan sol waqıttaǵı siyasiy jaǵdaylarǵa baylanıslı jolda irkilgen. Usı jılı kárwanlardıń elshileri Rossiyaǵa kelip, eki el arasında sawda baylanıslarınıń qáwipsizligin támiyinlewge erisedi.

Qaraqalpaqlar ózleriniń óndirgen zatları menen birge olar buxaralı sawdagerlerdiń arasında dáldálshilik xızmetin de orınlaǵan. Ásirese, olar Buxara hám basqa qalalarda óndirilgen qural-jaraqlardı alıp satqan.

Qaraqalpaqlar hám qazaqlar arasındaǵı sawda baylanısları XVIII ásirde kúshli bolǵan. Qazaqlarda sharwashılıq túrleri: qoy ósiriw hám túyeshilik bolsa, al qaraqalpaqlarda: diyqanshılıq hám iri qara mal ósiriwshilik bolǵan. Bul jaǵday qazaqlar menen qaraqalpaqlardıń xojalıq zatlarınıń almasıwın talap etken hám eki xalıq arasında sawda baylanıslarınıń kúsheyiwine alıp kelgen.

Qaraqalpaqlar arasında bul dáwirde islam dini Xojaaxmet Yassawiy táliymatları keń taralǵan. Meshit medreseler qurılǵan. Xojalardıń roli kúsheygen. Islam dini menen birge zardushtiylik dini qaldıqları saqlanǵan.

XVIII ásirdegi qaraqalpaqlardıń kiyim-kenshekleri házirgi qaraqalpaqlardıń kiyimlerinen ayırım ózgesheliklerge iye bolǵan. Ol dáwirde qaraqalpaqlar basına qoy terisinen júnin sırtına qaratıp tigilgen bas kiyim kiygen. Bul bas kiyimler shógirme yamasa qurash dep atalǵan. Ilimpazlardıń aytıwına qaraǵanda qaraqalpaqlar usınday bas kiyim kiygenligi sebepli «qaraqalpaqlar» dep atalǵan. Bul bas kiyimlerden basqa «taqıya» dep atalǵan bas kiyim bolǵan. Olar óziniń ózgesheligi menen basqa xalıqlardıń kiyimlerinen ayırılıp turǵan. Ústki kiyimlerden kóylek, ishtan bózden toqılǵan gezlemeden islengen. Shekpen túye júninen, shapan paxtadan islengen. Qıstıń kúnleri qoy terisinen tigilgen ton kiyetuǵın bolǵan. Bul dáwirde hayal-qızlar kiymeshek dep atalǵan kiyim kiyetuǵın bolǵan. Kiymeshek bul júdá sulıw etip bezelgen, aldı betinde kelinshektiń beti turatuǵınday ashıq bolǵan. Qızıl tawardan tigilgen kiymeshekti turmısqa shıǵıp atırǵan qız óziniń ákesiniń úyinde tayarlap, kúyewiniń awılına kelgen waqıtta kiyetuǵın bolǵan. Qızlar turmısqa shıǵaman degenshe basına sáwkele kiyip júrgen. Biraq sáwkeleni hámme emes, al tek ǵana baydıń qızları kiyetuǵın bolǵan. Hayal-qızlar kóbinese qızıl hám kók túrdegi kóy-

leklerge qızıǵatuǵın bolǵan. Bunday kiyimler tiykarınan bóz tawarlardan tigilgen.

Bul dáwirde qaraqalpaqlar arasında folklorlıq shıǵarmalar úlken áhmiyetke iye bolǵan. Xalıq toy-merekelerde hám basqa da jiyınlarda folklorlıq miyraslardı aytıw arqalı kewil kótergen. Bunday folklorlıq shıǵarmalardan ańızlar, dástanlar, ertekler, qosıq hám tolǵawlar, naqıl hám maqallar, jańıltpashlar, hár qıylı aytıslar, kúldirgi sózler bulardıń barlıǵı xalıqtıń ruwxıy azıǵı bolǵan. Usı folklorlıq miyraslar arqalı xalıq jas áwladqa óziniń dástúrlerine sáykes tárbiya bergen. Ańız hám dástanlar, ertekler túrinde xalıqtıń tariyxı atadan-balaǵa berilip kelgen. Ásirese xalıqtıń tariyxın úyreniwge úlken itibar berilgen. Hárbir adam óziniń ruwın, jeti atasına shekemgi babalardıń kim ekenligin biliwi shárt bolǵan. Hár ruwdıń shejiresi bolǵan. Shejireshiler hárqanday adamnıń babalarınıń kim ekenligin hám olardıń qanday adam bolǵanlıǵın aytıp beretuǵın dárejede maǵlıwmatqa iye bolǵan.

Xalıq arasında baqsılar úlken húrmetke iye bolǵan. Xalıqtıń arasındaǵı hárqanday toy-merekeler baqsılardıń qatnasıwında ótkerilgen. Hárqanday baqsı sol dáwirdegi xalıqqa belgili bolǵan namalardı duwtarda atqarıp, dástanlardı hám xalıq qosıqların keshten baslap tań atqansha tınbastan, bir qosıqtı eki márte qaytalamastan aytatuǵın bolǵan. Jırawlar da bul dáwirde úlken abırayǵa iye bolǵan. Jırawlar qobızdıń namasına salıp xalıq arasındaǵı dástanlardı tásirli túrde atqaratuǵın bolǵan. Bul dáwirde jırawlar Alpamıs, Edige, Qoblan, Qırq qız t.b. dástanlardı xalıq arasında keńnen jırlaǵan. Qaraqalpaqlardıń arasındaǵı tolǵawlar tiykarınan jırawlardıń atqaratuǵın qosıqlarınan bolıp esaplanǵan.

**Jiyen jıraw Amanlıq ulı (1730—1784).** XVIII ásirdegi belgili bolǵan ataqlı jırawlardıń biri, qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli wákili. Ol qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan talantlı shayırlardıń biri. Onıń shıǵarmaları biziń kúnimizge shekem awızsha túrde jetip kelgenligi sebepli onıń shıǵarmalarınıń az ǵana bólimi bizge miyras

bolıp qalǵan. Onıń bizge jetip kelgen tolǵawları «Posqan el», «Ullı taw» poemalarınıń mazmunı Jiyen jırawdıń tereń oylı, sheber sózli shayır ekenligin kórsetedi.

Ol óziniń shıǵarmaları arqalı óziniń jasaǵan dáwirindegi xalıqtıń awır táǵdirine dártles bolıw arqalı xalıqtı jigerli bolıwǵa jeteleydi. Onıń «Posqan el», «Ullı taw» shıǵarmaları xalıqtıń basınan keshirgen jawgershilik azapların súwretleydi. Bul shıǵarmaları tariyxıy waqıyalardıń táriyipleniwi tariyxıy derek retinde búgingi áwlad ushın oǵada áhmiyetli.

Ol zamanında qaraqalpaq dástanı Edige, Qoblan, Alpamıs, Qurbanbek, Qırq qız dástanların xalıq arasında jırlaǵan. Ilimpazlardıń pikirine qaraǵanda «Qırq qız» dástanı dáslebinde «Gúlayım» dástanı dep atalǵan. Onı xalıq añızları XVIII ásirde bolǵan qalmaqlar shabıwılı hám Nadir shax basıp alıwına qarsı xalıq gúresi hám óziniń fantaziyası tiykarında Jiyen jıraw dóretken.

Jiyen jıraw Qaraqalpaqstan aymaǵında, Ózbekstannıń Samarqand, Buxara jerlerinde jırawshılıq etken. Onıń qábiri eski Kókózek boyında Qabaqlı ata qoyımshılıǵında saqlanǵan. Onıń qábirine qaraqalpaq mádeniyatınıń iri wákili retinde respublikamız tárepinen estelik ornatılǵan.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Rus sayaxatshıları qaraqalpaqlarda qanday ruwlardıń bar bolǵanlıǵın kórsetedi?
2. Qaraqalpaqlardıń xanları haqqında ne bilesiz?
3. Qaraqalpaqlar Jańadárya boylarında qanday eginler ekken?
4. Ónermentshilik, sawda tuwralı qanday maǵlıwmatlar bar?
5. Qaraqalpaqlarda bul dáwirde islam dini menen birge qanday diniy isenimler saqlanǵan?
6. Qaraqalpaqlardıń qanday kiyimleri bolǵan?
7. Qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdegi dástanların atap ótiń.
8. Jiyen jırawdıń qanday tariyxıy shıǵarmaların bilesiz?

## §6. Qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵı quramında (1810—1873)

XVIII ásir dawamında Aral qaraqalpaqlarınıń sanı Sırdárya qaraqalpaqlarınıń kóship keliwi esabınan kóbeyip otıradı. Ásirese qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵı aymaǵına kóship ótiwi Xiywada XVIII ásirdiń aqırlarında qońıratlar dinastiyasına tiykar salınǵannan keyin kóbeydi. Dinastiya tiykarın salıwshı Muxammed Ámin inaq hákimiyattı qolǵa alǵan soń qaraqalpaqlardıń qońırat arısı ruwları Jańadáryadan Ámiwdáryanıń bir shaqabı Kókózektiń boylarına kelip ornalasadı.

Olar keliwden-aq Xiywa xanlıǵı siyasiy islerinde belsene qatnasadı. Muxammed Ámin inaq Xiywaǵa kelgen qaraqalpaqlardıń biylerin xoshametlew arqalı olardı siyasiy islerge tartıp, olardıń áskeriy kúshlerinen túrkmenlerge qarsı urısta paydalanǵan. Esengeldi biy, Qurbanbay biy, Amanqul biy hám Ǵayıp bahadırlar Muxammed Ámin inaqqa sadıq xızmet etken. Bulardan soń Aydos biy Xiywa xanlıǵına ruwlasları menen birge kóship keliwi menen Muxammed Ámin inaqqa xızmetke ótedi. Aydos Muxammed Áminniń quwatlawı menen Xiywa xanlıǵında jasawshı qaraqalpaqlardıń hákimi boladı. Xiywa xanlıǵında xızmet etiwshi qaraqalpaq biyleri ǵárezsiz jasap atırǵan Jańadárya qaraqalpaqların Xiywa xanlıǵı tárepinen baǵındırılıwına járdem beredi. Ásirese, bul islerde Aydos biy belsendilik kórsetedi. Ol bul isi menen bir jaǵınan xanǵa jaǵınsa, ekinshi jaǵınan ózine baǵınıshlı qaraqalpaqlardıń sanın kóbeytiwge qızıqqan.

Xiywa xanı Eltuzer dáwirinde qaraqalpaqlardı hám basqa da xalıqlardı Xiywa xanlıǵına baǵındırıp bir mámleket qurıw siyasatın júrgizgen. Xiywa xanları qaraqalpaqlardı xanlıqtıń ishki islerine aralastırıwǵa úlken háreketler islegen. Olardı hár túrli sıylıqlar menen sıylıqlaǵan. Olarǵa hár túrli joqarı hámeller bergen.

Usı dáwirde Xiywa xanlıǵınıń siyasiy jaǵdayına tásir etken arallılardıń kóterilisi payda boladı. Oǵan kóteri-

listiń orayı, Qońırat hákimi Tóremurat suwpı basshılıq etedi. Olar ortasında urıs uzaq dawam etedi. Bul kóterilis Xiywa xanlığınıń birigip bekkem mámleketke aylanıwı ushın jigerli xızmet etken Xiywa xanı Muxammed Raxim xan (1806—1825) tárepinen bastırıladı. Muxammed Raxim xan 1806-jılı Tóremurat suwpıdan Qońırat qalasın tartıp alıwğa erisedi. Biraq Tóremurat suwpı Jańadárya qaraqalpaqlarınıń járdemi menen Qońırattı qaytadan iyeleydi.



Xiywa xanı Muxammed Raxim xan.

Tóremurat suwpınıń basshılığındağı arallılardıń Xiywağa qarsı gúresinde Jańadárya qaraqalpaqları quwatlap hár qıylı járdemler berip turadı. Sol sebepli, Xiywa xanı Muxammed Raxim xan Jańadárya qaraqalpaqların bağındırmay turıp, arallılardıń kóterilisin jeńiw múmkin emes ekenligin túsinedi. Usı maqsette olar Jańadárya qaraqalpaqlarına, onnan keyin Aral teńiziniń boyındağı qaraqalpaqlarğa qarsı áskeriy háreketler shólkemlestirgen. Muxammed Raxim bul islerdi ámelge asırıwda qaraqalpaqtıń basshı toparların óz tárepine qaratıwğa úlken háreketler islegen. Sonıń biri belgili qaraqalpaq biyi Aydos biy bul dáwirde Xiywa xanı Muxammed Raximge úlken járdem kórsetken. Ol Berdaq shayırdıń «Shejire»sinde aytqanınday qaraqalpaqlardıń bir bólimin Jańadáryadan kóshirip alıp keliwde Xiywa xanı Muxammed Raximge úlken járdem kórsetken.

Muxammed Raxim dáwirinde qaraqalpaqlarğa hám Aral boyında otırğan xalıqlarğa birneshe ret topılıslar uyımlastırıldı. Qaraqalpaq awılları at aldına salınıp neshshe júzlegen gúnasız adamlar Xiywa xanınıń láshkerleriniń aldında

qırǵınǵa ushıradı. Sonıń menen birge óziniń qol astındaǵı qaraqalpaqlar arasında óz hákimiyatın bekkemlewge úlken itibar beredi. Ózine baǵınıshlı qaraqalpaqlar arasında ústemlilikti bekkemlew maqsetinde XIX ásirdiń baslarında Aydos biyge Aqjaǵıs degen jerde Kókózektiń boyına qorǵan salıwǵa ruqsat etedi. Sońınan bul qala Aydosqala dep atalǵan. Bul qorǵan Xorezm oazisinen Jańadáryaǵa baratuǵın kárwan jol ótetuǵın jerde jaylasqan. Bul qorǵan Xiywa xanlıǵınıń arallılarǵa qarsı gúresinde áhmiyetli tirek bolsa, ekinshi jaǵınan Jańadárya qaraqalpaqlarına qarsı basqınshılıq bazasına aylanǵan.

Sol dáwirdegi waqıyalardı óziniń kózi menen kórgen tariyxshı Shermuxammed Munistiń jazıwı boyınsha Jańadárya boyında jasawshı qaraqalpaqlardıń qıtay ruwı Buxara ámiri Xaydardıń qarawına ótiwge ant berip, Xiywa xanınıń qaramaǵınan shıqtı hám baǵınıwdan bas tarttı. Olardı baǵındırıw ushın Xiywa xanı Qutlımurat inaqtı áskerleri menen jiberdi. Jańadárya qaraqalpaqlarınıń bir bólimi Xiywa xanlıǵı aymaǵına kóship ótiwi menen Jańadárya qaraqalpaqlarınıń áskeriy kúshi azayıp, bul jerdegi qaraqalpaqlardıń ázzilewine alıp keledi.

Jańadárya boyında negizgi qaraqalpaqlardıń on tórt ruwı, yaǵnıy qıtay, qıpshaq, keneges hám mańǵıt ruwlarınan quralǵan qaraqalpaq basshılarınıń Xiywa xanlıǵına ótiw máselesinde bir pikir bolmadı. 1807-jılı Xiywa áskeleriniń Jańadárya boyındaǵı qıtay ruwlarına jasaǵan atlanısınan soń Orınbay biy basshılıǵındaǵı birneshe mıń úyli mańǵıt ruwı Buxara puqaralıǵın aladı. Buxara ámiri bul qaraqalpaqlardı Xiywa xanlıǵı topılısınan qorǵaw maqsetinde ásker jibermeydi hám Orınbay biy 1809-jılı Muxammed Raxim xan topılısınan qáweterlenip, Xiywa puqaralıǵına qabıl etiwdi ótinish etiwge májbúr boladı. Jańadárya qaraqalpaqlarınıń jáne bir bólimi Maman biy basshılıǵındaǵı keneges ruwı, Esengeldi basshılıǵındaǵı bessarı ruwı, Toqtapolat biy basshılıǵındaǵı qıpshaqlar qazaq xanı Abdulǵazınıń qarawına ótpekshi boladı. Olar ózleriniń elshilerin qazaq xanı

Abulǵazıǵa jiberedi. Bunı esitken Xiywa xanı atlanıstı tezlestiredi. 1810-jılı 7-dekabrde xan Kókózektiń jaǵasına kelgende oǵan Orınbay biydiń elshileri kelip, Orınbay biydiń basshılıǵındaǵı qaraqalpaqlardıń mańǵıt hám qıpshaq ruwları Xiywa xanlıǵına baǵınǵanlıǵın bildiredi. Muxammed Raximxan olardıń tilegin qabıl alıp, olar Kókózek penen Shılpıq aralıǵındaǵı jerlerge qonıslasadı. Orınbay biy menen Erdan biyge Kókkóz biy de qosıladı hám óz biyligindegi qaraqalpaqlardı kóshirip alıp keledi. Qalǵan biyler Maman, Esengeldi hám Toqtapolat biyler Xiywa xanına baǵınbay, qazaq xanına qurallı járdem kórsetiwin ótinish etedi. Biraq olardıń ótinishi orınlanbay qaladı. 1810-jılı dekabr ayınıń aqırlarında Xiywa xanı úsh mıń áskeri menen baǵınbay atırǵan Jańadárya qaraqalpaqlarınıń bekinisine jetip keledi. Usı atlanısta qaraqalpaqlardan Aydos, Keshenek hám Orınbay biyler elshilik xızmetin atqaradı. Olar bul qaraqalpaqlardı Xiywa xanlıǵı quramına ótiwge hám ol jerdegi qaraqalpaqlarǵa qosılıwǵa úgitlegen. Usılayınsha bólingen soń qalǵan bólimi Xiywa xanlıǵı quramına ótedi. Muxammed Raxim xan Aydos biy menen Aymurza biylerge Jańadárya qaraqalpaqların baǵındırıwǵa kórsetken járdemi ushın sıylıq beredi. Al, Maman biyden basqa Jańadárya qaraqalpaqlarınıń biylerine óz ruwların basqarıw ushın jarlıq beredi. Maman tuwralı xalıq arasında júdá kóp tariyxıy maǵlıwmatlar bar. Olarda Maman biydiń ádilligin, sheshenligin, onıń el mápi ushın júrgizgen gúresleri tuwralı aytılǵan.

Solay etip, qaraqalpaqlardıń Jańadárya boyında otırǵan bólegi, Aral teńiziniń jaǵalarında, Ámiwdáryanıń eteklerinde otırǵan barlıq qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵınıń qaramaǵına ótti. Bul jaǵday Xiywa xanları tárepinen jawlap alıw nátiyjesinde bolsa da burınnan usı jerde jasap atırǵan qaraqalpaqlardıń da bir aymaqqa birlesiwinde áhmiyetli is boldı.

Qaraqalpaqlar menen awqamlas bolıwǵa talpınǵan Tóremurat suwpı Jańadárya hám Aral boyı qaraqalpaqlarınıń quwatlawınan ayırılıp qalǵan soń onıń áskeriy kúshi ázzilep qaladı. Birneshe mártebe atlanıslardan keyin

1811-jılı Qońırat qalası Muxammed Raximxan áskerleri tárepinen basıp alınǵan. Onnan keyin Tóremurat suwpı óltirilgen. Tóremurat suwpı arallı ózbeklerdi birlestirip, Qońırat qalasın bas qala etip óz aldına xanlıq qurıw ushın kóp waqıt hareket etken edi.

Jańadárya qaraqalpaqlarınıń Ámiw jaǵalarına Xiywa xanlıǵı quramına ótiwi menen Xiywa xanlıǵınıń bir orayǵa biriktiriliwi hám qaraqalpaqlardıń birigiwi iske asırıladı.

Xiywa xanlıǵında ústemlik etken xanlar qońırat dinastiyasınan shıqqan xanlar bolǵan. Xiywa qalası Ámiwdárya boylarındaǵı eń úlken tariyxıy qala bolǵan. XVIII—XIX ásirlerde qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵı menen tıǵız ekonomikalıq hám siyasiy baylanıslarǵa iye bolıp turǵan. XIX ásirdiń birinshi yarımında hám ortalarında Rossiya imperiyası Orta Aziya jerlerin áskeriy hám geografiyalıq jaqtan izertlewge úlken itibar berdi. Usı maqsetti ámelge asırıw ushın 1848-jılı Aral ekspediciyası shólkemlestirildi. Bunıń basshısı etip kapitan Aleksey Butakov tayınlandı. Onıń ekspediciyası Aral teńizin hár tárepleme izertlewge kiristi. Nátiyjede Aral teńiziniń kartası dúzildi. Kapitan Aleksey Butakov áskeriy ekspediciyası Aral teńizi jaǵaların súwret etip sızdı. Aral teńizi haqqında kóplegen maqalalar jazdı. Sonıń menen birge Sırdárya boyları da rus izertlewshileri tárepinen súwretke alınıp, bul jerlerdiń kartaları sızıldı.

XIX ásirde qaraqalpaqlardıń jámiyetlik dúzilisiniń tiykarın feodallıq hám patriarxallıq feodallıq qatnaslar quradı. Ruwshılıqtıń qaldıqları ele kúshli bolsa da, ruw óziniń dáslepki mánisin joytqan.

Qaraqalpaqlar tiykarınan diyqan xalıq bolǵanlıqtan, diyqanshılıq qaraqalpaqlar xojalıǵında baslı rol tutqan. Olar Xiywa xanlıǵı quramında Ámiwdáryanıń ayaǵında dáryanıń eki jaǵalıǵında ornalasqan. Dáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı qaraqalpaqlar Qońırat penen Xojeli aralıǵındaǵı Shomanay kanalınıń boyında, bir bólimi Qońırat qalası átirapında dárya jaǵalıǵında mákanlaǵan. Dáryanıń oń tárepindegi qaraqalpaqlar Kókózek, Kegeyli kanalları hám onnan tar-

maqlanǵan mayda japlar boylarında, Ámiwdárya jaǵasında, Qusxanatawdıń átiraplarına da jaylasqan.

Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵındaǵı qaraqalpaqlar elatınıń orayı Shımbay, al dáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı orayı Qońırat qalası bolǵan.

Shımbayǵa qaraqalpaqlardıń oń jaǵalıqtaǵı aymaǵınıń Ámiwdáryanıń teńizge quyar jerinen Sultan Ways tawǵa shekemgi bólimi tiyisli bolǵan. Qońıratqa Ógiz hám Qıyatjarǵan kanalları menen birge Ámiwdárya deltasınıń shep jaǵalıǵındaǵı barlıq aymaqlar kirgen.

Xalıq iri jer iyeleri, sharwalar, baylar, ekinshiden baylarda jallanıp xızmet etip kún kórgen kámbaǵallar bolǵan.

Xiywa xanlıǵında jer xanǵa tiyisli bolıp, onı qaraqalpaqlardıń ruw hám qáwimlerine xan tárepinen paydalanıwǵa berilgen dep esaplaǵan. Is júzinde bul jerlerdiń eń jaqsı bólimlerin qáwimlerdiń hám ruwlardıń basshıları ózlestirip alǵan.

Qaraqalpaqlar jasaǵan aymaqlar Xiywa xanlıǵındaǵı jerlerge iyelik etiw tártibine sáykes úsh formaǵa iye bolǵan: mámleketlik jerler, múlklik jerler, waqım jerler.

Mámleketlik jerler degende tiykarınan bul jerler mámleket tárepinen diyqanlarǵa ijaraǵa berilgen. Ijara tólemi retinde jerden óndirilgen ónimniń bir bólimi mámleketke ótkerilgen. Múlklik jerler degende bunda jer iyesiniń jeke múlki esaplanǵan. Waqım jerler degende meshit hám medreselerge yaki basqa da diniy mekemelerge sawǵa etilgen jerler túsiniledi.

XIX ásirde qaraqalpaqlar arasında lawazımlı adamlar: biyler, atalıqlar, beglerbegi, qazılar, raisler, muraplar, xan áskerinde xızmet etip kózge túskenler, sonday-aq diniy ruwxanıylar, molla, axun, iyshanlar iri jer iyeleri bolǵan.

Iri jer iyeleriniń kólemi sheklenbegen muǵdarda bolǵan. Mısalǵa, XIX ásirdiń ortalarında aǵabiy Erejeptiń 495 tanap jeri bolǵan. Usı menen bir waqıtta qarapayım diyqanlardıń jeri 1 — 2 tanap kóleminde bolǵan.

Jersiz diyqanlar da kóp bolǵan. Olar iri jer iyeleriniń jerinde diyqanshılıq etip jer iyesine ijara haqı tólegen.

XIX ásirdiń 1-yarımında qaraqalpaqlardıń hákimshilik eń joqarı lawazımı biy bolǵan. Biylik lawazımı xan tárepinen belgilengen. Biydiń wazıypasına óziniń biyligindegilerden salıq jıynaw, tartıs máselelerdi sheshiw, sud islerin alıp barıw isleri kirgen. Ruwlar hám qáwimler arasında tartıs, daw-jánjellerdi xannıń ózi sheshken.

Biyler óz ruwınıń ishinde aqsaqallar hám ruwdıń basqa da ataqlı adamları menen másláhátlesip keńesler ótkerip turǵan.

Biylerdiń arasınan shıqqan xanǵa sadıq el basqarıwda uqıplılıǵı menen kózge túsken biylerge xan tárepinen keń huqıqlar berilgen.

Qaraqalpaqlar arasında murap ta áhmiyetli xızmet atqaratuǵın lawazımlardan bolǵan. Ol diyqanshılıq ushın zárúrli bolǵan suwdı retlestirip beriwshi adam bolǵan. Ol jasalma túrde suwǵarıwǵa tiykarlanǵan diyqanshılıq penen shuǵıllanıwshı, suwı kemtar Qaraqalpaqstan jaǵdayında pútkil diyqanshılıqqa basshılıq etiw menen teń bolǵan. Qaraqalpaqlar arasında keńnen taralǵan maqalda «Ákeń murap bolǵansha—jeriń oy bolsın» dep muraplardıń áhmiyeti kórsetilgen.

Muraplar kanallardı tazalaw, suwǵarıw tarmaqların qurıw hám qayta dúzetiw islerine basshılıq etken.

Qaraqalpaqlar arasında sud islerin qazılar júrgizgen. Qazılar ádette joqarı bilimli adamlar arasınan belgilenetuǵın bolǵan. Qazılar menen raislar nızamlardıń orınlanıp barıwın, sonday-aq xalıq turmısında islam dini normalarınıń, sháriyattıń orınlanıwın baqlap barǵan.

Ruwxanıylar ulıwma xalıqtıń ruwxıy dúnyasınıń talaplarına xızmet etken. Xalıq arasında islam dininiń ideyaların taratqan.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Muxammed Ámin inaq hákimiyattı qolǵa alǵan soń qaraqalpaqlardıń qaysı ruwları Xiywa xanlıǵına kóship ótken?
2. Esengeldi biy, Qurbanbay biy, Amanqul biy hám Ǵayıp bahadırlar kimniń sadıq xızmetkerleri bolǵan?

3. Muxammed Ámin inaq kimdi quwatlap, Xiywa xanlıǵında jasawshı qaraqalpaqlardıń hákimi dárejesine kótergen?
4. XIX ásirdegi qaraqalpaqlar haqqında kóplep maǵlıwmatlar jazıp qaldırǵan Xiywa tariyxshısın anıqlań?
5. 1810-jılı dekabr ayınıń aqırlarında Xiywa xanı úsh mıń áskeri menen kimlerge hám qanday maqsette júris qılǵan?
6. Qońırat qalası qashan Muxammed Raxim áskerleri tárepinen basıp alınǵan hám Tóremurat suwpı óltirilgen?
7. Xiywa xanlıǵındaǵı jerlerge iyelik etiw tártibine sáykes qanday túrlerin bilesiz?
8. XIX ásirdiń 1-yarımında qaraqalpaqlardıń hákimshilik eń joqarı lawazımın anıqlań?
9. Qaraqalpaqlar arasında murap lawazımı qanday xızmet atqaratuǵın bolǵan?
10. Islam dini normaları — sháriyattıń orınlanıwın qanday lawazımlar arqalı baqlap barılǵan?
11. Jersiz diyqanlar qalayınsha tirishilik etken?
12. Mámleketlik jerler degende qanday jerlerdi túsinesiz?

## §7. Xalıqtıń xojalıq turmısı. Diyqanshılıq hám sharwashılıq

Qaraqalpaqlardıń turmısında diyqanshılıq xojalıqtıń eń baslı orınlarınıń birin iyelegen. Xalqımızdıń arasında: «Diyqanshılıq biri bes, sharwashılıq oǵan es» — degen sóz bar. Xalqımız ázelden dárya jaǵaların iyelep diyqanshılıq islep kúneltken.

Qaraqalpaqlar XIX ásirdiń birinshi yarımında úlken diyqanshılıq maydanların júzege keltirgen. Olar uzınlıǵı birneshe kilometrge jetetuǵın jańa kanallar qazǵan. Usı kanallar arqalı partaw jerlerge suwlar aparǵan. Qalıń toǵaylardı da jańa jap-salmalar qazıw arqalı jańa diyqanshılıq maydanlarına aylandırǵan, zúrááti kem, qurǵaq hám batpaqlıq jerlerdi keptirip hám islep, onı kelege keltirgen. XIX ásirde qazılǵan Shomanay hám Shańlı basıw kanalları usınday jańa jerlerdi ózlestiriwge arnap qazılǵan kanallardan bolǵan.

Jańa jerlerdi ózlestiriw islerine Xiywa xanları da úlken áhmiyet bergen. Muxammed Raxim xan dáwirinde

(1806—1825) eń úlken kanallardıń biri Qılısh-Niyazbay kanalı qurılǵan. Allaqulı xan (1825 — 1842), Seydmuxammed xan (1856 — 1864) dáwirlerinde de Qaraqalpaqstan jerlerinde kóplegen jańa irrigaciyalıq qurılıslar qurılǵan.

Qaraqalpaqlardıń turmısın kórgen sayaxatshılar olardıń júdá miynet súygishligi haqqında maǵlıwmatlar jazıp qaldırǵan. Olardıń maǵlıwmatlarına sáykes Qaraqalpaqstannıń arqa tárepinen baslap xanlıqtıń túslik tárepine shekemgi úlken kanallardı qurıwǵa qaraqalpaqlar da qatnasqan.

Ámiwdárya eteklerinde izertlew júrgizgen A. Kaulbarstıń maǵlıwmatı boyınsha hár kúni qazıw islerine 100 mıńday adam qatnasqan.

Bul dáwirde Ámiwdáryada suw júdá tasqın bolǵan. Suwdıń tek ǵana tamtarıslıǵı emes, al suw tasqınları da xalıqtı úlken sergizdanlıqqa ushıratıp turǵan. Hár jılı úlken apatshılıq alıp keliwshi jıqqınlar bolıp turǵan.

Usınday jıqqınlardıń biri 1859-jılı Shortanbayda júzege keledi. Bul jıqqınıń aqıbetinde bul jerdegi diyqanshılıq jerleri birneshe jıl dawamında suw astında qalǵan.

Usınday payda bolıp turǵan jıqqınlardıń hám suwsızlıqlardıń aldın alıw kóplegen miynetlerdi talap etken. Bul miynette, jańa kanallardı qurıw hám onı keńeytiw islerinde hárbir diyqan qatnasqan. Qazıwshılardıń qazıw múddeti bireki ayǵa shekem sozılatuǵın bolǵan.

Qaraqalpaq xalqınıń miynet súygishligi nátiyjesinde XIX ásirdiń birinshi shereginde birqansha diyqanshılıq maydanların dúzgen. Olardıń arasınan ásirese úsh diyqanshılıq oraydı atap ótiwge boladi. Olardan: Ámiwdáryanıń shep tárepindegi diyqanshılıq jerleri Qanlıkól dep atalıp, oǵan Lawzan, Shańlı basıw, Shomanay, Qıyatjarǵan jerleri kirgen. Ekinshisi, Ámiwdáryanıń oń tárepinde Shımbay qalasınıń arqa-batıs tárepinde Qusxanataw mákanı dúzilgen. Sonday úlken diyqanshılıq rayonlarınıń biri házirgi Taxtakópir hám Qaraózek rayonlarınıń aymaqlarınan aqqan Kókózek dáryası bolǵan.

Qaraqalpaqlardaǵı jerge iyelik etiw Orta Aziya xanlıqları, sonıń ishinde XIX ásirdegi Xiywa xanlıǵındaǵı jer iyelewshilik penen baylanıslı qáliplesip barǵan.

Jerlerdiń jeke adamlardıń qolında toplanıw jaǵdayı XIX ásirlerdiń ortalarında kúsheye baslaǵan. Jersiz qalǵan qaraqalpaq diyqanları iri jerlerge iye adamlarǵa barıp jerleriniń bir bólimin ijaraǵa alǵan. Bunday ijarashı qaraqalpaq diyqanlarınıń sanı kóbeyip barǵan. Máselen, geypara sayaxatshılardıń kórsetiwinshe Qońırattaǵı xan jerlerinde 300 xojalıq qaraqalpaqlar jumıs islegen.

XIX ásirdiń 50-jılları Xiywa xanlarınıń arxiv maǵlıwmatları boyınsha qaraqalpaqlar diyqanshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanǵan. Egislik, kóllik, shóp hám adır otlaq jerlerdiń muǵdarı 232603 tanap jerdi quraǵan.

Qaraqalpaqlar óz jerlerinde kóplegen dánli eginler ekken. Olardan eń kóp tarqalǵanlarınan biyday, arpa, salı, júweri, tarı esaplanǵan. Ásirese, qaraqalpaq jerinde biyday eginler maydanı kóp bolǵan. Qaraqalpaqlarda gúzlik biyday egiw dástúri keń rawajlanǵan. Mart aylarınan toń jibiwden baslap arpa egilgen.

Qaraqalpaqlar arasında eń kóp tarqalǵan eginniń túri júweri bolǵan. Júweriniń birqansha túrleri egilgen. Olardan boy júweri, nayman júweri keń túrde egilgen. Júweriniń dáninen xalıq awqat etip, al paqalınan qara mal ushın otjem retinde paydalanǵan.

Qaraqalpaqlar arasında salı júdá joqarı bahalanǵan. Salı tiykarınan dárya jaǵalarında, Aral teńizi boylarında suw mol jerlerde egilgen. Salı, ásirese Qońırat qalası átirapında kóplep egilgen. Qaraqalpaqlar arasında bolǵan rus izertlewshileri ózleriniń jazǵan kúndeliklerinde qaraqalpaqlarda salınıń rawajlanǵanlıǵı tuwralı jazıp qaldırǵan. Olardıń biri 1873-jılı qaraqalpaqlar arasında bolǵan injener A. Kaulbars Ámiwdáryanıń kóplegen salı atızların kórgen. Qońıratta bolǵan rus avtorı Danilevskiydiń aytıwınsha qaraqalpaqlar Pitnek qalasınan baslap Qońıratqa shekemgi aralıqta salı ekken. Qaraqalpaqlarǵa belgili salınıń birneshe sortı bolǵan.



Shıǵır.

Bulardan basqa dánli eginlerden tarı, sonday-aq másh, gúnji, ǵarbız, asqabaq, jambılsha, tárnek, piyaz, geshir hám basqa da dástúrli eginler ekken.

Ámiwdárya boylarında úlken baǵlar bolıp, olar negizinen qurǵın xojalıqlar, bay adamlardıń baǵları bolǵan. Bul baǵlarda alma, anar, erik, shabdal, ánjir, jiyde hám t.b. miywelerdiń túrleri ósirilgen. Baǵlarda miyweli aǵashlardan tısqarı turmıs ushın zárúr bolǵan hár túrli terekler egiletuǵın bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń mákanlasqan tábiyiy ortalıǵı diyqanshılıq ushın qolaylı bolıw menen birge sharwashılıq ushın da qolaylı. Dárya hám kanallar, salmalar boylarında Aral teńizi jaǵalarında, kóllerde pishenzarlıq hám basqa da mallar ushın juǵımlı ot-jem ósse, dalańlıqlar jantaq, sora, maysa h.t.b. shóplerge bay bolıp sharwashılıq ushın júdá qolaylı bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń sharwashılıǵınıń kóshpelilerdiń sharwashılıǵınan ayırmashılıǵı — bunda sharwashılıq diyqanshılıq penen qatar bir-biri menen baylanıslı júrgizilgen. Bunda iri qaramal ósiriw baslı orındı atqarǵan. Iri qara mallar diyqanshılıqta kúsh-kólik rolin atqarsa, ekinshi jaǵınan diyqanshılıq ónimleri — júweri paqalları — shińgirigi, biyday hám salı sabanı, jońıshqa — mallarǵa ot-jem ushın ósiril-

gen. Mallarǵa jem retinde júweri — arpa, sulı dánleri de berilgen. Qara mal ósiriwshilik tikkeley diyqanshılıq penen baylanıslı bolǵan.

Qaraqalpaqlar iri qara mallardı kúsh-kólik retinde paydalanıw menen birge olardıń sútin, góshin awqatlıq zat retinde paydalanǵan, terisinen ayaq kiyimler, qayıslar jasaǵan.



Ertlengen at.

Qaraqalpaqlar iri qara mal ósiriwshilik boyınsha Xiywa xanlıǵında baslı roldi atqarǵan. Olar qara maldı tovar retinde ishki bazarın toltırıp, Xiywa bazarlarına da shıǵarǵan. Qaraqalpaqlar ósirgen qara mallar iri hám qarıwlı bolǵanlıǵı sebepli Xiywa bazarında ótimli bolǵan.

Bulardan basqa qoy-eshki ósiriwshilik te keń taralǵan bolıp, bunı qara mal asıraw menen birge qatar alıp barılǵan. Qaraqalpaqlardıń jaylawı tar bolǵanlıǵı sebepli qoy-eshkini kóshpeli sharwalarǵa salıstırǵanda az ósirgen.

Bul dáwirde bay adamlar mallarınıń sanı kóp bolǵan, bir sıyırı da bolmaǵan xojalıqlar sanı da kóp edi.

Qaraqalpaqlarda jılqıshılıq ta keń taralǵan. Qaraqalpaqlar turmısında at eń qádirli múlk esaplanǵan. Hárbir xojalıqtıń óziniń atı hám eshegi bolǵan. Olar kúsh-kólik hám transport xızmetin atqarıw menen birge attıń sútin, góshin awqatlıq zat retinde paydalanǵan. Qaraqalpaqlarda atlardıń birneshe túrli tuqımları ósirilgen. Olardan: yabı, arǵımaq, bedew, buǵdal hám t.b.

Qaraqalpaqlar oyın zawıqlarda toy-merekelerde kewil kóteriw maqsetinde atlardı jarısqa salǵan, atlar mingen,

shabandozlar ılaq tartısqan. Júyrik atlardı basqa atlardan bólek, arnawlı adamlarǵa, seyislerge baqtırǵan.

Qaraqalpaqlar arasında túyeshilik te bolǵan, biraq olar az muǵdarda bolǵan. Túyeni barlıq xojalıqlar ósirmegen.

Qaraqalpaq sharwaları hár jılı xanlıqqa zakat tólegen.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Muxammed Raxim xan dáwirinde (1806—1825) qanday kanallar qurılǵan?
2. Xiywa xanlıǵındaǵı qaraqalpaqlar ne ushın turaqlı túrde jap hám kanallardı tazalap turǵan?
3. Qazıwshılardıń qazıw múddeti ádette qansha waqıt dawam etken hám jılına qansha qazıwshılar jetistirip beriwi kerek bolǵan?
4. Shomanay hám Shańlı basıw kanalları qashan qurılǵan?
5. Xiywa xanlıǵında hár kúni qazıwǵa neshe adam qatnasqan?
6. Qaraqalpaq xalqınıń miynet súygishligi nátiyjesinde neshe diyqanshılıq rayonları payda bolǵan?
7. Xalqımız qanday eginler ekken?
8. Qaraqalpaqlardıń sharwashılıǵında iri qara mal ósiriw qanday orın iyelegen?
9. Qaraqalpaqlarda jılqıshılıqtıń ornı tuwralı nelerdi ayta alasız?
10. Kurenler degen ne hám qanday kurenler tuwralı maǵlıwmatlar bar?
11. Eń bay adamlardıń mallarınıń sanı tuwralı qanday maǵlıwmatlarǵa iyesiz?

## §8. Balıqshılıq, ónermentshilik, sawda hám salıq sisteması

Qaraqalpaqlardıń turmısındaǵı eń áhmiyetli xojalıq tarawlarınıń biri balıqshılıq bolǵan. Qaraqalpaqlardıń XIX ásirdegi jasaǵan tábiyiy hám ekologiyalıq jaǵdayı balıqshılıqtıń rawajlanıwına keń múmkinshilik tuwdırıp bergen. Balıqshılıq penen Aral teńiziniń jaǵalarındaǵı kóllerde shuǵıllanıwǵa keń múmkinshilik bolǵan. Rus sayaxatshılarınıń bergen jazba maǵlıwmatlarına qaraǵanda hár jılı muz qataman degenshe Ámiwdárya boylap Aral boyı jerler-

inen Sharjaw tárepke qarap balıq salınǵan qayıqlar jiberilip turılǵan.

Qaraqalpaqlardıń negizgi awqatlarınıń bir qatarı balıqtan tayarlanǵan.

Balıqshılıq penen negizinen ózbekler, qaraqalpaqlar, qazaqlar shuǵıllanıp, olar kóbinese Ámiwdárya boylarındaǵı kóllerde, Aralda Moynaq, Terbenbes, Aqpetkey, Qaratereń, Tazbesqum, Ayırsha atawlarında jasawshılar bolıp, olar diyqanshılıq penen birge Erjanataw, Úrge, Qarajar hám basqa da kóplegen atawlar hám kóllerde balıqshılıq kásibin qatar júrgizgen. Olar ushın balıqshılıqtıń negizgi deregi Aral teńizi, Quwanıshjarma, Dáwqara, Qońırat, Qaratereń hám basqa da kóp sanlı orınlar hám kóller bolǵan.

Rus izertlewshisi I. N. Bogdanov Qaraqalpaqstan jerlerindegi birneshe balıqshılıq rayonların kórsetip beredi. Olardıń arasında Nókis hám Xojeliden baslap Ámiwdáryanıń eki jaǵası boylap Qıpshaqqa shekemgi jerler bar. Bul jerde júdá hasıl balıqlar bolǵan: súwen, jayın, sazan hám basqa da balıqlar awlanǵan. Ekinshi orın: Nókis qalasınan baslap Aral teńizine shekem, Aral teńiziniń ózi úlken balıqshılıq mákanı bolǵan. Sonday-aq, Úlken dárya, Kishkene dárya hám Tallıq. Ámiwdáryanıń bul bólegi balıqlardıń anası bolǵan. Úshinshi úlken balıqshılıq mákanı—bul Quwanıshjarma, Dáwqara, Qaratereń hám Jańasuw boyları, sonday-aq, balıqshılıqtıń orayları Qońıratkól hám Qaratereń bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń qıyat, qońırat, múyten ruwları, ásirese balıqshılıq penen kóbirek shuǵıllanǵan. Qaraqalpaq shayırlarınıń shıǵarmalarında, xalıq dástanlarında hám ańızlarında balıqshılıqqa baylanıslı júdá kóplegen maǵlıwmatlar bar. Máselen, qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı bolǵan Berdaq shayır qaraqalpaqlardıń balıqshılıq penen shuǵıllanǵanlıǵı haqqında maǵlıwmat beriwshi kóplegen qosıqlar jazıp qaldırǵan.

Qaraqalpaqlar balıq awlawda kóp ǵana balıq awlaw quralları hám ásbaplardı paydalanǵan. Olar aw, jılım, qa-

rmaq, baspay, shanıshqı, qaza, ilme hám basqa da qurallardan paydalanıp, balıq awlaǵan. Balıq awında tiykarǵı transport — qayıq bolǵan.

XIX ásirde Ámiwdárya tómeninde hár jılı awlanatuǵın balıq 50 mıń pudtı quraǵan. Bul awlanatuǵın balıqlar Qońırat, Xojeli, Shımbay, Qılıshqaladaǵı (Dáwqara) balıq bazarlarına túsken. Hár jılı Ámiwdárya qatqanǵa shekem Sharjawǵa 150 den 300 kemege deyin sazan, ılaqa, súwen, bekire balıqları jónetilip otırǵan.

Qaraqalpaqlarda XIX ásirde ónermentshilik keń túrde rawajlanǵan. Sebebi turmıstıń ózi xalıqtıń ásirler boyı kiyatırǵan ónermentshilik túrlerin jetilistirip barıwdı talap etken. Qaraqalpaqlar da sheber ustalar bolıp, olar xojalıq turmısı ushın kerek bolǵan zatlardı islep shıǵarǵan. Olardıń turmısında temirden hár túrli buyımlar isleytuǵın ustaları derlik hárbir qala hám awıllarda bolǵan. Sonday-aq, bas kiyim tigetuǵın malaqayshılar, ayaq kiyim tigetuǵın etikshiler, ton



Alasha toqıw.

isleytuǵın tonshılar, hár túrli sulıw buyımlardı isleytuǵın zergerler, kiyiz basatuǵın shapshılar hárbir awıl hám qalada kóp bolǵan. Olar xalıqtıń usı buyımlarǵa bolǵan talabın qanaatlandırǵan. Sonıń menen qaraqalpaqlarda hár túrli keramikalıq ıdıslar islep shıǵarıw da eń jayǵan. Bunday gúzeler islep shıǵarıw úlken qalalarda rawajlanǵan.


Quman.

Qaraqalpaqlardıń ónermentshilik islerine qońsı ózbek ónermentshilik dástúrleri tásir etken. Dereklerdiń maǵlıwmatları boyınsha ótken XIX ásirdiń ortalarında Xiywa xanlıǵında ónermentshiliktiń 50 den aslam túri bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń ónermentleri Shımbay, Qońırat, Xojeli qalalarında kóp bolǵan. Máselen, Shımbay qalasında temirshilerdiń, aǵash ustalarınıń, kiyiz basıwshılardıń, zergerlerdiń, boyawshılardıń, gúlalshılardıń, toqımashılardıń arnawlı ustaxanaları bolǵan. Qaraqalpaqlarda ónermentshilik atadan balaǵa ótip otırǵan. Olar usı ustaxanalarında birneshe shákirtler tayarlaǵan. Shákirtlikke 12—13 jastan baslap alınǵan. Olar ustazınıń pátiyasın alǵanǵa shekem ustazınıń ustaxanasında jumıs islegen. Ádette ónermentlerdiń ustaxanalarında 3—4 adam jumıs islegen. Bul ustaxanalar dúkan dep atalınǵan. Bunda paydalanatuǵın temir qurallardı ustalardıń ózleri jasaǵan, bir bólimin Xiywadan, Buxaradan, Tashkentten yamasa Rossiyadan alıp kelgen.

Qaraqalpaqlar arasında arnawlı shoyınshı awılları bolǵan.

Shoyınnan hár túrli xojalıq zatların islep shıǵarǵan. Olardan: qazanlar, baltalar, qumǵanlar hám usıǵan usaǵan zatlar bolǵan. Shoyınshılar da atadan balaǵa ótip otırǵan.



Háykel.



Bilezik.

Onıń piri házireti Dawıt esaplanǵan.

XIX ásirde zergerlik isleri rawajlanǵan. Zergerler negizinen hayal-qızlar bezeniw zatların, sonday-aq attıń er-turmanların islegen. Zergerlerdiń islegen zatları negizinen gúmisten hám altınnan islengen.

XIX ásirde Aral teńiziniń boyında jasaǵan Arzımbet zergerdiń atı tariyxıy dereklerde ushırasadı. Onıń jasaǵan jeri, Terbenbes awılı balıqshılıq, sharwashılıq, diyqanshılıq penen kúneltken. Onıń qolınan qaraqalpaqlardıń eń ájayıp kiyimi bolǵan sáwkele islengen. Bul qaraqalpaq hayal-qızlarınıń kiyetuǵın eń eski kiyimlerinen bolǵan. Zergerler hár túrli zatlardı: sırǵa, bilezik, giltbaw, júzik, háykel, óńir-monshaq, túyme, tumarsha islep bazarlarǵa aparıp satqan.

Hárbir zerger ushın kerekli bolǵan qural-saymanlar bolǵan. Olar: tós, kórik, shókkish, úsh qırlı egew, qashaw, qısqısh, iskenje, sımtarash, teskish, keskish, temir kesew, dáneker, kepkir hám basqa da kóplegen zatlar.

Zergerler ıdıs-buyımlardı islewde gúmisten keń paydalanǵan. Sonıń menen birge altınnan da paydalanıp, ol altın jalatıw dep atalınǵan.

Qaraqalpaqlarda hár túrli qural-saymanlardı, at-arbalar, eshek-arbalar hám basqa da buyımlardı isleytuǵın ustalar hárbir awılda hám qalada bolǵan. Olardıń miynetisiz xalıqtıń kún kóriwi qıyın bolǵan. Sonday-aq, jer isleri ushın kerek bolǵan gúnde, mala, shıǵır isleytuǵın ustalar bolǵan. Ustalardıń túrleri hám olar soǵatuǵın zatlardıń túrleri kóp bolıp, toqımashılıq zatların solardıń ishinde qozaq, órmek, shıǵırıq, úy turmısında paydalanatuǵın tabaq, qasıq hám basqa da zatlar keń túrde islep shıǵarılǵan. Geypara ustalar xalıqtıń muzıkalıq ásbapların: qobız, duwtar islep shıǵarǵan.

Úyshi ustalar qara úylerdiń esiklerine, arshalarǵa, sandıqlarǵa oyıp, ájayıp súwretler salǵan.

Qaraqalpaqlardıń turmısında qara úy úlken orın iyelep, olardıń tiykarǵı jasaytuǵın ornı bolǵan. Sonlıqtan da olardıń arasında úy soǵatuǵın úyshiler úlken orın iyelegen. Olar ózleriniń arnawlı pirine iye bolıp, onıń atın Ibrayım Xalil dep ataǵan. Úy soǵatuǵın arnawlı aǵashlardan paydalanǵan. Olardan jánewit tal, torańǵıl, aq tal, aqsógit, qaratal paydalanılǵan. Qaraqalpaqlardıń úyleri hár túrli kólemde bolıp 6 qanat, 7 qanat, 8 qanat hám onnan da kóbirek bolǵan. Hátteki bay adamlardıń 12 qanattan ibarat úyleri bolǵan.

XIX ásirge kelip qaraqalpaqlarda sawda qatnasları keń túrde rawajlanıp xalıq xojalıǵınıń áhmiyetli tarawına aylanadı. Xalıq tiykarınan awıl xojalıq ónimlerin ózlerine zárúrli ónermentshilik hám sanaat ónimlerine almastırǵan. Zat almasıwdıń rawajlanıwı menen qaraqalpaqlar arasında aqsha—tovar qatnasıqları rawajlanadı. Qaraqalpaqlar Xiywa xanı tárepinen shıǵarılǵan teńgelerdi paydalanǵan.

Sawdanıń rawajlanıwı menen qaraqalpaqlardıń adminstrativlik orayları hám iri elatlı punktleri sawda oraylarına aylanǵan. Qońırat, Shımbay, Xojeli qalalarındaǵı bazarlar pútkil Xiywa xanlıǵında belgili bolǵan.

Bazarlar mádeniy hám siyasiy áhmiyetke de iye bolǵan.

Bunda sawda barısında túrli jaqlardan kelgen adamlar ózleri menen birge hár qıylı xabarlar alıp kelgen. Bul xabarlar awızdan-awızǵa ótiw arqalı elge taralǵan, bazarshılar bul xabarlardı óz awıllarına jetkerip barǵan.

Sonday-aq, biylerdiń, hákimlerdiń, xannıń pármanların xalıqqa taratıw ushın bazarlarda jar saldırǵan. Jarshılar jeke adamlardıń xabarların da bazarshılarǵa haqı alıp taratqan.

Bazar háptesine eki márte ótkerilgen, biybazar kúnleri sawda hár qıylı sawda oraylarında qurılǵan dúkanlarda ótkerilgen. Dúkanlarda sawda hár kúni ótkerlip, bunday dúkanlar iri sawdagerler tárepinen ashtırılǵan. Olardıń hár qalada birneshe dúkanları bolǵan. Bul dúkanlarda jergilikli tovarlar menen birge Buxara, Xiywa, Rossiya bazarlarınan keltirilgen tovarlar satılǵan.

Qaraqalpaqlardıń Qońırat, Xojeli, Shımbay qalaları sıyaqlı iri sawda orayları bolǵan. Bul jerdiń bazarına suw jolı arqalı Xiywa sawdagerleri hár qıylı tovarlar alıp kelgen hám bul jerden Qońırat ónermentleriniń hám awıl xojalıq ónimlerin satıp alǵan. Ásirese, Qońırat temirshileriniń óndirgen ónimi Xiywa xanlıǵındaǵı eń sapalı ónim esaplanǵan. Qońırat bazarına túrli jaqlardıń tovarları alıp kelingen. Bazarda arnawlı Rossiyadan alıp kelingen tovarlar ushın «orıs bazar» dep atalǵan bazardıń bólimi bolǵan.

Xojeli qalası da Xiywa xanlıǵındaǵı iri sawda oraylarınıń biri esaplanǵan. Qala ishinde kóp sandaǵı dúkanlar, ustaxanalar hám basqa da hár qıylı sawda hám ónermentshilik kárxanları islep turǵan. Xojeli bazarı da Qońırat bazarı sıyaqlı úlken sawda orayınan esaplanǵan. Bul jerge xanlıqtıń arqa hám túslik bólimlerinen de kóplep sawdagerler kelip turǵan.

XIX ásirdiń ortalarında sawdanıń rawajlanıwında Shımbay qalasınıń áhmiyeti oǵada úlken bolǵan. Bul qala usı dáwirdegi Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵındaǵı eń iri sawda orayı esaplanǵan. Shımbay qalasınıń Kegeyli kanalı boyında jaylasıwı xanlıqtıń oraylıq bólimlerinen suw transportı arqalı tovar alıp keliniwin ańsatlastırdı. Sonıń menen birge

Shımbay átirapında qaraqalpaqlar tıǵız jaylasqan. Bul nárse sawdanıń rawajlanıwına hám Shımbay qalasınıń keńeyiwine tásir tiygizedi. Bul jerde sawdagerler kóplegen dúkanlar qurǵan. 1873-jılı Qaraqalpaqstanǵa kelgen rus izertlewshisi A. Kun Shımbay qalasında bolıp, bul jerde 150 sawda dúkanı hám úlken kárwan saray bar ekenligin kórgen. Bunday dúkanlardıń sanı Qońıratta 350, Xojelide 150 shamasında bolǵan.

Bunday bazarlar hám dúkanlar qaraqalpaqlar arasında Nókiste, Dáwqarada h.t.b. jerlerde de bolǵan.

Qaraqalpaqlar ishki bazardan tısqarı sırtqı bazar ushın da tovar óndirgen, qaraqalpaq sawdagerleri Xiywa, Buxara, Rossiya bazarlarına barıp sawda jasaǵan. Xiywa bazarlarında, ásirese qaraqalpaq qara malları ótimli bolǵan. Qaqlanǵan hám taza uslanǵan balıqlar da sırtqı bazarda baslı tovarlardan esaplanǵan. Aral balıqları qublada — Buxara, arqada — Rossiyaǵa aparılǵan. Qaraqalpaq sawdagerleri gúrish, temeki, mal terisi hám basqa da shiyki zatlar menen Rossiyaǵa barıp, Rossiyadan metaldan islengen ásbap-úskeneler, gezlemeler, oramallar h.t.b. zatlar alıp kelgen. Qaraqalpaq sawdagerleri Qońırat qalası arqalı Astraxan, Orenburg, Nijniy Novgorod qalalarına barıp sawda islep turǵan.

Usınday sawda baylanısları tiykarında qaraqalpaqlar arasınan iri sawdagerler jetisip shıǵadı. Bul sawdagerler xalıq arasında úlken húrmetke iye bolıp, olar ózleriniń sawda baylanıslarına qaray hár qıylı atalǵan. Rossiya menen sawda islewshi sawdagerler «orısshı», Buxara menen sawda islewshi «Buxarshı», ishki qalalar aralıq sawda islewshi sawdagerler «qalashı» dep atalǵan. Bul sawdagerler sawda isiniń mamanı esaplanǵan, olar bazardı aralap xalıqqa kerekli hám ótimli zatlardı anıqlaǵan hám olardı alıp kelgen.

Sawdagerler tovarlardı bazarǵa suw jolları hám kárwanlar arqalı alıp kelgen. Sawdagerlerge xızmet etiwshi transportshılar payda bolǵan. Olar belgilengen jerge tovarlardı jetkerip bergen hám xızmet ushın haqı alǵan. Suw transportında kemeshiler, saldawshılar, al kárwanda bolsa túyeshi, eshek

hám at iyeleri — kárwanbasılar usınday xızmet atqarǵan. XIX ásirde qaraqalpaqlardan Quwat, Qulmuxammed, Eshtemir, Molla Shuwaq usaǵan kárwanbasılar Xiywa — Rossiya aralıǵında qatnas jasap turǵan.

Xiywa xanlıǵında salıqlardıń júdá kóp túrleri bolǵan. Xanlıqta salıqtıń muǵdarı xannıń ámeldarları tárepinen belgilengen. Xiywa xanı Muxammed Raxim salıq tólew isinde tártipler ornatqan. Ol bajıxana hám basqa da mákemeler shólkemlestirgen dep rus sayaxatshıları maǵlıwmatlar jazıp qaldırǵan. Xiywa xanlıǵında bajıxanalar Xiywanıń ishindegi sarayda, Aqmeshitte, Shaxabbas Valide, Qálendarxanada, Qıpshaqta, Góne Úrgenishte, Ǵazavat hám basqa jerlerde bolǵan. Salıq Xiywa hámeldarları bolǵan qusbegi menen mexter tárepinen jıynap alınǵan. Xanlıqtaǵı barlıq jerler bul eki hámeldar ortasında bólisilgen. Ámiwdáryanıń shep tárepindegi Qońırat qaraqalpaqları jasaǵan aymaqlardan salıqtı qusbegi, al qaraqalpaqlardıń on tórt ruw toparınan salıqtı mexter óndirgen. Qaraqalpaqlardan óndiriletuǵın zakat esabın Jabbarqulı máxrem hám Paxlavan Niyaz diywanbegi júrgizgen. Shoraxanda buxarshı hám qalashı sawdagerlerden alınatuǵın zakat esabın Muxammed Niyaz diywanbegi hám Qaraqan máxrem júrgizgen.

Muxammed Raxim xan tárepinen jańa salıqtıń túrleri engizilgennen keyin pullay salıq «salǵut» alınatuǵın bolǵan.

Qaraqalpaqlarda hám Xiywa xanlıǵında salıqlar da tólemler túrinde bolǵan. Xiywa xanlıǵında jerler jeke múlk sıpatında, iri jer iyeleri jersiz diyqanlardıń ústinen ústemlik etken. Xiywa xanlıǵında da basqa jerlerdegidey jer salıǵı iri jer iyeleriniń mápleri ushın xızmet etken.

Qaraqalpaqlarda jerden alınatuǵın salıq «salǵut», al mallardan alınatuǵın salıqtıń túri «zakat» dep atalǵan.

Salıqtıń taǵı bir túri «patshalıq» jerlerden alınatuǵın túri bolıp, bunda salıq ijara tólemi esabında óndirilgen. Ádette bunda alım-salıq, óńdirilgen óńimniń belgilengen bólimi, zatlay yamasa aqshalay alınatuǵın bolǵan. Máselen, 4 tanap jerden 1 tilla, 10 tanap jerden 2 úlken tilla, 15 tanap jerden 3 hám onnan kóbirek tilla alınǵan.

Qaraqalpaqlar Muxammed Raxim (1806—1825) dáwirinde xanǵa hár jılı 20 mıń tilla salıq tólew tártibi engizilgen. Bul salıqtıń túrin «salǵırt kespe» dep ataǵan. Sonıń menen birge olar xanǵa jılına 2 mıń ásker jiberip hám sol qaraqalpaq nókerlerinen dúzilgen 2000 adamlıq áskerdi qarıw-jaraq, at hám azıq-awqat penen támiyinlep turǵan.

Qaraqalpaqlardıń bunday salıqlardı tólewi júdá qıyın bolǵan. Olar Xiywa xanına salıqlardı qısqartıw tuwralı birneshe mártebe arzalar jazǵan. Geypara jılları olardıń bul tilekleri qabıl etilgen. 1872-jılı qaraqalpaqlardıń jıynaǵan salıǵınıń sanı 22 mıń 247 kishi tilla bolǵan. Qaraqalpaqlarǵa bunday salıqlardı tólewdiń ózi de qıyın bolǵan. Sebebi, qaraqalpaq xojalıqları jıl sayın kemeyip barǵan. Patshalıq jerlerde hám waqım jerlerde otırǵan qaraqalpaqlar zatlay salıqlar tólegen.

Salǵırt kespeden tısqarı qaraqalpaqlardıń malınan zakat jıynap alınǵan. 40 bas túyeden 1 at hám 1 bas iri qara maldan 5 kishi tilla jıynap alınǵan. Bulardan basqa qaraqalpaqlar Xiywa xanınıń áskerlerin saqlaw ushın da jılına 100 mıń tilla átirapında salıq tólewi kerek bolǵan.

Qaraqalpaqlar xanlıqta jańa suwǵarıw kanalların qazıw hám burınǵıların tazalaw jumısları menen shuǵıllanǵan. Qaraqalpaqlar jılına 6 mıń adam qazıwshı tawıp beriwi kerek bolǵan. Olar tek óziniń qaraqalpaqlar otırǵan jerlerdegi kanallardı qazdırıw menen sheklenbegen, sonıń menen birge Xiywa xanlıǵında jasawshı basqa xalıqlarǵa tiyisli jerlerde de islewge májbúr bolǵan. Salıqlar jıynaw waqtında hár túrli jırıp jew, qosıp alıw hám basqa da zulımlıqlar miynetkesh xalıqtıń ash-áptada bolıp jasawına alıp kelgen. XIX ásirdiń ortalarında Túrkstan xalıqlarınıń ishindegi sociallıq jaqtan eń awır turmıs keshirgen qaraqalpaqlar bolǵan.

Xiywa xanları qaraqalpaqlar ústinen óz siyasatın júrgiziwde qaraqalpaq ruwlarınıń basshıları bolǵan biylerdi óz

tárepine qaratıp, olarǵa hár túrli jeńillikler bergen. Olarǵa xalıqtıń belgili bir bólegin basqarıwǵa jarlıqlar bergen. Sonlıqtan da, qaraqalpaq biyleri Xiywa xanlıǵınıń tárepinde diyqanlardı eziwge birgelikte qatnasqan.

Qaraqalpaq biyleri qaraqalpaq ruw aqsaqallarına súyenip is alıp barǵan. Olar xalıqtan jıynalǵan salıqlar esabınan bayıp otırǵan. Bul jaǵday kóterilisler baslanıwına alıp keldi.

Qaraqalpaqlar bazarlarǵa ózleriniń awıl xojalıq ónimlerin alıp kelip otırǵan. Olardıń arasında balıqshılıq, diyqanshılıq ónimleri bolǵan. Olardıń alıp kelip satqan ónimleri ushın hár túrli salıqlar salǵan. Máselen, XIX ásirdiń 50-jıllarında satılǵan hárbir at hám qara mal ushın 21 teńge, qoy ushın yarım teńge alınǵan. Bunnan basqa da kóplegen salıqlardıń atları Xiywa xanlıǵınıń salıq jıynawshılardıń dápterinde anıq kórsetilgen. Qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵınıń barlıq bazarlarında óz ónimleri menen qatnasqan.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqlar Kegeyli kanalınan qansha kanallar qazıp diyqanshılıq ushın suw alǵan?
2. Qaraqalpaqlar dánli ósimliklerden qanday eginler ekken?
3. Qaraqalpaqlardıń sharwashılıǵında kúren atamasınıń mánisin túsindiriń?
4. Qaraqalpaqlar arasında ónermentshiliktiń qanday túrleri keń rawajlanǵan.
5. Buxara, Orenburg, Astraxan qalaları menen qanday sawda baylanısları júrgizilgen?
6. Xiywa xanlıǵında jer salıǵı ne dep atalǵan?
7. Zakat qanday muǵdarda óndirilgen?
8. Qazıw islerine qaraqalpaqlar jılına qansha adam jiberiwge minnetli bolǵan?

## §9. 1827—1828-jıllardaģı Aydos biy basshılıģındaģı xalıq kóterilisi

XIX ásir dawamında qaraqalpaqlar arasında Xiywa xanlıģına qarsı birneshe márte xalıq kóterilisleri hám basqa da hár qıylı formalardaģı qarsılıq háreketleri bolıp turǵan. Olardıń arasında Aydos biy basshılıģındaģı kóterilis eń iri kóterilislerden esaplanadı.

Bul kóterilis tuwralı kóplegen áńgimeler, gúrrińler, dástanlar aytılıp biziń kúnimizge shekem jetip kelgen. Sol dáwirde jasaǵan qaraqalpaq shayırları Berdaq, Ótesh shıǵarmalarında bul kóterilis haqqında hám onıń basshısı Aydos biy haqqında kóplegen tariyxıy maǵlıwmatlar saqlanǵan.

Aydos biy Xiywa xanlıǵında qońıratlar dinastiyasına tiykar salǵan Muxammed inaq dáwirinde Xiywa xanlıǵınıń eń sadıq adamlarınan bolǵan. Muxammed Amin inaq Aydosqa biylik lawazımın beredi. Ol óziniń lawazımınan paydalanıp hám óziniń iskerligi, uqıplılıǵı menen inaqtıń járdemi arqasında Aral boyında jasawshı barlıq qaraqalpaqlardıń hákimi lawazımın iyeleydi.

Aydos biy biylik hákimshiligin júrgizip, onıń xalqı Xiywa xanlıǵınıń puqarası bolǵan. Muxammed Amin inaq ólgennen keyin Aydos biy xızmet babında kóterilip xan menen jaqsı qatnasta bolǵan. Al Muxammed Raxim xan taxtqa otırǵanda Aydos biyge altın menen tigilgen shapan, altın saplı pıshaq sıylıq etken hám óziniń jarlıǵı menen biy xızmetin bergen. Ol barlıq qaraqalpaq xalqınıń hákimi dárejesinde Muxammed Raxim xanǵa sadıq xızmet etken.

Usı waqıtları Aral qońıratlarınıń basshısı Tóremurat suwpı Xiywa xanlıǵına baǵınbay, Qońırattı xanlıqtan bólip alıp óz aldına mámleket dúziwge háreket islep atırǵan waqıt edi. Bul háreketke qaraqalpaqlardıń da bir bólimi qosılǵan. Olarǵa Aydostıń inileri (Aydostıń aǵası Maybastıń balaları) Mırjıq penen Begis basshılıq etken. Bul jaǵday Aydos biydiń xan aldında abroyın túsirip, Aydostıń ızasın keltirgen.

Aydos biy Tóremurat suwpıǵa qarsı keskin háreketler júrgizip, usı urıslar barısında, qorǵanıw maqsetinde Xiywa xanınıń ruqsatı menen Aqjaǵıs boyında (házirgi Taxtakópir rayonı «Ózbekstan» xojalıǵı aymaǵında) úlken qorǵan saldırǵan. Aydos biy Muxammed Raxim xan tárepinde turıp Tóremurat suwpıǵa qarsı urıslarda belsendilik kórsetip, óziniń inilerin ayap otırmaǵan. Usı urıslar barısında dáslep Begis, sońınan Mırjıq Aydos biydiń nókerleri tárepinen óltirilgen.

Usınday isleri arqalı Aydos biy Muxammed Raxim xan dáwirinde Xiywa xanlıǵında joqarı mártebege iye bolǵan. Ol pútkil qaraqalpaqlardıń biyi sıpatında Muxammed Raxim xanǵa sadıq xızmetler etken. Biraq Aydos biydiń óz inilerin óltirtkeni ushın xalıq Aydos biydi qattı qaralaǵan. Usınıń nátiyjesinde xalıq arasında Aydos biydiń abıroyı túsip, tásiri azayadı.

Muxammed Raxim xannan sońǵı Xiywa xanları dáwirinde qaraqalpaqlar arasınan xanǵa sadıq jas biyler ósip shıǵadı. Olar siyasiy islerge aralasa baslaǵannan soń, Aydos biydiń xan aldında da tásiri azaya baslaydı. Endi onıń xalıq hám xanlıq ishindegi óziniń burınǵı mártebesin qaytadan engiziw ushın qılǵan háreketlerinen nátiyje shıqpaydı. Usılayınsha Aydos biy xanǵa qarsı keyiptegi adamǵa aynalıp, xanǵa qattı ókpeli boladı. Xiywa tariyxshısınıń pikirinshe, Xiywa xanı Aydos biyge jaqsı kózqaras penen qaraǵan hám onıń isenimli adamı sıpatında mámlekettiń ishki islerine tiyisli máselelerde onıń menen geypara máselelerdiń ústinde keńesip turǵan. Aydos biy Xiywaǵa kelgende onı qabıl etip «biy baba» dep húrmetlep, qımbat bahalı sarpaylar menen sıylaǵan. Biraq eń aqırında bul kórsetilgen húrmet-izzetlerdi aqlamay óziniń átirapına kúshler toplap xanǵa qarsı kóterilis shıǵarǵan.

Xalıqtıń sociallıq jaǵdayı tómenlep ketiwi nátiyjesinde 1827-jılı qaraqalpaqlar salıq tólewden bas tartıp kóteriliske shıǵadı. Xiywa xanına qas bolıp júrgen Aydos biy bul jaǵdaydan óz maqsetinde paydalanıp, kóterilisshilerge basshılıqtı óz qolına aladı.

Aydos biy Xiywa áskerlerine qarsı urısqa tayarlanıw ushın kátquda hám biylerdi Aral teńiziniń boyında Sarıataw degen jerge jıynap másláhát ótkeredi. Jıynalǵanlardıń kelisimi menen qaraqalpaqlar arasına shabarmanlar jiberilip, olar arqalı óziniń buyrıǵın elge taratqan. Bul buyrıqqa sáykes qaraqalpaqlar ózleriniń bala-shaǵaları, mal-múlkleri menen birge Aydos biyge kelip qosılıwı tiyis bolǵan, eger kimde-kim buyrıqtı orınlamasa dushpan dep esaplanǵan.

Mine usınday háreketlerdiń nátiyjesinde, qorǵanıwǵa qolaylı jerde Aydostıń tárepdarları jıynalıp qándek qazıp, onıń ishinde shattan hám arbalardan qorǵan jasaǵan.

Biraq Aydostıń baslaǵan bul kóterilisin qaraqalpaqlardıń barlıǵı quwatlamaydı. Onıń átirapına jıynalǵanlar Xiywa xanlıǵına qarsı urısıwǵa jeterli dárejede bolmaǵan. Sol sebepli kóterilis baslanıwdan-aq, Aydos basshılıǵındaǵı kóterilisshiler basqa elge ótip ketiwge jol tutadı.

29-iyulde Aydos biy óziniń eki balasın: Írza hám Tóreni 300 batırǵa bas etip, Qońırat qorǵanına shabıwılǵa jiberedi. Usı payıtta Qońırat qorǵanınıń basshısı bolǵan Muxammed Yakub Mushrip qorǵandı qorǵawǵa basshılıq etken. Urıs pesinge shekem dawam etken. Aydos áskerleriniń birqanshası nabıt bolǵan, birazı teńiz tárepke qashqan. Írza bahadır qaharmanlıq penen óz áskerleriniń qorǵanıs ornına jetip barıwına barlıq ilajlardı islegen. Írza hám Tóre batır áskerleri jeńiliske ushıraǵan. Kóterilis shıǵıwdan aldın qaraqalpaqlar arasında salıq jıynaw ushın Gedeyniyaz máhrem degen adam kelgen. Ol qaraqalpaqlardıń qıtay ruwınıń basshısı Bekpolat biydiń eline kelgende kóterilis tuwralı xabardı esitken. Onnan keyin Shonqara biy balası Qabıl biyge keledi. Qabıl biy onı jıllı júzlilik penen kútip aladı. Onıń úyinde qalıp, máhrem Xiywaǵa óz adamların jiberedi. 1827-jılı 25-iyul kúńi Aydostıń kóterilisi tuwralı Xiywa xanı maǵlıwmat aladı. Xan Aydos áskerlerin joq etiw ushın arnawlı ásker jiberip, onıń basshısı etip Muxammed Nazarbiy inaqtı tayınlap Xojeli qalasına jibergen. Xan áskerleri hám basshıları Xojeli qalasınıń átirapında lager qurıp jaylasqan.

Xojeli qalasınıń átirapında Muxammed Nazar inaq hám Muxammed Írza qusbegi basshılıǵında xannıń buyrıǵı menen kóterilislerge ásker jiberiwge buyrıq bergen. Ol buyrıqta olardıń wádelerine isenbew, biy hám kátqudalardıń ayaǵına kisen salıw, dushpan adamlardı izlep tabıw, olardı qamaqqa alıw, mal-múlklerin xatqa salıw buyırılǵan.

Xannıń buyrıǵın alǵannan keyin ámir Muxammed Nazar inaq hám wázir Muxammed Írza qusbegi Aydos áskerlerine qarsı yawmıt hám shawdırlardan dúzilgen áskerleriniń basına Shúyinbiy, Dosumbiy, Muxammed Niyaz jasawılbasshılardıń basshılıǵındaǵı áskerlerdi jibergen. Bulardıń arasında qaraqalpaqlardan jıynalǵan adamlar da bolǵan. Olardıń arasında qaraqalpaqlardıń molla Dáwletnazar biydiń basshılıǵındaǵı áskerler qosılıp, Aydos basshılıǵındaǵı áskerlerge qarsı atlanǵan.

Aydos áskerleriniń jeńilgeninen qapa bolıp, óziniń jaqın adamları hám aǵayinleri menen Sarıatawdı taslap ketiwge májbúr bolǵan. Xalıq arasındaǵı tariyxıy gúrrińlerge qaraǵanda, ol Aral teńiziniń boyındaǵı Qabaqlı ata qoyımshılıǵına túnegen. Ol endi Keltebas jolı menen Qoqan xanlıǵı tárepke qaray jol alǵan. Muxammed Nazar inaq bul tuwralı xabardı esitip Aydos biy adamlarınıń izinen arnawlı áskerler jiberedi. Áskerbasshılar tez arada suw qorların tayarlap Aydos biydiń izinen quwǵan. Olar eki kún dawamında jol júrip Shirik-Rabat degen eski qorǵannıń qasında izinen jetip, Aydostıń adamların dógereklep qorshap alǵan. Xan áskerleri olarǵa elshi jiberip, onıń baǵınıwın soraǵan. Aydos biy elshiniń sózlerine qulaq aspaǵan hám óz adamlarına baǵınbawdı hám qarsılıq etiwdi buyırǵan. Bul jerde Aydos biy úlken bekinis (kuren) islep, tórt tárepke mıltıqshı mergenler qoyıp, oq atıp qarsılıq kórsetken.

Biraq xan áskerleri Aydos áskerlerine salıstırǵanda basım bolıp, bul sawashta jeńip shıǵadı. Aydostıń qorǵanı alınıp, kóterilisshilerden tiri qalǵanları tutqınǵa túsirilgen. Aydostıń ózi de tutqınǵa túsip, sońınan xan áskerleri tárepinen óltirilgen. Bul sawashta tek ǵana úsh adam qashıp

qutılǵan. Olardıń biri qoldawlı ruwınan Quwanısh batır, ekewi qándekli ruwınan Nepes hám Doshumqara degen adamlar bolǵan.

Sol kúni Xiywa xanınıń áskerleri Shirik-Rabatta túnep, erteńine Xiywaǵa qaray jolǵa shıqqan. Aydostıń basın kesip alıp, Xiywa xanına sawǵa etiw ushın alıp qaytqan. Xiywa áskerleri qolǵa túsken mal-múlklerdi oljalap, jeti kún jol júrip áskerler Xiywa qalasına jetip kelgen. Bul iste belsendi qatnasqan adamlar sıylıqlanǵan. Solardıń arasında Xiywa xanlıǵına xızmet kórsetken qaraqalpaq biyleri Shonqara biydiń balası Qabıl biy at hám kiyim-kenshek penen sıylıqlanǵan. Xiywa xanı Allaqulı xan geypara qaraqalpaq biylerin hám kátqudaların qullıqtan azat etip, olardıń gúnasın keshirgen.

Bul kóterilis hám Aydos biy tuwralı xalıq arasında hár qıylı tariyxıy pikirler qaldı. Geyparaları Aydostı maqtasa, geyparaları onı qaralaydı.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Aydos biy basshılıǵında kóterilis qashan baslanǵan?
2. Qońıratqa 300 nóker menen atlanıs jasaǵan Aydos biydiń balaları haqqında aytıp beriń.
3. Qońırattı Aydos áskerlerinen qorǵawda kim basshılıq etken?
4. Aydos biy basshılıǵındaǵı kóterilistiń sebeplerin atap ótiń.
5. Kóterilisshiler jeńiletuǵınlıǵın bilgen soń kelte bas jolı arqalı qayda barmaqshı boladı?
6. Kóterilisti bastırıwdı xan kimge tapsıradı?
7. Aydos biy qay jerde óltirilgen?

## §10. 1855—1856-jıllardaǵı Ernazar Alakóz basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisi

Xiywa xanlıǵındaǵı awır social-ekonomikalıq jaǵdaydıń tásirinde Xiywa xanlıǵı aymaǵında kóterilisler payda boladı. Bunday kóterilisler ózleriniń etnosiyasiy basqarıw sistemasına iye bolǵan qaraqalpaqlar hám túrkmenler arasında kelip shıǵadı.



Ernazar Alakóz.

1855-jılı sentyabrde jańadan xan bolǵan Qutlımuratqa baǵınıwdan bas tartıp, túrkmenler ózlerine Atamurattı xan kóterip kóteriliske shıqsa, usı jılı noyabrde qaraqalpaqlar arasında da kóterilis payda boladı. Bul kóterilistiń basında qońırat arısınıń qoldawlı ruwınan Ernazar Alakóz turadı. Ol Xiywa xanı Muxammed Raxim xan dáwirinde pútkil qaraqalpaqlardıń basshısı bolǵan, 1827-jılı Xiywa xanlıǵına qarsı xalıq kóterilisine basshılıq etken Aydos biydiń inisi bolǵan Mırjıq Maybastıń balası bolǵan. Maybas penen Aydos tuwısqan aǵa-inili. Mırjıq Xiywa xanlıǵına qarsı urısqan hám Aydos nókerleri tárepinen óltirilgen.

Ernazar Alakóz kóteriliske shekem qaraqalpaqlar arasında abıroyǵa iye biy bolǵan. Kóteriliske shıǵarda pútkil qaraqalpaqlardıń biyleri jıynalıp Xiywa xanına qarsı urısıwǵa, óz aldına xanlıq dúziwge bel baylap kelisim dúzedi. Bul kelisimge kelgen 60 biy bir alma bizge ant bolsın dep alpısı bir almanı teń bólip jep, biri-birine sadıqlıqqa ant etedi.

Ernazar Alakózdiń kórsetpesi menen háreketke xanlıq status beriw maqsetinde Zarlıq tóreni xan kóteredi. Zarlıq tóre Shıńǵıs xan áwladınan bolǵan. Zarlıq tóre xan bolıp, onıń wázirleri Ernazar Alakóz qońırat arısı basında, al Ernazar keneges on tórt ruw basında turadı. Ernazar keneges belgili qaraqalpaq biyleri Shonqara biy, Qabıl biylerdiń áwladınan bolıp, biri ákesi, ekinshisi babası. Ol jas bolıwına qaramastan qaraqalpaqlar arasında sonıń ishinde on tórt ruw arasında úlken tásirge iye bolǵan.

Kóterilisshiler Xiywa xanlıǵınıń arqa aymaqların qollarına alıp, Xiywa áskerlerine qarsı sawashlar júrgizedi. Xiywa xanı Qutlımurat dekabr ayınıń aqırında kóterilisti bastırıw maqsetinde Yaqıp máhrem hám Qudaybergen basshılıǵında jazalawshı otryad jiberedi. Bul jazalawshı otryad Qoshqar ata átirapındaǵı, soń basqa jerlerdegi jasap atırǵan xalıqtı tonap kóp muǵdarda oljalar menen Xiywaǵa qaytadı.

Qaraqalpaqlar kóteriliske shıqqan túrkmenlerge Xiywa xanına qarsı birgelikte háreket qılıwdı usınıs etip, birneshe adamnan ibarat delegaciya jiberedi. Bul sóylesiwler unamlı tús alıp, kóterilisshiler birgelikte háreket etiwge kelisedi. Olarǵa 1856-jıldıń basında Xorezmniń arqa bóliminde jasawshı qazaqlar menen ózbekler de qosıladı. Qońırat hákimligi lawazımın iyelegen Janǵazı tóre kóterilisshiler tárepinde boladı. Usılayınsha orayı Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵında Shımbaydıń qubla-batısında 30 shaqırım qashıqlıqta jaylasqan Jańabazarda bolǵan jańadan dúzilgen qaraqalpaq xanlıǵı Xiywa xanlıǵına qarsı urısta koaliciya dúziwge erisedi. Bul koaliciyanı dúziwde Ernazar Alakóz úlken rol atqaradı. Ol usı kelisimdi dúziw maqsetinde Zarlıq xan menen birge Atamurat xan menen ushırasıwǵa Góne Úrgenish qalasına kelip, sóylesiwler júrgizgen.

Usılar menen qatar Ernazar Alakóz Qońırat hákimi Janǵazı tóre menen birgelikte kóterilisshilerdiń atınan Sırdáryanıń shep jaǵalıǵında jasawshı qazaqlarǵa — qazaqlardıń orta júz sultanı Elekey Qasımovqa xatlar jazadı.

Bul xatlarda: «Qaraqalpaqlardıń, túrkmenlerdiń, qazaqlardıń ulısındaǵı aqıllı adamları menen oylasıp, Xiywaǵa qarsı xalıq mápi ushın urıs basladıq. Biziń xalqımızdıń iygiligi hám paraxat jasawı ushın eski xanlardıń áwladlarınan bolǵan Zarlıqtı xan etip kóterdik. Endi túrkmenler, qaraqalpaqlar hám qazaqlar arasında ala awızlıq toqtadı, olar bir-birinen bende etip alǵan adamların, tartıp alǵan malların hám zatların bir-birine qaytıp beredi. Solay etip, endi bizlerdiń barlıǵımız jáne ózbekler awızbirshilik penen jasaymız», — dep kórsetedi.

Bul xatlar Aral boylarında jasawshı xalıqlardıń óz xanlıǵınıń dúzilgenligin bildiriwshi iske asırılǵan diplomatiyalıq ilaj edi. Kóterilis basshıları ózleriniń jaqın qońsıları menen kelisip qoymastan alıstaǵı Sırdárya jaǵalarındaǵı Xiywa xanlıǵı dushpanları bolǵan qazaqlar menen jıllı qatnaslar dúziwge háreket jasaǵan. Zárúr bolǵan jaǵdayda Sırdárya qazaqlarınan járdem sorawdı kózde tutqan.

Xiywa xanı Qutlımurat xan kóterilisshilerdiń isi kem-kem rawaj alıp baratırǵanlıǵınan qáwiplenip, túrkmen kóterilisshileriniń basshıları menen kelisim dúziw siyasatın ámelge asırmaqshı boladı. Bunnan maqset, qaraqalpaqlardı birinshiden awqamlaslarınan ayırıw, ekinshiden túrkmenlerdiń áskeriy kúshin qaraqalpaqlarǵa qarsı qollanıw edi. Bul siyasat Xiywa xanı ushın eń durıs siyasat edi. Biraq Qutlımurat xan bul siyasattı ámelge asıra almaydı. Bunı ámelge asırıwǵa Qutlımurattan sońǵı Xiywa xanı Seydmuxammed xan erisedi. Qutlımurat xan 1856-jılı fevral ayınıń basında túrkmenler arasınan ózine kóplegen tárepdar jıynaǵan inisi Muxammed Niyaz tárepinen óltiriledi. Ol eki mıń atlı ásker menen Xiywaǵa basıp kirip, xan sarayın iyeleydi hám Qutlımurat xandı óltiredi. Bul urıs barısında Muxammed Niyazdıń ózi de aman qalmaydı. Onı ertip kelgen áskerleri menen qosıp Xiywa áskerleri qırıp taslaydı.

1856-jılı 12-fevral kúni Xiywa taxtına Seydmuxammed otıradı. Ol xanlıq taxtına otırıwdan Qutlımurat xannıń ámelge asırmaqshı bolǵan isin dawam etedi. Ol dárhál ásker toplap kóterilisshi túrkmenlerdi baǵındırıw ushın óziniń túrkmenler arasındaǵı burıńǵı baylanısların iske salıp, túrkmenlerdiń bir bólimin ózine qaratadı. Atamurat xan óziniń burıńǵı qúdiretinen ayırılıp Seydmuxammed xannıń soqqısına duwshar boladı.

Seydmuxammed xan túrkmenlerdiń bir bólegin baǵındırıp, kóterilisshilerdiń birlesken kúshine sheshiwshi soqqı bergennen keyin kóterilis basshıları arasında jekkeleniwshilik payda boladı. Basında keneges Ernazar bolǵan on tórt ruw biyleri kóterilistiń keleshegine isenbey Xiywa xanı tárepke ótip ketedi. Bul jaǵday qaraqalpaqlardıń ón

tórt ruw arısınıń teń jarısınıń kóterilisshilerden qol úziwine alıp keledi. Ekinshiden Xiywa xanı tárepke ótip ketken biyler ózleri menen ketpey qaraqalpaqlar xanı Zarlıqtı «óziniń puqaraların kórsin», — dep aldap alıp ketip, Xiywa xanı Seydmuxammedke aparıp beredi. Usılayınsha jańadan dúzilgen qaraqalpaqlar xanlıǵı xansız qaladı. Bul nárse kóterilisshilerge óziniń ruwxıy unamsız tásirin tiygizedi. Kóterilistiń ideyalıq basshısı Ernazar Alakóz kóterilis tamamlanıp, qaraqalpaqlar xanlıǵınıń táǵdiri sheshilgenligin túsinse de Xiywa xanlıǵına baǵınıwdan bas tartadı. Ol óziniń dógeregine jıynalǵan sadıq qurallasları menen 700 úyli xojalıq bolıp, Qazaqdáryanıń teńizge quyarlıǵında bekkem qorǵan saldıradı. 1856-jıldıń 29-martında Seydmuxammed xan úlken ásker toplap Ernazar qorǵanına qamal jasaydı. Kóterilisshiler dushpanǵa qattı qarsılıq kórsetedi, adam kúshi jaǵınan oǵada basım bolıwına qaramastan qanshelli kúsh salıp jigerli túrde topılıs jasasa da xan áskerleri qorǵandı iyeley almaydı. Qamal derlik úsh ayǵa jaqın dawam etedi. Xiywa áskerleri qorǵandı kúsh penen qolǵa kirgize almaydı. 1856-jılı 12-iyun kúni Ernazar qıyanetshilik penen satqınnıń atqan oǵınan qazalanadı. Tek usınnan soń ǵana Ernazarqala Xiywa áskerleri tárepinen qolǵa kirgiziledi. Usılayınsha kóterilistiń aqırǵı tiregi qıyratıladı, Zarlıq xan Xiywa qalasında awır jazalarǵa giriptar etip óltiriledi.

Ernazar Alakóz bul kóteriliste xalıq ishinen shıqqan xalıq batırı retinde kózge túsedi. Ol ómiriniń aqırına shekem óziniń niyetine, kóterilisshilerge sadıq bolǵan. Jeke basınıń ǵamı ushın kóterilisshilerdi taslap qashpaǵan.

Ernazar Alakóz tuwralı Ózbekstan Respublikasınıń birinshi Prezidenti Islam Karimov 1997-jılı 17-iyunde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Joqarǵı Keńesiniń náwbetten tısqarı sessiyasında shıǵıp sóylegen sózinde Ernazar Alakózdi ádalat hám teńlik, azatlıq hám erkinlik ushın gúres júrgizgen batır qaraqalpaq perzentleriniń biri dep joqarı bahaladı[1].

---

[1] **I. Karimov.** Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo'lida. 6 tom, Tashkent, «O'zbekiston» 1998, 268 bet.

Ernazar Alakóz 1806-jılı tuwılıp, Aral jaǵalarında Ámiwdáryanıń teńizge quyar jerinde 1856-jılı 12-iyunde sheyit bolǵan.

Kóterilisshiler Xiywa xanlıǵınan bólinip ǵárezsiz mámleket bolıp jasawdı maqset etip qoyǵan.

Aral boyında jasaǵan Aral ózbekleri, qaraqalpaqlar, qazaqlar, túrkmenler birigip óz aldına xanlıq qurıwdı maqset etken. Qaraqalpaqlar óz tariyxına, mámleketshiligine iye bolıp óz elshilerin shet mámleketlerge, sonıń ishinde Rossiya mámleketi basshısı Petr I menen diplomatiyalıq hám sawda qatnasıqlarına iye bolǵanlıǵı tuwralı kóplegen jazba derekler bar. Ernazar Alakóz kóterilis basshısı qusbegi yaǵnıy ásker bası bolıp qazaqtıń tóre ruwınan Zarlıq degen adamdı xan dep daǵazalaǵan.

Ernazar Alakóz basshılıǵındaǵı kóterilis tuwralı júdá kóplegen tariyxıy derekler saqlanǵan. Olardıń arasında Xiywa xanlıǵınıń jazba tariyxıy shıǵarmalarında maǵlıwmatlar jazıp qaldırılǵan.

Ásirese qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı hám baqsısı bolǵan Berdaq shayırdıń Ernazar biyge baǵıshlanǵan poeziyalıq qatarları Ernazar Alakózdiń xarakterin, onıń aldına qoyǵan maqsetlerin túsiniwge járdem beredi. Ol ójet hám batır, Xiywa xanlarına qarsı bolıp, ólimnen de qorıqpay aqırına shekem óz maqsetinde turǵan márt azamat etip súwretlengen.

Xan áskerleriniń basshısı tárepinen oǵan arnawlı adamlar jiberip, kelisimge keliw tuwralı usınıs etilgende ol tıńlamay sondaǵı aytqan mına sózlerin Berdaq shayır keltirip ótken:

Meni heshkim tilemesin,
Jalınıp sorap júrmesin,
Men ólgende jılamasın,
Dedi arıslan Ernazar biy.

*Sorawlar hám tapsırmalar:*

1. Qashan qaraqalpaqlar arasında Xiywa xanlıǵına qarsı kóterilis payda boldı?
2. Ernazar Alakóz basshılıǵındaǵı kóterilisshiler kimdi xan etip kóteredi?
3. Ernazar Alakóz kóterilisshilerdiń dúzgen xanlıǵında qanday lawazımdı iyelegen?
4. Xiywa xanı Qutlımurat dekabr ayınıń aqırında kóterilisti bastırıw maqsetinde jibergen jazalawshı otryadqa kimler basshılıq etedi?
5. Kóterilisshiler tárepinde bolǵan Qońırat hákimin anıqlań.
6. 1856-jılı fevral ayınıń basında Xiywa xanlıǵında mámleketlik awdarıspaq júz beredi. Xiywa xanı Qutlımurat kim tárepinen óltiriledi?
7. Ernazar Alakóz óziniń tárepdarları menen qay jerden qorǵan saladı hám ol jerde xan áskerlerinen qorǵanadı?
8. Ernazar Alakóz qay jerde hám qashan qazalanadı?

## §11. 1858—1859-jıllardaǵı Qońırat kóterilisi

Xiywa xanı Seydmuxammed xan 1855—1856-jıllardaǵı Ernazar Alakóz basshılıǵındaǵı qaraqalpaqlardıń óz aldına xanlıq dúziw maqsetindegi kóterilisin bastırǵanı menen xanlıqta pútkilley tınıshlıq ornatıwǵa erise almadı.

Usınday xalıqlıq háreket 1858-jılı Qońırat qalasında payda boldı. Bunda xalıqtıń social-ekonomikalıq jaǵdaylarınıń awırlıǵı, Xiywa xanı Seydmuxammed xan tárepinen qoyılǵan Qońırat hákimi Qutlımurattıń xalıqtı basqarıwdaǵı biybastaqlıǵı tiykarǵı sebep boldı.

Kóteriliske Muxammed Pana[1] (Panaxan) basshılıq etti. Qońıratlılar qala hákimi Qutlımurattı hádden tıs zulımlıǵı sebepli oǵan qarsı til biriktirip, onı óltiredi hám Muxammed Pananı xan etip kóteredi. Ámiwdáryanıń pútkil shep jaǵalıǵındaǵı qaraqalpaqlar, ózbekler, qazaqlar hám

---

[1] Russha jazba dereklerde hám ádebiyatlarda Muxammed Fena dep keltiriledi.

túrkmenler kóterilisshiler tárepine ótip, tazadan dúzilgen xanlıq puqarasına aynaladı.

Panaxan Qońırat qalasın óz xanlıǵı paytaxtına aylandırıp, mámleketlik basqarıw sistemasın, qorǵanıw dúzimin iske asırıwǵa háreket etedi.

Óz xanlıǵınıń áskeriy qúdiretin keńeytiw maqsetinde túrkmenler kósemi Atamurat xan menen kelisim dúzedi. Bul kelisim boyınsha kóp muǵdarda túrkmen nókerleri Panaxanǵa jiberiledi. Túrkmen nókerleriniń kóbeyip ketiwi nátiyjesinde Panaxan túrkmen ásker basılarınıń tásirine túsip qalıp, óziniń siyasiy basqarıw islerinde ǵárezsizligin joytadı.

Panaxannıń túrkmen nókerlerine tóleytuǵın qarjısı bolmaǵanlıqtan nókerlerdi hár úyge bólip beredi. Olar hár atlıǵa kúnine eki ǵúmis teńge tólewi tiyis bolǵan. Xalıqtıń kún kóriw jaǵdayları kem-kem tómenlep barǵan. Túrkmen nókerlerine tóleniwi tiyis bolǵan tólem waqtında óndirilmey qalıw jaǵdayları jiyilesip, bul jaǵday túrkmen nókerleriniń óz bilgenin islewine sıltaw bolǵan. Olar túrli sıltawlar menen qońıratlılardıń mal-múlkin tartıp alǵan. Túrkmen áskerlerine tólewge hesh nársesi bolmaǵanlardıń balaların tartıp alıp, túrkmenler óz awıllarına aparıp satıp jibergen. Kimdekim bul zorlıq-zombılıqlarǵa qarsı tursa, Panaxan tárepinen ayawsız jazalanǵan.

Usılardıń sebebinen Panaxan ózinen xalıqtı uzaqlatıp aladı, xalıq endi onı burınǵıday qollap-quwatlamaydı, kerisinshe oǵan narazılıq kúsheyedi. Astırtın oǵan qarsı háreketler júrgize baslaydı. Usınday jasırın hárektlerdiń biri burınǵı Qońırat hákimi Qutlımurat tárepdarları tárepinen shólkemlestirilip, bunda olar jasırın til biriktiriw arqalı Panaxandı óltirmekshi boladı. Biraq olardıń háreketleri sezilip qalıp, til biriktiriwshiler Panaxannıń buyrıǵı menen darǵa asıladı. Bul óz gezeginde Panaxan burınǵıdan da beter túrkmenlerdiń tásirine túsiwin kóbeytip jiberedi. Kem-kem Panaxan túrkmen sárdarlarınıń qolındaǵı quwırshaqqa aylanadı.

Xalıq endi Qońırattan alıslap, Panaxannıń zulımlıǵınan qutılıwǵa háreket etedi. Qaraqalpaqlar menen qazaqlar Qońırattı taslap shıǵıp, alıs jerlerge jaylasıp qándekler qazıw, qorǵanlar qurıw arqalı Panaxan nókerlerinen awlaqta bolıwǵa, olardan qorǵanıwǵa háreket qılǵan.

Usınday urıs-qaǵıs, jawgershilik jaǵdayında el arasınan iri siyasiy iskerler, óz xalqınıń patriotları bolǵan el aǵaları jetisip shıqqan. Olar endi Xiywa xanı tárepine ótip xalqın qırǵınnan aman alıp qalıwǵa háreket qılǵan. Solardıń biri Molla Pirim bolǵan. Ol barlıq qaraqalpaq qáwimlerin jıynap, Tallıq dáryasınıń boyına qala saldırǵan. Onıń niyeti xalıqtı túrkmen áskerleriniń shabıwıllarınan qorǵaw bolǵan. Olar Panaxanǵa ásker beriwden hám salıqlar tólewden bas tartqan. Molla Pirim Xiywa xanı tárepinde bolıp, olar menen astırtın baylanıs ornatıp turǵan. Bunı bilgen Panaxan Molla Pirimdi ózine dushpan sanap, onıń basshılıǵındaǵı qaraqalpaqlarǵa shabıwıllar jasap turǵan. Sonday-aq, Panaxan nókerleri Qońırat átirapındaǵı qazaqlarǵa da topılıs jasaǵan. Xiywa xanı qazaqlarǵa járdem retinde 500 adamlıq nóker jiberip, olardıń járdemi menen qazaqlar túrkmen áskerleriniń topılısınan qorǵanǵan.

Qońırat átirapındaǵı qaraqalpaqlardıń awhalı júdá awırlasıp, olar Molla Pirimniń qorǵanına kelip, túrkmenlerdiń topılıslarınan qorǵanǵan. Túrkmen áskerleri qorǵandı qorshap alǵan. Qamal uzaq dawam etken, kúshler teń bolmaǵanlıǵı sebepli olar qorǵanǵa basıp kirgen hám olardı qırǵınǵa ushıratqan. Tiri qalǵanların quwǵın etip, shet ellerge satıp jibergen. Bul apatshılıq xalıq yadında uzaq saqlanǵan. Bul jerdegi 1500 xojalıqtan birneshe onlaǵan xojalıq ǵana aman qalǵan. Qalǵanları óltirilgen yamasa tutqınǵa alınǵan.

Qaraqalpaq klassik shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulı usı waqıyalardı basınan keshirip, qaraqalpaqlar arasında keńnen taralǵan «Bozataw» shıǵarmasın dóretken.

Mámlekettiń ishki jaǵdayların dúzey almaǵan Panaxan jaǵdaydı Rossiya mámleketiniń áskeriy kúshleri hám qollap

quwatlawı arqalı durıslawǵa erispekshi boladı. Sonıń menen birge Panaxan túrkmen nókerleriniń kúshi Xiywa xanına qarsı urısqa jetkiliksiz ekenligin túsinedi.

Panaxan Atamurat xan menen birge 1859-jılı mart ayında Rossiyadan járdem sorap óz elshileri arqalı Orenburg general-gubernatorına xat jollaydı. Bul dáwirge kelip Qońırat kóterilisshileriniń jaǵdayı júdá keskinlesken edi. Qala átirapındaǵı xalıq qazaqlar hám qaraqalpaqlar Panaxanǵa baǵınıwdan bas tartadı, ekinshi jaǵınan Xiywa áskerleri óz topılısların baslap jiberedi. Usı jaǵdaydan shıǵıw ushın Panaxan óz elshileri arqalı tómendegi mazmunda xat jollaydı: «birinshiden allaǵa isenemiz, ekinshiden, sizge isenip, qúdiretińiz kúshli bolǵan siziń sayańız bizge túsedi dep úmit etemiz. Eger biziń sizge úmit baylaytuǵınlıǵımızdıń sebebin sorasańız, siziń patshalıq qúdiretińiz».

Bul xat arqalı Panaxan ruslardıń áskeriy kúshinen paydalanıp óziniń hákimligin saqlap qalıwǵa, eger múmkinshilik tuwǵızılsa Xiywa taxtın iyelewge háreket qıladı.

Bul waqıtta Rossiya húkimetiniń Orta Aziyaǵa, sonıń ishinde Xiywa xanlıǵına qızıǵıwshılıǵı kúshli edi. Sol sebepli Muxammed Pana hám Atamurat xannıń elshileri Orenburg qalasında Rossiya húkimeti wákilleri tárepinen jıllı júz benen kútip alınadı. Olarǵa Patsha húkimeti tárepinen járdem beretuǵınlıǵı eskertiledi. Usı kelisimniń tiykarında 1859-jılı 14-iyun ayında Patsha Rossiyasınıń Aral flotiliyası komandiri A. I. Butakov «Perovskiy» paraxodı hám eki barjası menen, Qońırattı qolda uslap turıw ushın belgilengen piyada áskerlerdi tiyep, Aral teńizi arqalı ótip, Ámiwdáryanı órlep júzip, Qońıratqa qaray jol aladı. Olar Aral teńizinen dáryanıń kishkene dárya tarmaǵı arqalı júzip 24-iyun kúni azanda Qońıratqa jetip keledi.

A. I. Butakov kelgen waqıtta Xiywa xanı Seydmuxammed xan Qońırat qalasın qamal qılıp turǵan edi. Xiywa xanınıń tikkeley óziniń basshılıǵında Xiywa áskerleri Ruslardıń jaqınlasıp kiyatırǵanlıǵın esitip, qala qamalın bosatıp, 21-iyun kúni Tallıqtıń oń jaǵalıǵındaǵı Qubataw tárepke




Qońırat kóterilisi.

sheginedi. 21-iyun kúni azanda 10 mıń adamlıq áskeri menen Qubatawǵa jaqınlaǵan jerde ruslardı gezlestiredi. Biraq ruslar menen urıspay sheginip, waqıyanı shiyelenistirmey keynin kútiwdi uyǵardı.

A. I. Butakov basshılıǵındaǵı rus áskerlerine Rossiya húkimeti tárepinen belgilengen wazıypa kóterilisshilerdi Xiywa xanı menen jarastırıw, Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵı arqalı Rossiyaǵa baratuǵın Buxara kárwanların qorǵaw

minnetin olarǵa júklew, Xiywa-Rossiya kárwanlarına kesent bermew, rus kemelerine ótip hám azıq-awqatlar satıw islerin kóterilisshiler moynına júklew edi. A. I. Butakov bul waqıyalardıń hesh qaysısın da orınlay almaydı. Sebebi bul waqıtqa kelip Qońıratta jaǵday pútkilley ózgergen edi. Endi Xiywa xanlıǵı quramındaǵı qarama-qarsılıqlarǵa Angliya húkimeti aralasadı.

Rossiya húkimetiniń doslıq qatnasına umtılıp atırǵan Atamurat xannıń háreketinen xabar tapqan Angliya húkimeti óziniń qarsılası Rossiyanıń Orta Aziyaǵa tásiri kúsheyip ketiwiniń aldın alıw maqsetinde Atamurat xan menen baylanıs jasaydı. A. I. Butakov basshılıǵındaǵı Rossiya paraxodı Qońıratqa kelmesten aldın 1859-jıldıń báhárinde Túrkmenstandaǵı Atamuratxanǵa Angliya agentleri keledi hám Atamurat xandı Angliya tásirine túsirip, onı Rossiya dushpanına aylandıradı. Atamuratxan óziniń Rossiyaǵa qatnası ózgergen soń, Qońıratqa 300 atlı jiberip, qaladaǵı basshılıqtı óziniń qolına aladı.

Túrkmen sárdarları qolındaǵı quwırshaqqa aynalǵan Panaxan rus áskerleri járdeminen paydalanıw múmkinshiliginen de ayrıladı.

Panaxan A. I. Butakov basshılıǵındaǵı delegaciya kelgende kózabaǵa sóylesiw júrgizedi. Olar ruslardıń talabın orınlawdan bas tartadı, ózi tárepinen, orınlaw múmkin bolmaǵan talaplardı Rossiya wákillerine wazıypa etip júklewge háreket qıladı.

Muxammed Panaxan ruslar járdeminde Xiywa taxtın iyelemekshi boladı. Onıń dógeregindegi túrkmen sárdarları Xojeli hám Qıpshaq qalaların talawdı maqset etedi. Sóylesiwler juwmaǵı nátiyjesiz tamamlanıp, A. I. Butakov óz paraxodı menen 1-iyul kúni qaytıp ketip qaladı.

Juwmaǵında mámleketlik basqarıwda adminstrativ, siyasiy hám diplomatiyalıq qáteler jibergen Panaxan kóp uzamay 1859-jılı avgust ayında til biriktiriwshiler tárepinen óltiriledi. Bul til biriktiriiw Xiywa xanı kórsetpesi arqalı iske asırıladı.

Qońırat Xiywaǵa birlestirilip, xan tárepinen Qońırat hákimi etip Mátmurat biy belgilenedi.

Usılayınsha xalıq tárepinen, ádilsizlikke qarsı gúres stixiyalı túrde payda bolıp, sońında kóterilis basshılarınıń kóterilisshilerdi óz maqsetinde paydalanıwǵa urınıwı nátiyjesinde kóterilis xalıqlıq kóterilis túsin joytıp, siyasiy gúres, siyasiy kúshlerdiń vlastı ushın talas túrine aylandı. Panaxannıń uqıpsızlıǵı sebepli onıń dúzgen xanlıǵı bul hárekette ishki hám sırtqı tásirlerge shıdam bere almay tez arada qulap qaladı.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Qashan Qońırat qalasında kóterilis payda boldı?
2. Kóteriliske kim basshılıq etti?
3. Dáslebinde kóterilisti qollap-quwatlaǵan xalıq ne sebep kóterilis basshısı Panaxandı burınǵıday qollap-quwatlamaydı, kerisinshe oǵan narazılıq bildiredi?
4. Panaxan kimlerdiń qolında quwırshaqqa aylanadı?
5. Ne sebep Panaxan Molla Pirimdi ózine dushpan dep sanaǵan?
6. Panaxan Rossiya menen sóylesiwler júrgizgende qanday maqsetti kózde tutqan?
7. A. I. Butakov basshılıǵındaǵı Rossiyanıń wákilleri Qońıratqa qashan hám ne maqsette keledi?
8. Panaxan qashan hám kimler tárepinen óltiriledi?

## §12. Qaraqalpaqlarda basqarıw sisteması hám mámleketshiligi

Qaraqalpaqlar Xorezmdegi ózbekler menen birge Xiywa xanlıǵınıń arqa jaǵında Aral mámleketin dúzedi. Onıń orayı dáslep házirgi Qońırat qalası boladı. Onnan soń Shımbay (Shaxtemir) qalası boladı. Arallı qaraqalpaqlar hám ózbekler XIX ásirdiń baslarına deyin ózlerin-ózleri basqarıp Xiywa xanlarınan ǵárezsiz jasaǵan.

1747—1810-jıllar ishinde Jańadárya qaraqalpaqları menen arallı ózbekler arasında oǵada tıǵız siyasiy, ekonomikalıq baylanıslar ornaydı. Hátte olar birigip ketip Ámiwdárya-

nıń tómengi jaǵı menen Jańadáryanıń arası «qaraqalpaq eli» dep ataladı. Bul eki topar Aral mámleketi dep atalǵan bir xanlıqqa birigedi. Qaraqalpaqlar XVIII ásirdiń ekinshi yarımında óziniń ǵárezsiz mámleketine iye bolǵan. Olar 1750—1770-jılları Qazaq, Buxara, Xiywa xanlarınıń shabıwılların tabıslı túrde qaytarıp turadı. Bul dáwirlerde qaraqalpaqlardıń arasında da Nurtay, Maman biy, Orınbay biy, Begis, Mırjıq, Esengeldi, Aydos biy basqarǵan qaraqalpaq mámleketshiligi bolǵan. Arallı ózbeklerde Tóre biy degen ataqlı basshıları bolǵan. Olar Aral boyındaǵı xalıqlar menen tıǵız baylanısta bolǵan.

XIX ásirde Xiywa xanlıǵınıń quramındaǵı qaraqalpaqlar Ámiwdáryanıń ayaǵında Qońırat, Xojeli, Nókis, Shımbay, Dáwqara, Qıpshaq átiraplarında diyqanshılıq penen shuǵıllanǵan. Qaraqalpaqlar awıl-awıl bolıp jasaǵan. Biy xan tárepinen bekitilgen. Hárbir ruwdıń biyleri ekinshi bir biylerden ǵárezsiz tuwrı xanǵa baǵınǵan. Basqa biylerge kúshli tásiri bar biyler xan tartısıp qalǵan jaǵdayda úlken urıslarǵa, kóterilislerge aylanıwı múmkin bolǵan. Óytkeni Xiywa xanlıǵınıń hám onıń quramındaǵı qaraqalpaq xalqınıń tariyxında XIX ásirdiń birinshi yarımı hám ortaları úlken siyasiy tariyxıy waqıyalarǵa bay boldı, qaraqalpaqlar óz aldına mámleket bolıp jasaw ushın gúresler alıp barǵan. Bul mámleketshilikti tiklewge, ózlerin-ózleri basqarıw ushın Aydos biy úlken gúres júrgizgen. Ol 1827-jılı Xiywa xanlıǵınan ajıralıp óz aldına mámleket qurıw niyetin ámelge asıra almaǵan.

Usı sıyaqlı ekinshi úlken háreket 1855—1856-jılları islenedi. Onı Ernazar Alakóz iske asırmaqshı boladı. Onıń basshılıǵındaǵı xalıq azatlıq gúresi barısında kóterilisshiler Qaraqalpaq xanlıǵın dúziwge erisedi. Zarlıq tóre qaraqalpaqlar xanı etip kóteriledi. Biraq olar kóterilisshilerdiń ala awızlıǵı sebepli erisilgen nátiyjeni qolda uslap qala almaydı. Ernazar Alakóz hám onıń tárepdarları jeńiledi.

Bunnan keyingi háreket, Qońırat qalası hám onıń átirapına birikken xalıqlardıń óz aldına mámleket qurıw

ushın júrgizgen gúresleri, bul da sátsizlik penen tamamlanadı. Bul hám bunnan keyingi háreketler, óz aldına mámleket bolıwǵa, ózin-ózi basqarıwǵa umtılıwlar sátsizlik penen tamam bolıwına qaramastan qaraqalpaq, qazaq, ózbek, túrkmen xalıqların bir orayǵa birlestiriw jolındaǵı úlken tariyxıy áhmiyetke iye waqıyalar boldı. Bul háreketler qaraqalpaqlardıń óziniń mámleket qurıw jolındaǵı ármanların iske asırıwda óz nátiyjelerin de berdi. Usı gúreslerdiń juwmaǵında Xiywa xanı Seydmuxammed qaraqalpaqlarǵa baylanıslı mámleketlik basqarıw tarawında úlken ózgerisler kirgiziwge májbúr boladı. Ol qaraqalpaqlardı bekkem administrativlik tártipke baǵındırıw maqsetinde 1859-jılı Xiywa xanlıǵınıń administrativlik basqarıw sistemasında reforma júrgizedi. Ol Xiywa taxtın iyelewden baslap Ernazar Alakóz basshılıǵında qaraqalpaqlardıń, Atamurat xan basshılıǵında túrkmenlerdiń, Muxammed Panaxan basshılıǵındaǵı Qońırat kóterilisin bastırıwǵa erisedi. Bunnan bılay kóterilislerdi boldırmaw maqsetinde qaraqalpaqlardıń basına ózine sadıq adamlardı belgilew tártibin engizedi. Bul tártip qaraqalpaqlar arasınan shıqqan kútilmegen basshınıń biylerge tásir kórsetiw múmkinligin saplastıradı.

Seydmuxammed xan reforma júrgizbesinen burın XIX ásirde hám onnan burıńǵı dáwirlerde de qaraqalpaqlardıń basqarıw sistemasında biylerdiń atqarǵan xızmetleri oǵada úlken bolǵan. 1850-jıllardaǵı maǵlıwmat boyınsha qaraqalpaqlardıń basqarıw islerinde 100 ge shamalas biyler qatnasqan. Qaraqalpaqlar biylerge baǵınıp, biyler tuwrı xanǵa baǵınatuǵın bolǵan. Al endi, biyler xanǵa xabarlasıw múmkinshiliginen ayırılıp, olardıń ústinen qaraytuǵın atalıqlar, beglerbegi hám aǵabiy lawazımın engizedi. Atalıqqa birneshe biyler baǵınǵan. Atalıqlar beglerbegige baǵınǵan. Qaraqalpaqlardıń eki arısınıń eki beglerbegi bolıp, olar eń joqarı lawazım aǵabiyge baǵınǵan. Atalıqlardı xannıń ózi tayınlaǵan hám onıń xızmetleri ústinen qadaǵalaw júrgizip otırǵan. 1859-jıldan 1870-jıllar aralıǵında qaraqalpaqlardıń turmısında Ernazar atalıq degen bolıp, mámlekettiń siya-



Erejep aǵabiy.

siy islerine, diplomatiyalıq islerge aralasqan. Oraz atalıq, Tóremurat atalıq, Ádil atalıq hám basqalar Xiywa xanlarınıń eń isenimli adamları bolǵan. Qaraqalpaq mámleketshilik sistemasında engizilgen taǵı bir hámel beglerbegi degen ataq bolǵan. Qaraqalpaq tariyxında bul ataqqa miyasar bolǵan adam Sayıpnazar biy, onnan keyin Qabılbiy degen adam atqarǵan. Bul hámellerdiń orınbasarları lawazımların nayıp degen at penen ataǵan. Bul orınlarǵa qaraqalpaqlardan Qalmuxammed hám Sherjan biy degen tayınlanǵan.

Seydmuxammedtiń júrgizgen bul reforması jaǵdaydıń talabı tiykarında dúzilgen. Bul bir jaǵınan qaraqalpaqlardı qatal tártipke engizip, basqarıwdı ańsatlastırsa, ekinshi jaǵınan qaraqalpaqlar ushın da aldına qoyǵan maqsetiniń orınlanıwı edi. Qaraqalpaqlar endi óziniń mámleketlik dúzimine iye bolǵan edi. Qaraqalpaqlar uzaq dawam etken siyasiy gúreslerdiń barısında qolǵa kirgizgen bul mámleketshiligi Xiywa xanlıǵınıń Rossiya imperiyası tárepinen basıp alınǵannan keyin saplastırıldı.

Xiywa xanı tárepinen 1859-jılı engizilgen aǵabiy lawazımın qaraqalpaqlar ushın eń joqarı basqarıw organı bolǵan. Bul lawazım engizilgeninen baslap Qaraqalpaqstan jerin Rossiya basıp alǵanǵa shekem qaraqalpaqlardıń ataqlı biyi Erejep biy iyelep turǵan. Ol jas waqtınan siyasiy islerge belsene qatnasıp Xiywa xanlarınıń armiyasınıń quramında Túrkmenstan hám Iran jerlerine islegen atlanıslarında óziniń batırlıǵı menen kózge túsken. Sonıń menen qatar ol júdá tapqır, sheshen bolǵan. Ol el arasında Erejep tentek degen at penen de belgili bolǵan.

Erejep aǵabiydiń mámleketlik isker retinde óziniń arnawlı armiyası hám basqarıw apparatı bolǵanlıǵı tuwralı maǵlıwmatlar bar. Ol Xiywa xanınıń isenimli adamlarınan bolǵan. Oǵan 1850—1860-jıllarında Xiywa xanınıń Qoqan xanlıǵına jollaǵan elshilerine basshılıq etiw Xiywa xanı tárepinen isenip tapsırılǵan. 1873-jılı Xiywa xanlıǵınıń Rossiya tárepinen basıp alınǵan waqıtları Qaraqalpaqstan jerlerinen Xiywaǵa barıp Túrkstan general-gubernatorı menen bolǵan Xiywa xanınıń sóylesiwlerinde Erejep aǵabiy de qatnasqan.

Erejep biy haqqında xalıq arasında júdá kóplegen tariyxıy ápsanalar saqlanǵan. Sonıń menen birge, ol haqqında maǵlıwmatlar rus tariyxıy dereklerinde de kóplep ushırasadı. Rossiya imperiyası Orta Aziya xanlıqların, sonıń ishinde Xiywa xanlıǵın basıp alǵannan keyin júdá kóplegen tariyxıy jazba dereklerde Xiywa xanlıǵınıń hám qaraqalpaqlardıń tariyxıy turmısına tiyisli maǵlıwmatlar jazıp alınǵan. Solardıń ishinde 1873-jılǵı tariyxıy derekler boyınsha Shımbay qalasınıń shıǵıs tárepinde jasawshı Erejep aǵabiydiń jayında bolǵan rus oficerleriniń bergen sorawlarına Erejep aǵabiy Rossiyanıń qaraqalpaq jerlerin jawlap alǵanlıǵın, qaraqalpaqlardıń qural kúshi menen jawlap alǵanlıǵın ashıqtan-ashıq aytıp óz qarsılıǵın bildirgen sózleri Rossiya jurnallarında shıqqan.

Qaraqalpaq mámleketshiligin qurıwda at salısıp gúres alıp barǵan Aydos hám Ernazar haqqında Berdaq shayır óz shıǵarmalarında birqansha maǵlıwmatlar beredi. Máselen, Berdaqtıń tómendegi qatarlarınan Aydos biy hám Ernazar biydiń óz ara tuwısqanlıq qatnasıqları sol dáwirdegi el basqarıwshıları tuwralı tómendegi sózlerdi jazıp qaldırǵan.

Aydos biy jurttıń óresi,
Eki ulı Írza, Tóresi,
Ernazar biy nemeresi,
Ol qusbegi bolǵan eken.

Máwij urǵan dáryaday tastı,
Qılıshınan qanlar shashtı,
Úsh aǵash qurıp kisi astı,
Biyler zalım bolǵan eken.

Írzanıń ulı Iskender,
Altın qazıq tilla qamar,
Iskender ulı Qalender,
Ol hám bolıs bolǵan eken.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. XVIII ásirdiń ekinshi yarımında Jańadárya boyında Nurtay basshılıǵında qanday mámleketshiligi bolǵan?
2. XIX ásirdiń 40-jıllarında Xiywa xanlıǵında qansha xalıq jasaǵan?
3. Xiywa xanlıǵı administrativlik basqarıw sistemasında neshe beklik hám wálayatlarǵa bólingen?
4. Qaraqalpaq biyleri kimler tárepinen tayarlanıp hám kimler tárepinen bekitilgen?
5. Qaraqalpaq xanlıǵın tiklewge gúres alıp barǵan qanday biylerdi bilesiz?
6. Qaraqalpaqlardı basqarıwda Seydmuxammed xan tárepinen engizilgen lawazımlardı atap ótiń.
7. Engizilgen aǵabiy lawazımı qaraqalpaqlar ushın eń joqarı basqarıw organı bolǵan. Bul lawazımdı qaraqalpaqlardan kim iyelegen?
8. Atalıq lawazımın iyelegen qaraqalpaq biylerinen kimlerdi bilesiz?

## §13. Ámiw boyındaǵı awıllar, qalalar, qorǵanlar, turaq jaylar hám xalıqtıń milliy kiyim-kenshekleri

Qaraqalpaq xalqı tariyxıy rawajlanıw jolında ózine tán turmıs jaǵdayların hám mádeniyatın dúziwge eristi. Olar ájayıp materiallıq hám ruwxıy mádeniyat dúzip, bul mádeniyat áwladtan-áwladqa ótip biziń kúnlerimizge shekem jetip keldi.

Qaraqalpaqlardıń Aral teńizi jaǵalarında hám Ámiwdárya boylarında dúzgen materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı ózine tánligi hám sulıwlıǵı menen ajıralıp turadı.

Qaraqalpaqstannıń alımları kóp jıllardan beri bul ájayıp mádeniyat úlgilerin jıynap, olardı izertlep, kóplegen kitaplar, maqalalar jazdı. Respublikamızdıń hám burıngı awqamǵa kirgen mámleketlerdiń muzeylerinde olardıń úlgileri saqlanbaqta.

Ámiwdáryadaǵı suw tasqınlarına yamasa suwdıń tamtarıslıǵına baylanıslı qaraqalpaqlar qonıs mákanların ózgertip otırǵan.

Sonday-aq, feodallıq urıslarda qaraqalpaqlardıń bir bólegin kóshpeli turmıs keshiriwge májbúrlegen. Sonlıqtan qaraqalpaqlar ushın erte waqıtlardan baslap-aq kompleksli xojalıq: sharwashılıq, diyqanshılıq hám balıqshılıq tán bolıwına baylanıslı, olardıń tiykarǵı turaq jayı qara úy bolǵan.

Qaraqalpaqlardıń tiykarǵı bólegi awıllarda jasaǵan, awıl ádettegishe birneshshe onlaǵan, ayırım awıllar 200 hám onnan da kóbirek úylerden quralǵan. Qaraqalpaqlarda qara úy tiykarǵı turaq jaylardıń birinen esaplanǵan. Hárbir ata-ana ózleriniń ul-qızlarına qara úy soǵıp beriwi dástúr bolǵan. Biraq, bul isti qurǵın xojalıqqa iye adamlar ámelge asırǵan.

Qaraqalpaqlar kiyimlerde úy óndirisiniń ónimleri: paxta gezlemesinen, kendir jip gezlemesinen tayarlaǵan. Olar ózleriniń qoldan toqıǵan gezlemelerinen tısqarı ózbek hám tájikler tárepinen toqılǵan, jáne Buxara hám Xiywadan alıp kelingen jipek hám yarım jipek gezlemelerdi de keń paydalanǵan. Sonday-aq, XIX ásirdiń ortalarınan baslap Angliya, al onnan keyin rus mawıtısı, shıtqarı hám basqa da fabrika gezlemeler keń paydalanıladı.

XIX ásirdiń ekinshi yarımı XX ásirdiń basında qaraqalpaqlarda qatnas qurallarınan eń kóp taralǵan túriniń biri digershikli arba boldı. Arbalar qosatuǵın kóliktiń túrine qaray ógiz arba, at arba hám eshek arba dep atalǵan. Arbalardıń barlıq túrlerinen qurǵaqlıqta paydalanǵan, al suw qatnaslarda, júk tasıwda hám balıq awlawda keme hám shana úlken áhmiyetke iye bolǵan. Ámiwdárya boylap suwda júzetuǵın kóp kemeler bolǵan.

XIX ásirdiń birinshi yarımı hám ortalarında bilimlendi-

riw isi tolıǵı menen musılman ruwxanıylarınıń qolında bolǵan.

Oqıw orınları mektep hám medreseler edi. Mekteplerde baslawısh bilim berip, olarda Quran oqıw menen, din, úrp-ádetler úyretilgen. Medreseni pitkergenler orta maǵlıwmatqa iye bolıp, axun degen ataq alǵan.

Rossiyanıń Xiywa atlanısınan keyin Qaraqalpaqstanǵa polkovnik A. V. Kaulbarstıń basshılıǵında úlken ekspediciya jiberilip, ol Ámiwdáryanıń quyar ayaǵındaǵı tábiyiy jaǵdaylarınınıń, onda jasawshı xalıqlardıń xojalıǵın hám turmıs saltın izertledi. Olardan A.Kun, Shkanskiy, Abdakushin, Sobolev, Riza-Kuli Mırzalardıń miynetleri úlken áhmiyetke iye.

A. V. Kaulbars Ámiwdárya boylap, onıń shıǵıs salası Kókózek boyındaǵı awıllardıń barlıǵında kózi menen kórip, Aral boyında jasaǵan xalıqlar tuwralı kóplegen maǵlıwmatlar jazıp qaldırǵan.

Qaraqalpaqlardıń qurǵan jaylarınıń, meshit-medreselerdiń qaldıqları usı kúnlerge shekem saqlanıp kelmekte.

Ámiwdáryanıń bárhama tolıp tasıwları, qaraqalpaqlardıń otırǵan jerlerın ózgertip turıwına alıp kelgen. Qaraqalpaqlardıń hárbir ruwı óz aldına awıl bolıp jasap, diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq penen shuǵıllanǵan.



XIX ásirdiń 2-yarımındaǵı qaraqalpaqlardıń turaq jayı.



Qara úy.

Aral átirapında nókis, qıyat, qońırat, qıpshaq hám basqa da ruwlardıń atları menen atalǵan kúshli qorǵanları, qalaları bolǵan. Bul qorǵan qalalardıń arasında Qońırat qalası eń úlkenlerinen esaplanǵan. Qońırat qalası Aral wálayatınıń orayı bolǵanlıǵı sebepli siyasiy administrativlik áhmiyetke iye bolǵan. Qońırat qalası XIX ásirdiń birinshi yarımında biyik diywallar menen qorshalǵan bolıp, jawgershilik jaǵdayında átiraptaǵı xalıq qala ishine kelip jawdan qorǵanǵan, al paraxatshılıq jaǵdayında bul jerge kelip sawda islegen. Xojeli qalası da aymaqtaǵı úlken qalalardan, eń bekkem qorǵanlardan esaplanǵan. Bul qala Aral menen Xiywa ortasındaǵı sawda baylanıslarında úlken áhmiyetke iye bolǵan. Bul jerde sawda kárwanlarınıń toqtaytuǵın ornı bolǵan hám usı jerde sawdagerlerden bajı pul óndirilgen. Usınday áhmiyeti menen belgili bolǵan Xojeli qalası bekkem qorǵanlarǵa iye bolıp, siyasiy islerge de belsene qatnasa baslaydı.

Arallılardıń Xiywa xanlıǵına qarsı gúresinde Xojeli xalqı quwatlap, bul qala Xiywa xanına qarsı gúreste kúshli

qorǵan bolıp xızmet etken. Ol kúshli diywal menen qorshalǵan. 1804-jılı Xiywa xanı Eltuzer bul qorǵandı basıp alıw aldında onıń diywalların qıyratıwǵa buyrıq bergen. Xannıń áskerleri úsh kún dawamında onıń barlıq diywalların qıyratqan.

XIX ásirdiń birinshi yarımında Qońırat, Xojeli, Mańǵıt, Shımbay qalalarında úlken siyasiy waqıyalar bolıp turǵan. Usınday qalalardıń biri Jańaqala bolıp, ol áskeriy topılıslar bolǵan jaǵdayda qaraqalpaqlardıń qorǵanatuǵın jayları bolǵan. Sonday-aq, Xiywa xanlarına qarsı kóterilis waqtında paydalanatuǵın Aydosqala, Ernazarqala hám t.b. qalalar bolǵan. Olardıń arasındaǵı eń úlkenleri Shımbay, Qońırat, Nókis qalaları bolǵan.

Qaraqalpaq awılları óz aldına mádeniy oray bolǵan. Olardıń birqanshaları úlken medreselerdiń átirapında qáliplesken. Solardan Qaraqum iyshan, Kókózek, Iyshanqala átirapındaǵı awıllar bunıń ayqın mısalı bola aladı. Sonıń menen birge baylardıń paqsadan órilgen úlken jayları bolıp, olar diywallar menen qorshalǵan. Olardıń arasında usınday úlken háwlilerden Oraz atalıqtıń, Erejep biy hám Sasıq biylerdiń jayları belgili. Bulardıń birinshisi Qaraózek rayonı, ekinshisi Shımbay rayonı aymaǵında saqlanǵan.

Qaraqalpaqlarda arxitekturalıq esteliklerden Shımbayda Ayımbet iyshan, Kókózek boyında Ábdireyim iyshan, Shılpıqtıń qasında Tas medresesi, Xalqabadta Iyshanqala hám t.b. estelikler bolǵan. Qońırat qalasında 7 meshit bolıp, diywal menen qorshalǵan.

Qaraqalpaqlarda jergilikli qurılıs materiallarınan jaylar salınǵan. Olardıń arasında shópker jaylar kóplep ushırasadı. Sonday-aq, waqıtsha salınǵan qaqıra hám ılashıqlar bolǵan. Biraqta eń tiykarǵısı bul qara úy bolıp, oǵan xalqımız bar uqıbın jumsap, hárbir balaǵa hám qızına shaması kelgen adamlar úy qurıp berip úylendirip, óz aldına shańaraq etiw dástúri keń dárejede rawajlanǵan.

Hárbir xalıqtıń jasaǵan tábiyiy ortalıǵına, xojalıq turmısına muwapıq ózine tán milliy kiyimleri bolǵan. Bul

milliy kiyimleri olardıń ásirler dawamında qáliplestirip, qásterlep saqlap kelgen milliy mádeniyatınıń bir bólimi bolıp tabıladı. Qaraqalpaqlar ózleriniń kiyimleri arqalı da basqa xalıqlardan ajıralıp turadı. Bunda olardıń kiyimleri ózleriniń stili, sulıwlıǵı menen ajıralıwı menen birge bul kiyimlerdi tigiwde olarǵa salınǵan naǵısları, kiyimlerdiń tayarlanıw usılları, jumsalǵan materialları menen de basqa xalıqlardan ajıralıp turǵan.



Ton.

Qaraqalpaqlardıń kiyimleri ulıwma alǵanda basqa xalıqlardıń kiyimleri menen birqansha usaslıqlarǵa iye bolıwı menen birge, basqa xalıqlarda ushıraspaytuǵın kiyimleri de bar. Bul kiyimler qaraqalpaqlardıń ruwxıy dúnyasına, milliy psixologiyasına baylanıslı rawajlanıp otırǵan. Bul kiyimlerdi úyreniw arqalı qaraqalpaqlardıń ruwxıy hám materiallıq mádeniyatın túsiniwge boladı.

Qaraqalpaqlardıń er adamlarınıń kiyimleri ishinde ton úlken orın iyelegen. Tonlardıń birneshe túrleri bolǵan. Bulardan qoy terisinen tigilgen tonlar, tay terisinen tigilgen—tayshaqı, eshki terisinen tigilgen—qılqanı aytsa boladı. Tayshaqı menen qılqanı tiykarınan padashılar kiygen. Bul tonlar terisi ishke, júni sırtqa qaratıp tigilgen. Qaraqalpaqlar kóbinese tondı qoy terisinen islegen. Bunda qoy terisi iylenip jumsartılıp bolǵan soń júni astarına qaratıp tigilgen. Sırtı sulıw etip hár qıylı boyawlar menen boyalǵan. Ton tek ǵana jıllı júriw ushın ǵana emes, al sán ushın da kiyilgen. Xalıq arasında saqlanǵan ańız boyınsha belgili qaraqalpaq biyi Aydostıń «qısta ton kiymegen, jazda qatıq ishpegen



Qamarı belbew.

qaraqalpaqtan keńes sorawǵa bolmaydı», dep aytqan sózi usı waqıtqa shekem saqlanǵan.

Sonıń menen birge er adamlar kóplegen kiyimlerdi shapan hám shekpenler, kóylek, beshpentler kiygen. Bellerin qayıslar hám belbewler menen buwatuǵın bolǵan. Belbewlerdiń qamarı belbew, gúdarı belbew sıyaqlı túrleri bolıp, olardıń birneshe pıshaqlar ushın, shayqalta ushın arnawlı qınları bolǵan.

Qaraqalpaqlar bas kiyimleri arqalı da basqa xalıqlardan ózgeshelenip turǵan. Erler basına taqıya, malaqay, shógirmeler kiygen. Solardıń arasınan jas qozılardıń sulıw terilerinen islengen shógirmeler úlken áhmiyetke iye bolǵan. Shógirmeler qurash dep te atalǵan.

Erler ayaǵına etikler, másiler, gewishler kiygen. Ayaq kiyimler hár qıylı mallardıń terilerinen tigilgen. Etiklerdiń birneshe túrleri bolǵan. Olardan uyıq, sharıq, baykem etik. Bunday etiklerdi tigetuǵın hárbir awılda hám qalada arnawlı etikshiler bolǵan.



Kók kóylek.



Sáwri gewish.

Qaraqalpaqlar qızların jaslayınan kiyim tigiw, órmek toqıw, keste tigiw sıyaqlı sheberlik islerge úyretip kelgen. Hárbir qız turmısqa shıǵaman degenshe qaraqalpaq milliy kiyimlerin tigiwdi, milliy naǵıslar toqıwdı biliwi tiyis bolǵan.



Sáwkele.

Qaraqalpaq qız-kelinshekleriniń kiyim-kenshekleri sulıw etip naǵıslar menen bezelip, kiyimler hár túrli reńlerge iye bolǵan. Ásirese olar qızıl, kók reńdegi gezlemelerden tigilgen kiyimlerdi kóp kiygen.

Hayal-qızlar kóylektiń sırtınan shapan, beshpent, jeńse kiygen. Al jası úlken hayallar hám kempirler aq reńdegi gezlemeden tigilgen kiyimler kiygen.

Jas qızlar basına taqıya kiygen, oramal tartqan. Er jetken qızlar basların sulıwlap orap, sırtınan oraypek jamılǵan.

Hayal-qızlar ayaǵına mallardıń terisinen tigilgen gewish, mási, biyik óksheli etikler kiygen.

Qaraqalpaq hayal-qızları bulardan basqa kiymeshek, jegde, sáwkele, kók kóylek kiygen.

Kiymeshektiń eki túri bolǵan. Aq kiymeshekti kempirler, al qızıl kiymeshekti jas kelinshekler kiygen. Jas qızlar kiymeshektiń bir túri óńirshe kiygen. Óńirsheniń kiymeshekten ayırmashılıǵı, óńirshe túyme, teńgeler menen bezetilip kestelengen.

Jegde — qaraqalpaq hayal-qızlarınıń bas kiyimi esaplanıp, ol shapanǵa uqsas bolǵan, biraq onıń jeńleri bolmaǵan. Jegdeniń de jas ayırmashılıǵına qaray túrleri bolǵan. Qızlar hám jas kelinshekler jipekten tigilgen qızıl jegde, al kempirler aq jegde jamılǵan.

Sáwkele toy-merekelerde kiyiletuǵın kiyim bolıp, uzatılǵan qızǵa jeńgesi tárepinen kiygizilgen. Sáwkele gúmis, altın teńgeler, monshaqlar, marjanlar menen bezetiletuǵın bolǵan.

Hayal-qızlardıń kiyim-kensheklerine sáykes zergerler tárepinen soǵılǵan júzik, ayshıqlı sırǵa, bilezik, árebek, háykel, shar túyme, óńir monshaqlar sıyaqlı taǵınshaqları bolǵan.

Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń milliy kiyim-kenshekleri kóp jıllar boyı tariyxshı etnograflarımız tárepinen jıynalıp izertlenip, házirgi waqıtta I. V. Savickiy atındaǵı muzeyde saqlanıp kelinbekte. Bul muzey eksponatları dúnya júzindegi kóplegen mámleketlerde shólkemlestirilgen kórgizbelerde joqarı bahalarǵa iye bolmaqta. Házirgi waqıtta qaraqalpaq milliy ónerlerin kóriwge júdá kóplegen turistler kelip joqarı baha bermekte.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqstan jerinde jaylasqan qorǵan hám qalalardıń atların atap kórsetiń.
2. XIX ásirde qaraqalpaqlardıń tiykarǵı qonısı awıllar bolǵan. Bul awıllar qanday jaylardan dúzilgen?
3. Qaraqalpaqlar ózleriniń jayların qanday materiallardan qurǵan?
4. Qaraqalpaqlarda ayrıqsha arxitekturalıq usıllarda qurılǵan qanday esteliklerdi bilesiz?
5. Qońırat qalasında qansha meshit-medreseler bolǵan?
6. Qaraqalpaqlardıń er adamlarınıń kiyimleri tuwralı aytıp beriń.
7. Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń kiyetuǵın kiyimleri tuwralı ne bilesiz?
8. Qaraqalpaqlarda jas qızlar neshe jastan baslap hár túrli kiyim-kenshekler tigiwge úyretilgen?

## §14. Milliy taǵamlar, xalıqtıń úrp-ádetleri, bayramları

Qaraqalpaqlar ózleriniń jaylasqan geografiyalıq ortalıǵınıń múmkinshiliklerinen paydalanıp, diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq hám ańshılıq penen de shuǵıl-

lanǵan. Usıǵan baylanıslı qaraqalpaqlardıń milliy taǵamları da ózleriniń óndirgen milliy ónimlerine baylanıslı bolǵan.

Dánli ósimliklerden qaraqalpaqlar arasında biyday, júweri úlken áhmiyetke iye bolǵan. Biyday hám júweri unınan qamır iylenip nanlar japqan. Biyday unınan pátir, shórek, bawırsaq, shelpek pisirgen, júweri unınan geshir hám asqabaq qosılıp arnawlı tandırlarda zaǵara japqan. Nanlar tandır hám qazanlarda jabılǵan. Bawırsaq, shelpek bayram, máresim kúnleri, sonday-aq ata-babalar ruwxına arnalǵan iyis kúnleri pisirilgen.

Bunnan basqa gúrishten palaw, sháwle pisirgen. Másh, lobiya hám gúrish qosılıp máshaba gója pisirilgen, oǵan mal sútinen tayarlaǵan qatıq, súzbe, toraq qosıp paydalanǵan.

Qaraqalpaq awqatları arasında sútli taǵamlar úlken áhmiyetke iye bolǵan. Mal sútinen balalar ushın súykimli bolǵan sút gója tayarlaǵan. Sút pisirilip, onnan qatıq uytılǵan. Sút hám qatıq qaymaqlarınan gúbide pisilip, sarı may, ayran tayarlaǵan. Ayran jazdıń ıssı kúnleri shóldi qandırıwshı ishimlik esabında ishilgen. Sarı mayǵa tarıdan tayarlaǵan sók qosılıp, maysók islengen. Maysók kelin túsiriw toylarında, shashıw toylarda hám bayram kúnleri tayarlanǵan.

Mal sútinen bulardan tısqarı toraq hám súzbe tayarlap, paydalanǵan. Qara maldıń sútinen tısqarı qaraqalpaqlar qoy hám eshkiniń sútlerinen de paydalanǵan. Xalıq arasında «qoydıń súti — qorǵasın»,— degen maqal bar. Bul maqal qoydıń súti qoyıw boladı,— degendi bildiredi. Sonday-aq, eshkiniń sútin ásirese jas balalarǵa ishkizilgen.

Qaraqalpaqlar awqat pisiriwde qawın shopaǵı, ayǵabaǵar, gúnji, kendir hám taǵı basqa da ósimliklerden alınǵan maylardan paydalanǵan. Hárbir awılda may shıǵarıwshı juwazxanalar bolıp, onıń iyesi juwazshılar dep atalǵan.

Qaraqalpaqlar turmısında góshli taǵamlarǵa kóbirek itibar berilgen. Góshli awqatlarǵa iri qara mal, qoy, eshki, tawıq góshlerinen paydalanǵan. Ásirese olardıń eń jaqsı kórip pisiretuǵın awqatı gósh sorpa bolǵan. Onıń sorpasına biyday

hám júweri unınan tayarlanǵan gúrtik salınıp, qaraqalpaqlardıń milliy taǵamı gúrtik pisirilgen.

Qaraqalpaqlar turmısında ańshılıqtıń da ornı úlken bolǵanı sebepli, olar ań góshlerinen de kóp paydalanǵan. Ań góshlerinen kiyik, qoyan, qırǵawıl hám basqa da ańlardıń góshlerinen hár qıylı awqatlar tayarlanǵan. Xalıq arasında kiyiktiń góshi eshkiniń góshine, qırǵawıldıń góshi tawıqtıń góshine teńlestirilgen. Ań góshlerinen tayarlanatuǵın awqatlardan ásirese qoyan sháwle eń jaqsı kóretuǵın taǵamlardan esaplanǵan. Qıs kúnleri ushın góshler duzlap, qaq etilip saqlanatuǵın bolǵan.

Qaraqalpaqlar mákan etken aymaqta: Aral teńizi hám Ámiwdárya boylarında bul waqıtta kól hám kanallar kóp bolǵan. Bul kól hám kanallar balıqqa oǵada bay bolıp, xalıq sazan, bekire, súwen, ılaqa usaǵan balıqlardı awlap, kúndelikli turmısta paydalanıp kelgen. Balıqtan hár qıylı awqatlar pisirgen. Balıqtı mayda quwırıp balıq quwırdaq tayarlanǵan. Taza balıqtan sorpa pisirip, onıń sorpasına biyday unınan islengen gúrtik salınıp, balıq qarma tayarlaǵan. Balıqtan awqatlar tayarlaw menen bir qatarda olardı keptirip, qaqpash etip te paydalanǵan. Shımbay, Qońırat hám basqa da qalalarda arnawlı balıq bazarları, balıq quwırdaqxanaları bolǵan. Házirgi waqıtta xalqımız milliy taǵamları dúnya júzine málim bolıp, balıqtan 99 túrli taǵamlar tayarlanıp hámmeni hayran qaldırdı.

Bulardan basqa qaraqalpaqlar turmısında tek ǵana bayram kúnleri pisiriletuǵın bayram taǵamları bolǵan. Máselen, báhárdiń kirip keliwi menen baslanatuǵın Nawrız bayramında nawrız góje hám súmelek tayarlaǵan.

Áyyemgi dáwirlerden saqlanıp kiyatırǵan súmelek biyday dáninen tayarlanǵan. Tazalanǵan biyday suwda bórttirilip, bóleklerge bólinip kelide túyilgen. Onnan shıqqan suwı qazanǵa biyday yamasa júweri unınan az ǵana qosılıp qaynatılǵan. Súmelek iláhiy taǵam dep esaplanıp, onı taza jerde, pákize dep sanalǵan hayallar tárepinen tayarlanǵan. Súmelek — «juwannıń jińishkerip, jińishkeniń úzilip

turǵan» waqtında dińke endiriwshi, toyımlı awqat sıpatında pisirilgen. Nawrız góje—jeti túrli dánnen tayarlanǵan. Nawrız góje pisirgen xojalıq jaqsı niyet penen pisirgen gójeden qońsılarına taratqan.

Qaraqalpaqlar kúndelikli turmısında hám awqat pisiriwde palız-baqsha eginlerinen paydalanǵan. Qawın, ǵarbız, asqabaq, palawqabaq, piyaz, geshir sıyaqlı eginlerdi óz atızlarına egip, olardıń ónimlerin qıs kúnleri qalay saqlaw kerekligin bilgen. Qawınnan qawın qaq, qawın qurt tayarlaǵan.

Xalıq arasında bayram, toy-mereke kóp bolǵan. Ata-babalarımız áyyemgi zardushtiylik zamanlardan baslap toy-merekeler xalıq úrp-ádetlerine sáykes ótkerilgen. Toylarda at shabıs, ılaq oyın, palwan gúres, kókpar oyınları hám basqa da xalıq oyınları ótkerilip, bayraqqa hár qıylı zatlar qoyılǵan.

Xalıq turmısında qız uzatıw dástúri keń orın alǵan. Qız hám jigittiń ata-anaları bir-biri menen kelisimge kelip, qalıńmal muǵdarı belgilengen. Qız ayttırılıp, qalıńmal tólegennen keyin kúyew óz qalıńlıǵı menen qız jeńgeleri járdeminde sóylesiwge huqıqlı bolǵan. Qalıńmaldıń kólemi hár qıylı bolıp, ózgerip otırǵan. Qalıńmaldan tısqarı sút haqı, el qádesi hám basqa da qádelerdi orınlawı tiyis bolǵan.

Qalıńmal hám qádeler orınlanǵannan soń, belgilengen múddette qız uzatıw toyı ótkerilip, qız jeńgeleri hám kúyew jigit jora-joldasları menen qızdı uzatıp alıp ketken. Qızdıń ata-anası qızı ushın múmkinshiligi bolǵansha arnap otaw tayarlaǵan.

Qız uzatılǵannan keyin, jigittiń ata-anası kelin túsiriw toyın bergen. Bul toyda bet ashar aytıw dástúrge aynalǵan. Bet ashardıń wazıypası—jańa túsken kelindi ata-enesi, aǵayin-tuwısqanları hám jańa túsken jerindegi aǵayin, qońsı-qobalar hám awıl adamları menen jaqınnan tanıstırıw bolıp, bet ashar aytıwshı bular jóninde ıqsham sulıw poetikalıq sózler járdeminde tanıstırǵan.

Bunnan basqa besik toyı, tusaw kesiw, súnnet hám múshel toyları ótkerilgen. Bul toylardıń hárbiri ózine sáykes

ózgeshelikleri menen bala tuwılıwdan er jetemen degenshe dáwirlerde jaqsı niyetler menen ótkerilgen.

Bul toylarda hár qıylı xalıq oyınlarınan tısqarı jırawlar, baqsılar ayttırılǵan. Altın qabaq attırıw oyını ótkerilip, qabaqtı atıp túsirgen adamlarǵa sılıqlar berilgen. Qız-jigitler ushın arnawlı úy berilip geshtek uyımlastırılǵan. Onda át-kónshek tebiw, qız-jigit aytısları ótkerilgen.

Qaraqalpaqlar arasında islam dinine shekemgi dástúrler orın alǵan. Olar teńizge, suwǵa, otqa, ata-babasınıń árwaǵına sıyınǵan. Qaraqalpaqlar jerdi húrmetlep, oǵan sıyınǵan. Jerdi taza saqlawdı onı qorǵawdı, biykar paydalanbawdı úyretken. Hárbir haywannıń iyesi-piri bar dep isengen. Qoy piri — Shopan ata, sıyır piri — Záńgi baba, jılqı piri — Qambar ata, túye piri — Oysıl qara degen túsinikler bolǵan.

Xalıq arasında ólgen adamlardı jerlew dástúri islam dininiń talaplarına muwapıq júrgizilgen. Óliktiń betin qublaǵa — Mákke Mádina tárepke qoyıp jerlegen. Hárbir awıldıń, ruwdıń ózleriniń qoyımshılıǵı bolıp, xalıq bul qoyımshılıqqa ótken ata-babalardıń ruwxı saqlanǵan jer retinde úlken húrmet penen qarap, qoyımshılıqlardı qásterlegen.

Adam ólgennen soń xalıq dástúrine sáykes namazı, jetisi, qırqı, júzi hám jılı ótkerilgen. Buǵan alıslarǵa xabar jiberilip, ólgen adamnıń yaki onıń jaqınlarınıń tamır-tanısları, aǵayinleri shaqırılǵan. Merekede ólgen adamǵa arnap joqlaw aytıladı hám onıń ruwxına baǵıshlap quran oqıladı. Jılı bolaman degenshe xojalıq aǵzaları qara kiyim kiyip júrgen. Piyshembi, iyis kúnleri marhum húrmetine iyis shıǵarılıp, bawırsaq hám shelpek pisirgen, quran oqılǵan.

Qaraqalpaqlar ótken dáwirlerde hár túrli bayramlardı bayramlaǵan. Solardıń biri Nawrız bayramı bolıp, bul bayram áyyemgi waqıtlardan beri Orta Aziya xalıqlarınıń turmısında keńnen belgilengen. Bul bayram hár jılı kún menen tún teńlesken waqıtta, yaǵnıy 21-mart kúnine teń kelgen. Bul kún jańa jıldıń baslanǵan kúni, yaǵnıy báhárdiń baslanıwı sıpatında ǵalaba xalıq bayramı bolıp belgilengen.



Qara úydiń ishki bezewi.

Nawrız bayramı óziniń kelip shığıwı boyınsha erte zamanlarğa barıp taqaladı. Nawrız bayramı diyqanshılıq penen báhár menen baylanıslı payda bolğan bayram. Nawrızdıń áyyemgi dáwirlerde kelip shıqqanlığı tuwralı ullı ilimpaz Beruniy óz miynetlerinde kórsetip bergen.

Qaraqalpaqlarda Nawrız 21-mart kúni belgilengen. Usı kúnnen baslap dástúr boyınsha jerge tuqım taslap, diyqanshılıq etiwge bolatuğın bolğan.

Nawrız ası ishilgennen soń Nawrız seyili baslanğan. Seyil eki háptege shekem dawam etetuğın bolğan. Seyilge awıl jası úlkeni tárepinen belgilengen adam basshılıq etken.

Seyilde aldın ala belgilengen dástúr boyınsha átiraptağı awıllarğa hám qalalarğa xabar jiberilip, bayram múnásibeti menen at jarısları, ılaq oyını, arqan tartıspaq, palwan güresleri sıyaqlı sport jarısları menen qatar qoshqar dúgispesi, qoraz urıstırıw sıyaqlı zawıqlar ótkerilip, sońınan baqsı, jırawlardıń atqarıwında qosıqlar hám dástanlar tıńlanğan.

Qız-jigitler arnawlı qurılğan átkónsheklerde ushqan. Jaslar bayramı keshte ótkerilgen otırıspa, geshteklerde

dawam etken. Geshteklerde jigit aǵası hám qız jeńgesi basshılıq etken. Olardıń basshılıǵında saz-sáwbet hám oyın zawıqlar ótkerilgen.

Orazadan eki ay keyin qurbanlıq hayt bayramı belgilengen. Bul bayram diniy túsinik hám isenimler menen baylanıslı bayram bolıp, bul bayramda hárbir musılman quday jolına jılına bir márte qurbanlıq islewi kerek bolǵan. Qaraqalpaqlar arasında qurbanlıqqa kóbinese iri qara mallardı soyǵan. Ádette qurbı jetpegenler jeti xojalıq birigip bir mal soyǵan. Múmkinshiligine qaray qoy-eshkiler de soyılǵan.

Soyılǵan mallardıń góshleri tolıǵı menen asılıp, pisirilgen awqatqa qońsı-qoba, aǵayın-tuwǵanlar mirát etilip, berilgen sadaqanıń húrmetine sadaqa beriwshiniń ata-babalarına arnalǵan quranlar oqılǵan hám pátiya berilgen.

Dástúr boyınsha qurbanlıq kúni jeti úyden awqat jep, quran oqıp, pátiya islew sawap dep esaplaǵan. Sonıń menen birge Qurban Hayt kúni hár qıylı oyın-zawıqlar da ótkerilgen. Bul kún qaraqalpaqlar ushın eń úlken bayramlardan esaplanǵan.

Qaraqalpaqlar ózbekler, qazaqlar, túrkmenler hám qońsı xalıqlar arasında islam dinine shekemgi zoroastrizm dinine tiyisli ádetler, bilimler júdá kóp saqlanǵan.

Qaraqalpaqlar úlken aymaqlarda jasap, Aral boylarınıń geografiyasın jaqsı bilgen. Olar diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq islerin rawajlandırıw ushın tábiyattıń sırların, juldızlardı, kún menen tún, hár jıldıń hár máwsimin jaqsı biliwi kerek bolǵan. Olar hawa rayınıń jıl sayın ózgeriwin, jıllılıq hám suwıqlıqtıń baslanıw waqıtların boljap bilgen. Aspan juldızlarına qarap, olar túnlerde arqa menen qublanıń qayaqta ekenligin anıqlap bilip, adaspay bir awıldan ekinshi awılǵa baratuǵın bolǵan. Onıń ushın olar aspandaǵı juldızlardıń ornalasıw tártibin bilgen. «Temir qazıq», «Sholpan», «Jeti qaraqshı», «Úrker» hám taǵı basqa da juldızlarǵa qarap jıl máwsimleriniń ózgerislerin bilgen. Sonday-aq, «Súmbile», «Tárezi» hám basqa da juldızlardıń qásiyetlerin

xalıq bilgen hám olarǵa qarap ózleriniń tájiriybe islerinde keńnen paydalanǵan.

Qaraqalpaqlarda hár on eki jıl bir múshel bolıp esaplanadı. Hárbir jıldıń óz atı bolǵan. Hár jıldıń da óziniń belgili qásiyeti bolıp, olar haywan atları menen atalǵan. Hárbir qaraqalpaq óziniń tuwılǵan jılın usı haywan atları menen bilgen. Qaraqalpaqlarda xalıq kalendarı usı on eki haywan atları menen belgili bolǵan.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Xalqımız qanday dánli awqatlardan paydalanǵan?
2. Sútli awqatlardıń qanday túrleri bolǵan?
3. Qanday bayram taǵamların bilesiz?
4. Palız-baqsha eginlerinen pisiriletuǵın qanday awqatlar bolǵan?
5. Qız uzatıw dástúri qanday bolǵan?
6. Islam dinine shekemgi zardushtiylik dininiń qanday qaldıqları bolǵan?
7. Nawrız bayramları qalay ótkerilgen?
8. Xalıq kalendarı haqqında nelerdi bilesiz?

## §15. Ruwxıy mádeniyat

XIX ásirde Ámiwdárya boylarında hám Aral jaǵalarında jasaǵan xalıq joqarı ruwxıy mádeniyatqa iye bolǵan. Hárbir awılda meshitler bolıp, xalıqtıń ul-qızları jas waqtınan baslap meshitlerge barıp bilim alǵan. Meshitlerde jas balalardı óz tuwıp ósken jerin súyiw, jas waqtınan baslap miynet súygishlikke, insandı qádirlewge, bilim alıwǵa hám de eń jaqsı insanıylıq qásiyetlerge tárbiyalaǵan. Bul oqıw orınlarında ullı ulamalardıń jazǵan diniy kitapları, arab tili, parsı tili hám de Ferdawsiydiń, Nawayınıń, Fizuliydiń miyrasları úyretilgen.

XIX ásirde qaraqalpaqlar arasında islam dini keń tarqalıp bilimli adamlar júdá kóp bolǵan. Olar baslanǵısh bilimdi óz awıllarındaǵı mekteplerde alǵan. Hárbir awıldıń mektep mollası bolǵan. Awıldıń hárbir balası jeti jasqa tolǵannan

keyin mekteplerge qatnap, mollanıń basshılıǵında sawatın ashqan.

Bul mekteplerde arab alfavitinde oqıw hám jazıw úyretiliw menen birge baslanǵısh diniy túsinikler berilgen. Usınday mekteplerdiń sanı XIX ásirde Qaraqalpaqstan aymaǵında 318 bolǵan.

Mekteplerdi pitkergen jaslar ózleriniń ıqlasına hám materiallıq múmkinshiliklerine qarap, joqarı oqıw orınlarda — medreselerde bilimin jetilistirgen. Bunday medreselerden Aral jaǵalarında qurılǵan Qaraqum iyshan medresesi pútkil Oraylıq Aziyaǵa belgili bolǵan. Bunnan basqa qaraqalpaqlar arasında sol sıyaqlı birneshe medreseler bolǵan. Bulardan: Qalila axun, Embergen axun, Ayımbet iyshan, Iyshanqaladaǵı medreseler. Solardıń arasında Tas medrese hám Qaraqum iyshan medreseleri házirgi Qaraqalpaqstan aymaǵında sufizm táliymatın tarqatıwda úlken xızmet atqarǵan.

Tas medrese házirgi Ámiwdárya rayonı aymaǵında 1841-jılı Xojaniyaz biy tárepinen qurılǵan.

Qaraqum iyshan medresesi XIX ásirdiń ortalarında qurılǵan. Onıń talabalar oqıytuǵın 30 ójiresi bolǵan. Medresede óz zamanına ılayıq kitapxana bolǵan. Onıń qorında Álisher Nawayı, Ferdawsiy hám basqa da shıǵıs ádebiyatı klassikleriniń shıǵarmaları menen tolǵan kitaplar bolǵan. Bul kitapxana keńes hákimiyatı jılları ishinde joq etilgen.

Qaraqum iyshanları Aral boyı xalıqları menen sonıń ishinde qaraqalpaq, qazaq, ózbek xalıqlarınıń arasında sufizm ideyaların taratıwda úlken áhmiyetke iye bolǵan. Qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili wákilleri Berdaq shayır Qaraqum iyshannıń medresesinde oqıǵan. Qaraqum iyshan medresesiniń qalǵan orınları elege shekem Aral boyı jaǵalarında saqlanıp tur. Onda Kúnxoja, Berdaq shayır qábirlerine úlken estelik salınǵan.

Qaraqalpaqlar haqqında qazaq xalqınıń ullı ilimpazı Shoqan Walixanov aytqanınday, olar sahranıń búlbúli bolǵan. Olar qosıqsız, dástanlarsız, tariyxıy áńgimeler-

siz ózleriniń toy-merekelerin ótkermegen. Qaraqalpaqlarda folklor úlgileri oǵada kóp bolǵan. Folklor úlgileriniń biziń zamanımızǵa jetken nusqalarınıń ilimpazlar tárepinen 100 tomlıǵı basılıp shıqtı. Xalıq ózleriniń sóz ustaları bolǵan sheshenlerin, dilwarların, jıraw-baqsıların úlken húrmet-izzetke bólegen. Qosıqlar, jırlar xalıqtıń turmısında bolǵan jańalıqlarǵa tariyxıy waqıyalarǵa baylanıslı bolǵan. Olardıń arasınan bet ashar úlken orın iyelegen. Sonıń menen birge, «Háwjar», «Sıńsıw» hám basqa da qosıqlar keń orın alǵan. Xalıqtıń turmısındaǵı qayǵılı waqıyalarǵa baylanıslı aytılatuǵın «Joqlaw» da úlken orın iyelegen. Onda ólgen adamnıń islegen xızmetlerin, minez-qulqın, basqalarda ushıraspaytuǵın jaqsı tareplerin aytıp joqlaw, xalıqqa úlken tásir etken. Hárbir awılda hayal-qızlar jaqın adamlarına bolǵan jıllı sezimlerin bildirgen.


Shıńqobız.

**Ertekler.** Qaraqalpaqlarda júdá kóp ertekler saqlanǵan. Olardıń kópshiligi áyyemgi dáwirlerden saqlanıp, xalıq turmısında bolǵan jámiyetlik-siyasiy ózgerislerdi bildirgen. Qaraqalpaq erteleriniń túrleri oǵada kóp. Olar ózleriniń mazmunına qarap bólingen. Qaraqalpaqlar arasında keńnen taralǵan erteklerdiń birewi rus izertlewshisi I. Karazin tárepinen 1873-jılı Shımbay qalasınan 80 jasar shamasındaǵı ertekshi kempir awzınan jazıp alınǵan hám onı bastırıp shıǵarǵan. Bul ertek «Hayallar patshalıǵı haqqında ertek» dep atalıp, ol áyyemgi amazonkalar dáwiri tuwralı


Qobız.



Duwtar.

maǵlıwmatlar beredi. Sonday-aq, «Ańqaw mergen», «Jiyrenshe sheshen», «Aldar kóse», «Xoja Nasraddin» usaǵan ertekler bolǵan. Kóp ertekler qońsı xalıqlardıń ertekleri menen jaqın bolǵan.

Qaraqalpaqlarda geypara adamlardıń ómirine baylanıslı kúldirgi sózler kóp bolǵan. Olardan Ómirbek laqqı tuwralı kóplegen kúldirgi sózler saqlanıp biziń kúnlerimizge shekem jetip kelgen.

**Qaharmanlıq dástanları**. Qaraqalpaqlar arasında áyyemgi waqıtlardan beri qaharmanlıq dástanlar keńnen taralǵan. Olardan «Qırq qız», «Alpamıs», «Qoblan», «Máspatsha» usaǵan qaharmanlıq dástanlar keńnen málim. Olar xalıq tariyxınıń joldası bolǵan.

Qaraqalpaqlar eski dástanlardı yadında saqlawǵa, onı áwladtan-áwladqa jetkeriwge úlken itibar bergen.

Qaraqalpaqlar arasında eń súyikli batırlıq dástanlardan biri «Edige» dástanı bolıp esaplanadı. Izertlewshilerdiń kórsetiwi boyınsha «Edige» dástanında súwretlengen waqıyalar, adamlardıń atları tariyxta bolǵan. Qaraqalpaq jırawları bul dástanǵa xalıqtıń basınan ótken tariyxıy waqıya sıpatında qaraǵan.

Qaraqalpaq xalqınıń turmısında «Qırq qız» dástanı eń áhmiyetli orın iyeleydi. Onda qaraqalpaq xalqınıń turmısı hám mádeniyatı haqqında kóplegen maǵlıwmatlar bar.

Qaraqalpaq xalqınıń «Alpamıs» dástanında da áyyemgi dáwirdegi tariyxıy waqıyalar menen birge XVIII—XIX ásirdegi azatlıq gúresi óz sáwleleniwin tapqan.

**Tariyxıy ańızlar**. Qaraqalpaqlar basqa túrkiy xalıqlarǵa uqsap awızsha ańızlarǵa úlken itibar bergen. Qaraqalpaqlar tariyxı boyınsha kóplegen maǵlıwmatlar jıynaǵan T.A. Jdanko, R. Qosbergenov, S. Kamalov, U. Shalekenov,

L.S. Tolstova ózleriniń tariyxıy miynetlerin jazba tariyxıy derekler menen birge qaraqalpaqlar arasınan jıynalǵan ańızlar, tariyxıy ápsanalar negizinde jazdı. Olardıń pikiri boyınsha XVIII—XIX ásirdegi qaraqalpaqlardıń Sırdárya, Jańadárya, Ámiwdárya boyındaǵı qonısları, olardıń Orta Aziya jerlerine qonıslasıw tariyxı boyınsha awızsha maǵlıwmatları, Xiywa xanlıǵınıń tariyxıy maǵlıwmatları menen tuwra keletuǵınlıǵın kórsetken.

**Tolǵawlar**. Qaraqalpaqlar jawgershilikti kóp kórgen xalıq. Sonlıqtan da, xalıqtıń awır awhalı, ózleriniń otırǵan jerlerin taslap kóshiwleri jırawlar tárepinen atqarılıp, usı kúnge shekem kelip jetken.

Ormambet tolǵawı XVI ásirdiń waqıyaların sáwlelendirgen. Ormambet tariyxta bolǵan adam. Ol noǵaylı awqamınıń basshısı bolǵan, qaraqalpaqlardıń noǵaylı dáwirindegi tariyxı boyınsha kóplegen maǵlıwmatlar beredi.

**Qaraqalpaq ádebiyatı wákilleri. Kúnxoja (1799—1880).** XIX ásirdegi qaraqalpaq shayırları ózleriniń shıǵarmalarında Xiywa xanlıǵında bolǵan siyasiy waqıyalardı ózleriniń poeziyalıq shıǵarmalarında jazıp bardı. Xalıqtıń kún kórisi, xojalıǵı, toy-merekeleri, arzıw-ármanları óz sáwleleniwin tapqan. Solardıń biri Kúnxoja shayır bolıp, Xiywa xanlıǵında jasaǵan xalıqlardıń turmısın kórsetken. Ol qaraqalpaq diyqanların, sharwalarınıń, balıqshılarınıń awhalın jırlaytuǵın shıǵarmalar dóretken.


Kúnxoja Ibrayım ulı.

Kúnxoja Xiywa xanlıǵınıń paytaxtı Xiywa qalasında ótkerilgen sóz ustalarınıń jarısına shaqırtılǵan. Onda ol óziniń «Umıtpaspan» shıǵarmasın jazǵan. Onda Xiywa xanlıǵınıń XIX ásirdiń ortalarındaǵı social-ekonomikalıq hám mádeniy turmısın kórsetken.



Ájiniyaz Qosıbay ulı.

**Ájiniyaz Qosıbay ulı (1824—1878).** Ájiniyaz qaraqalpaq shayırlarınıń arasında eń joqarı dárejeli bilimge iye bolǵan. Ol Xiywa qalasındaǵı joqarı bilim orayı bolǵan medreseni oqıp pitkergen. Bul medresede óz waqtında ullı túrkmen shayırı Maqtumqulı da bilim alǵan. Ájiniyaz birneshe tillerdi bilgen. Shıǵıs xalıqlarınıń lirikasın úyrengen. Xalıq turmısınan alıp, ájayıp shıǵarmalar dóretken. Ol Qazaqstanda, Rossiya mámleketiniń aymaqlarında, Orenburg, Bashqurstan, Tatarstan jerlerinde bolǵan.

Ájiniyaz shıǵarmalarında xalıqtıń tariyxıy-etnografiyalıq maǵlıwmatları keń túrde sáwlelengen. Ol qaraqalpaq qızlarınıń ájayıp kiyim-kenshekleri, olardıń sulıw kórki tuwralı ájayıp shıǵarmalar jazǵan. Olar qıssaxanlar tárepinen usı kúnlerge shekem kelip jetken.

Ájiniyaz qaraqalpaq xalqınıń mádeniy turmısında áhmiyetli orın iyelegen «Bozataw» poemasınıń avtorı. Onıń qazaqtıń shayır qızı Qız Meńesh penen aytısı Qazaqstan, Ózbekstan aymaqlarında keń taralǵan. Bul úlken tariyxıy shıǵarmalar qaraqalpaq xalqınıń tariyxın úyreniwde úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.



Berdaq Ǵarǵabay ulı.

**Berdaq Ǵarǵabay ulı (1827—1900).** Qaraqalpaq mádeniyatı, tariyxında kórnekli orın iyelegen Berdaq 1827-jılı Aral teńizi aymaǵında tuwılıp, 1900-jılı 73 jasında qaytıs bolǵan. Óziniń jaslıq jılların diyqanlar, balıqshılar arasında ótkerip, kóplegen dástanlar, qosıqlar dó-

retken. Ol jas waqtınan baslap xalıq arasında tarqalǵan Nawayınıń, Ferdawsiydiń, Fizuliydiń hám basqa da musılman xalıqlarınıń shıǵarmaların qızıǵıp úyrengen. Óziniń tuwılǵan jerindegi diniy oqıw ornın tamamlaǵan. Onıń sanalı ómiri qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵınıń quramında bolǵan dáwirine sáykes keledi.

Qaraqalpaq xalqınıń turmısın, tariyxın sáwlelendiretuǵın júdá kóplegen shıǵarmalar jazǵan. Ol óziniń «Aqmaq patsha» shıǵarmasında qaraqalpaq hayal-qızlarınıń mártligin, gózzallıǵın táriyipleydi.

Berdaq shayırdıń tariyxıy shıǵarmaları arasında áhmiyetli orın iyelegen shıǵarmalarınıń biri «Shejire» dástanı bolıp esaplanadı. Onda qaraqalpaq xalqınıń kelip shıǵıw tariyxı poeziyalıq til menen súwretlengen.

Berdaq qaraqalpaq xalqınıń XIX ásirdegi turmısınıń tariyxıy deregi sıpatında úlken áhmiyetke iye. Ásirese, Berdaq shıǵarmalarına qaraqalpaq basshılarınıń Xiywa, Buxara xanlarına qarsı kóterilisleri haqqında da birqansha dástanlar shıǵarǵan. Olardan «Xorezm», «Aydosbiy», «Ernazarbiy», «Amangeldi» hám basqa da shıǵarmaları úlken tariyxıy áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.


Ótesh Alshınbay ulı.

**Ótesh shayır Alshınbay ulı (1829—1902).** Qaraqalpaq xalqınıń ádebiyatında Ótesh Alshınbay ulınıń shıǵarmaları ayrıqsha orın iyeleydi. Ótesh 1829-jılı Aral teńiziniń boyındaǵı atawlardıń birinde tuwılǵan. Ol waqıtta bul jerler Ámiwdáryanıń bir shaqabı bolǵan, Kókózek dáryası quyıp turǵan. Onıń eki jaǵasında qalıń el otırǵan. Ol jerde birqansha meshit hám medreseler bolǵan. Olarda balalar oqıp bilim alǵan. Bul oqıw orınlarında Buxara hám Xiywada bilim alıp kelgen mollalar sabaq bergen. Usı mekteplerde bilim alǵan Ótesh shayır musılman xalıqlarınıń ádebiy shıǵarmaları

menen jaqsı tanıs bolǵan. Onıń jazǵan shıǵarmalarında «Yusup-Zlixa», «Taxir-Zuxra», «Layli-Majnun», «Farxad-Shiyrin», «Ǵárip ashıq», «Shahsánem» hám basqa da dástanlardıń atları kórinedi. Buǵan qaraǵanda Ótesh jas waqtınan baslap ádebiy shıǵarmalardı tereń úyrengen.

Ótesh shayır Berdaq shayır menen dos hám aǵayin, dayılı-jiyenli bolǵan. Berdaq shayırdıń ólimine arnap iri kólemli shıǵarma jazǵan. Onda Berdaq shayırdıń ómiri, qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornına joqarı baha bergen. Sonıń menen birge, Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ájiniyaz hám basqa da qaraqalpaq shayırlarına sıpatlama bergen.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqlardaǵı mektepler haqqında nelerdi bilesiz?
2. Medreseler qay jerlerde bolǵan hám olarda qanday bilim berilgen?
3. Qaraqum iyshan medresesi qay jerde qurılǵan?
4. Tas medrese qaysı rayon territoriyasında bolǵan?
5. Qaraqalpaqlar arasında saqlanǵan «Hayallar patshalıǵı haqqında ertek» qashan hám kim tárepinen jazıp alınǵan?
6. Qaraqalpaq folklorı haqqında pikir aytqan ilimpaz kim?
7. «Ormanbet tolǵawı» neshinshi ásirdegi waqıyalardı sáwlelendiredi?
8. Kúnxoja shayır qanday waqıyalardı sáwlelendiredi?
9. Ájiniyaz shayır ómiri hám dóretpeleri haqqında aytıp beriń.
10. Berdaq shayırdıń tariyxıy shıǵarmaları tuwralı ne bilesiz?
11. Ótesh shayırdıń qaysı shıǵarmaların bilesiz?

## §16. Qaraqalpaq xalqınıń qońsı xalıqlar menen mádeniy baylanısları

XIX ásirdiń I yarımında qaraqalpaqlardıń ózbekler menen ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy baylanısları kúsheygen. Qaraqalpaqlar XIX ásirdiń basında, ásirese Raxim xan hám Allaqulı dáwirinde xanlıqtıń siyasiy islerine aralasqan. Qaraqalpaqlar qońsı xalıqlardan, birinshi náwbette diyqanshılıq mádeniyatın úyrenip Xorezm jerinde úlken irrigaciyalıq qurılıslarǵa belsendi qatnasqan. Bul haqqında akade-

mik Ya. G. Gulyamov óziniń miynetlerinde arnawlı túrde kórsetip ótken.

Qaraqalpaqlar Xiywa xanlığınıń bazarlarına negizinen iri qara mallardı jetkerip berip turǵan. Xiywa xanları qaraqalpaqlardıń qara mallarına úlken itibar bergen. Sonıń menen birge, qaraqalpaqlar Xiywa xanlığında eń ataqlı balıqshılar bolıp, olar awlaǵan balıqlar xanlıqtıń kóplegen qalalarındaǵı bazarlarda úlken talapqa iye bolǵan. Qaraqalpaqlar ózleriniń kóplegen ańızlarında, tariyxıy bilimlerinde ózbeklerdi hám xanlıqtaǵı basqa xalıqlardı bir uyadan kelip shıqqan xalıqlar dep esaplaǵan. Ásirese, Xiywa xanlığında XIX ásirde ústemlik etken Xiywa xanların olardıń qońırat ruwınan shıqqanlığı ushın ózlerine beyim kórgen. Geypara biyler olar menen jaqsı qatnasıqlarǵa iye bolǵan. Máselen, qaraqalpaqlar tariyxında belgili bolǵan Aydos biy Xiywa xanı Muxammed Raxim I menen jaqsı qatnasıqlarǵa iye bolǵan. Onıń qollap-quwatlawı menen ol qaraqalpaq qáwimleriniń ústinen basshılıq etiw huqıqlarına iye bolǵan.

Berdaq Ǵarǵabay ulınıń «Shejire» shıǵarmasındaǵı ózbek hám qaraqalpaq xalqınıń kelip shıǵıw tamırlarınıń bir ekenligin kórsetetuǵın qatarlar bar.

«Múyten, qońırat, qıtay, qıpshaq,
Keneges, mańǵıt, aq pıshaq,
Bári altı ruw qaraqalpaq,
Ózbekten ayrılǵan eken»

— degen sózler xalıqtıń tariyxıy pikirleri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqlardıń arasında ózbek ádebiyatınıń hasıl nusqaları keńnen taraǵan. Shımbayda, Qońıratta, Xojelide hám basqa da qalalarda kórip otırǵan dáwirde kitap dúkánları bolıp, onda ózbek ádebiyatınıń klassikleriniń shıǵarmaları kóplep satılǵan. Olardan ózbek shayırı Alisher Nawayınıń shıǵarmaları tarqalǵan. Bul haqqında ótken ásirdiń ortalarında Qaraqalpaqstanǵa kelgen rus elshileri ózleriniń jazba maǵlıwmatların qaldırǵan.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń klassikleri bolǵan Jiyen jıraw, Kúnxoja, Berdaq, Ótesh, Omar óz shıǵarmalarında shıǵıs xalıqları ádebiyatı shıǵarmalarınıń atların júdá kóplep keltirgen.

Bir xalıqtıń mádeniyat múlkleri ekinshi xalıqqa tezden tarap otırǵan. Qaraqalpaqlarda keń túrde belgili bolǵan xalıq dástanları «Alpamıs», «Edige», «Qoblan», «Ǵárip ashıq», «Góruǵlı» qońsı xalıqlarda, sonıń ishinde qaraqalpaq hám ózbek xalıqları arasında keńnen taralǵan.

Ózbek ádebiyatı hám tariyxı menen qaraqalpaq shayırlarınıń derlik barlıǵı tanıs bolǵan. Olar ózbek shayırlarınıń shıǵarmaların oqıp úyrengen. Sonlıqtan da, Berdaq shayır kóplegen ullı shıǵıs shayırlarınıń qatarında ullı Alisher Nawayınıń atın húrmet penen tilge aladı. Ol «Nawayıdan sawat ashtım» dep jazǵan óziniń «Izler edim» degen shıǵarmasında. Qaraqalpaq jıraw-baqsıları, shayır hám qıssaxanları Oraylıq Aziya xalıqlarınıń mádeniyatı, ullı alım hám shayırlarınıń jasaǵan jerleri menen tanıs bolǵan. Olardıń birqanshaları Xiywanıń, Buxaranıń, Samarqandtıń meshit-medreselerinde tálim alǵan. Máselen, belgili qaraqalpaq shayırı Ájiniyaz Xiywa qalasınıń medreselerinde, Qutlımurat inaq Sherǵazı xan medreselerinde oqıǵan. Olar axun dárejesine jetisken.

Xiywa xanları tárepinen uyımlastırılǵan shayırlar aytısında Kúnxoja da qatnasıp xan sarayında bolǵanlıǵın, onda shayırlar mushayrasına qatnasqanlıǵın bilemiz.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń ájayıp shıǵarmaları Ózbekstannıń kóplegen jerlerinde belgili bolǵan. Máselen, qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli wákili bolǵan Ájiniyazdıń Qız Meńesh penen aytısı bunıń ayqın mısalı bola aladı. Qaraqalpaq hám ózbek jıraw-baqsıları xalıq dástanların eki xalıqtıń birlikte atqarǵanlıǵı haqqında kóplegen maǵlıwmatlar bar. Ózbek xalqınıń muzıka tarawında erisken tabısları Xorezm xalıqlarınıń arasında da keńnen taralǵan. Olardıń arasında «Muxalles», «Tabriz» hám basqa da namalar barlıq Xorezm xalıqlarına ortaq namalar bolǵan. Ulıwma alǵanda, qaraqal-

paq hám ózbek mádeniyatı ózlerindegi eń jaqsı qásiyetlerdi qabıl etip bayıtıp otırǵan.

Qaraqalpaq hám qazaq xalıqlarınıń arasındaǵı baylanıslar eki xalıqtıń tariyxınıń barlıq dáwirlerinde bolǵan. Bul baylanıslar XIX ásirde de dawam etip birqansha dárejede kúsheygen.

XIX ásirdiń basında qazaqlardıń birqansha bólegi Xiywa xanları tárepinen jawlap alınıp Xiywa xanlıǵınıń aymaǵına kóshirilgen. Qaraqalpaqlar menen qazaqlar Aral teńiziniń jaǵalarında otırıp, eki millet arasındaǵı ekonomikalıq baylanıslardı kúsheytken. Qazaqlar qaraqalpaqlardan hám tómengi Ámiwdárya boylarında jasawshı basqa da xalıqlardan, ásirese ózbeklerden diyqanshılıq ónimlerin satıp alıp otırǵan. Qońırat qalasında arnawlı qazaq bazarı bolıp, bunda Ústirt hám Jayıq jaǵalarınan qazaqlar kelip sharwa ónimlerin satıp otırǵan.

1873-jılı Ámiwdárya boyların izertlegen rus izertlewshisi A. Kaulbarstıń «Ámiwdárya eteklerinde» degen kitabında qaraqalpaq hám qazaq awıllarınıń aralas otırǵanlıǵı haqqında kóplegen maǵlıwmatlar keltirgen. Ásirese, Kókózek dáryasınıń boyları, Jańasuw, Qońırat, Shomanay jerlerinde qaraqalpaq hám qazaqlardıń aralas otırǵanlıǵı haqqında jazǵan.

Usınday baylanıslar siyasiy tarawda da birqansha dárejede bolǵan. Qaraqalpaqlar menen qazaqlar Xiywa xanlıǵınıń zulımlıqlarına qarsı kóterilislerge de birge qatnasqan. Onıń ayqın mısalı etip qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵınıń zulımlıqlarına qarsı 1855—1856-jıllardaǵı kóterilislerine qazaqlardıń wákilleri de qatnasqan. Hátteki, usı kóterilistiń basshısınıń biri sıpatında qazaq tórelerinen bolǵan Zarlıq xan etip saylanǵan. Zarlıq xan Xiywa xanları tárepinen óltirilgen.

Qazaqlardıń turmısı hám mádeniyatı menen qaraqalpaq shayırları tanıs bolǵan. Olardıń ádebiy shıǵarmaların oqıp, hátteki, qazaq tilinde shıǵarmalar jazıwǵa erisken. Bulardıń

arasında belgili qaraqalpaq shayırı Berdaq Ǵarǵabay ulı qazaqlar arasında júdá kóp bolǵan. Qazaq xalqınıń ádebiyatın júdá jaqsı bilgen. Qazaq tilinde óziniń Aydosqa arnalǵan shıǵarmasın jazǵan.

Belgili qazaq ilimpazı Shoqan Walixanov qaraqalpaqlardıń tariyxın, mádeniyatın, ádebiyatın júdá tereń bilgen. Onıń miynetlerinde Túrkstan xalıqlarınıń ortaq múlki bolǵan Edige, Jiyrenshe sheshen, Qorqıt ata, Asan Qayǵı, Alpamıs, Qoblan hám basqa da mádeniy miyraslar haqqında maǵlıwmatlar bar.

Shoqan Walixanov qaraqalpaqlardı Orta Aziyanıń eń miynet súygish xalıqlarınıń biri ekenligin kórsetken. Onıń sózi boyınsha 1747-jılı Ablayxan, úysin ruwı biyleriniń sorawları boyınsha olarǵa basshılıq etiwge óziniń balası Ádildi jiberip, oǵan Talas dáryasınıń boyınan qala salıp berip, oǵan miynet súygish qaraqalpaqlardı qonıslastırǵanlıǵın kórsetken.

Shoqan Walixanov Oraylıq Aziya xalıqlarınıń mádeniy miyraslarına baha bergende qaraqalpaq mádeniyatına júdá joqarı baha berip, qaraqalpaqlardı Oraylıq Aziyanıń sahra xalıqları arasında «eń birinshi shayırlar hám qosıqshılar» dep qaraqalpaqlar arasındaǵı tariyxıy hám ádebiy shıǵarmalarǵa joqarı baha beredi.

XIX ásirdegi Xiywa xanlıǵındaǵı jasaǵan xalıqlardıń arasında túrkmenler sanı boyınsha ózbeklerden keyingi belgili orındı iyelegen. Túrkmenlerdiń xojalıq turmısında sharwashılıq baslı orın tutqan. Olar Xiywa xanlıǵında belgili dárejede hár túrli salıq tólemler tólep turǵan. Túrkmenler, qaraqalpaqlar hám arallı ózbekler Xiywa xanlıǵında arnawlı salıq bolǵan «salǵırt kespe» degen salıqtı tólep turǵan. Qaraqalpaqlarlar menen túrkmenlerdiń kelip shıǵıwında birqansha jaqınlıqlar bolǵan. Bul haqqında xalıq ańızlarında, shejirelerinde kóplegen maǵlıwmatlar bar. Ásirese, xalıq shejirelerinde túrkmenlerdiń ata-babaların Seyilxan degen at penen, qaraqalpaqlardıń ata-babaların Jayılǵannan taralǵanlıǵın, olardıń bir atadan kelip shıqqanlıǵı haqqında maǵlıw-

matlar bar. Berdaq shayır óziniń «Shejire»sinde Jayılǵan menen Seyilxannıń bir atadan taralǵanlıǵın aytıp ótedi.

Xiywa xanlıǵında aymaqlıq jaqtan júdá jaqın jasaǵan túrkmenler menen qaraqalpaqlar arasında jaqın ekonomikalıq baylanıslar bolǵan. Qaraqalpaqstan jerlerindegi qalalarǵa túrkmenler ózleriniń malların ákelip satıp, bul jerden olar awıl xojalıq zatların, ásirese, biyday, júweri hám basqa da dán ónimlerin alıp ketip otırǵan.

Qaraqalpaqlarlar arasında túrkmenler toqıǵan sulıw gilemler Qaraqalpaqstannıń Shımbay, Qońırat, Xojeli hám basqa qalalarındaǵı bazarlarında úlken talapqa iye bolǵan.

Qaraqalpaqlar túrkmenler menen birge XIX ásirdiń birinshi yarımında Xiywa xanlıǵınıń awır zulımlıqlarına qarsı birneshe mártebe kóterilislerge shıqqan. Ásirese, 1855—1856-jıllardaǵı Ernazar alakóz basshılıǵındaǵı kóterilis waqtında hám 1858-jılǵı Qońırat qalasındaǵı kóterilis waqtında túrkmenler menen qarım-qatnas kúsheygen. Xiywa xanlarınıń siyasatına qarsı bolǵan geypara qaraqalpaqlar túrkmenler arasına qashıp barıp baspana tapqanlıǵı haqqında da kóplegen maǵlıwmatlar bar.

Qaraqalpaqlar menen túrkmenler arasında tıǵız mádeniy baylanıslar bolǵan. Máselen, «Ǵárip ashıq» dástanı túrkmenler menen qaraqalpaqlar arasında da xalıqtıń súyip tıńlaytuǵın dástanlarınıń biri bolǵan. Bul dástan tek ǵana usı eki xalıqtıń arasında taralıp qalmastan, Oraylıq Aziya xalıqlarınıń derlik ortaq múlki bolıp esaplanadı. Ótken ásirdiń ortalarında, yaǵnıy 1824-jılı rus áskeriy xızmetkeri N. Muravev Xorezm jerinen Ǵárip ashıq haqqında ańızdı jazıp alǵan. Qaraqalpaq shayırları qaraqalpaq qızlarınıń sulıw kórkin súwretlegende olardıń ájayıp kelbetin Shaxsanemniń sulıw kórkine teńegen. Sonıń menen birge, qaraqalpaqlar arasında eń kóp taralǵan «Sayatxan Xamra», «Ashıq Nájep», «Nadjep uǵlan» hám basqa da dástanlar túrkmenler arqalı qaraqalpaqlar arasına taralıp, kóplegen qaraqalpaq baqsıları olardı toy-mereklerde úlken ruwxlanıwshılıq penen atqarǵan.

Qaraqalpaqlar menen túrkmenler arasında da eń súykimli xalıq dástanlarınıń bir Góruǵlı dástanı bolǵan. Bul dástannıń eń dáslepki shıqqan watanı Azerbayjan aymaǵı bolǵan. Ol jerden bul dástan túrkmenler arasına keń taralıp, onnan Xorezm hám qaraqalpaqlar arasında keń túrde belgili bolǵan. Qaraqalpaq baqsıları arasında bul dástan úlken yosh hám kóterińkilik penen atqarılǵan.

Qaraqalpaq shayırları bolǵan Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh hám basqalar Góruǵlı dástanın oqıp xalıq arasında taratıwshılar bolǵan. Góruǵlı dástanınıń jazba nusqalar da qaraqalpaqlar arasında keńnen tarqalǵan. Góruǵlınıń azatlıq, ádillik ushın júrgizgen gúresleri olardı ruwxlandırǵan. Olar xalıq batırların Góruǵlınıń batırlıǵı menen salıstıradı. Máselen, Berdaq shayır:

«Góruǵlı bektey er edi,
Qatarda qosa nar edi,
Tolı jurtqa dárkar edi,
Sheyit óldi Ernazar biy»,

— degen sózlerdi jazǵan.

Qaraqalpaq hám túrkmen shayırlarınıń arasında tıǵız baylanıslar bolǵan. Onıń ayqın mısalı túrkmen xalqınıń ullı shayırı Maqtumqulınıń shıǵarmaları qaraqalpaqlarda jazba hám awızsha túrinde taralǵan. Qaraqalpaqstan jerleri Maqtumqulınıń shayırlıq watanı dep atalıńǵan.

Qaraqalpaq shayırları Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ótesh, Ájiniyaz hám Berdaq shayırlar Maqtumqulı shıǵarmlarınıń shın ashıǵı bolǵan. Onıń sózlerinen ruwxlanıp ózine jan azıǵı sıpatında qabıl etken. Onıń shıǵarmalarınıń joqarı ruw- xıylıǵına hám kórkem sulıwlıǵına joqarı baha bergen.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqlar menen qońsı xalıqlar arasında XIX ásirdiń birinshi yarımında qanday ekonomikalıq baylanıslar bolǵan?
2. Qaraqalpaqlar shejiresinde qaraqalpaqlardıń qońsı xalıqlar menen etnikalıq baylanısları haqqında qanday maǵlıwmatlar bar?

3. Qaraqalpaqlar menen qońsı xalıqlar arasında qanday muzıkalıq ulıwmalıqlar bar?
4. Qaraqalpaqlar hám qońsı xalıqlar arasında teńdey taralǵan qanday dástanlardı bilesiz?
5. Kimler qaraqalpaqlar arasında ullı ózbek shayırı Nawayınıń shıǵarmaları haqqında pikir aytqan?
6. Qaraqalpaqlar arasında Maqtumqulı shıǵarmalarınıń taralıwı haqqında aytıp beriń?
7. Shoqan Walixanovtıń qaraqalpaqlar tariyxı hám mádeniyatı haqqındaǵı qanday pikirlerin hám shıǵarmaların bilesiz?

## JUWMAQLAW

Biz sizler menen kórip úyrengen XVI—XIX ásirdegi qaraqalpaq xalqınıń tariyxı—bul óz aldına xalıq sıpatında qáliplesken hám ǵárezsizlik ushın gúres júrgizgen xalıqtıń tariyxı bolıp esaplanadı. Qaraqalpaqlar Sırdárya hám Ámiwdáryanıń Aral teńizine quyar jerlerin úlken diyqanshılıq maydanına aylandırdı. Uzınlıǵı birneshe kilometrge jetetuǵın uzın kanallar qurıp, qurǵap atırǵan jerlerdi baǵı-bostan, diyqanshılıq rayonlarına aylandırdı. Sonıń menen birge, ata-babalarımız usta adamlar bolıp, júdá ájayıp ónermentshilik buyımların islep, ózleriniń mútájliklerine paydalanǵan.

Qaraqalpaqlar Orta Aziyanıń eń ájayıp ádebiy shıǵarmaların dóretken xosh hawaz shayır hám jırawları bolǵan. Olardı dóretken shayırlardıń atları xalıqtıń yadında qalǵan.

Qaraqalpaqlar basqa xalıqlar sıyaqlı óziniń mámleketine iye bolǵan. Biraq bul mámlekettiń ózin-ózi basqarıwı qanday dárejede bolǵanlıǵına qaramastan ol kópshilik mámleketler menen XVIII—XIX ásirlerde Rossiya, Qazaqstan, Buxara hám Xiywa xanlıǵı menen baylanıslar ornatqan. Óz ana tariyxımızdı rawajlandırıw jolında xalqımız júdá kóplegen materiallıq hám ruwxıy mádeniyat jaratqan. Biz bul tariyxımızdı tereńnen úyreniwimiz kerek hám bul arqalı biz keleshekke jol alamız.

Qaraqalpaq xalqınıń kóp ásirlik tariyxı dáwirinde bizge ata-babalarımız úlken miyras qaldırıp ketti. Biz usı qunlı miyrastı, Watan topıraǵın, ana tábiyatımızdı kózdiń qarashıǵınday saqlap, kelesi áwladlarǵa gúllengen ullı Watan qaldırıwımız kerek. Tariyx—bul ótmish, házirgi kún hám keleshek. Bular bir-biri menen ajıralmaytuǵın janlı qubılıs.

## TARIYXÍY SÁNELER KÓRSETKISHI

| | |
|---|---|
| **1505-jıl.** | Xorezmniń Sheybaniyxan qolına ótiwi. |
| **1578-jıl.** | Qaraqalpaqlar haqqında eń dáslepki jazba maǵlıwmattıń payda bolıwı. |
| **1603-jıl.** | Qaraqalpaqlardıń Buxara xanlıǵına qarsı kóterilisi. |
| **1611-jıl.** | Buxara xanı Imamqulı xannıń Túrkstan qaraqalpaqlarına shabıwılı. |
| **1620-jıl.** | Orta Aziyaǵa rus elshisi Ivan Xoxlovtıń keliwi. |
| **1680—1718-jj.** | Qazaq xanı Tawkeniń basqarǵan dáwiri. |
| **1714—1728-jj.** | Xiywanı Sherǵazı xannıń basqarǵan dáwiri |
| **1722-jıl.** | Rossiya patshası Petr I menen qaraqalpaq xanı Eshmuxammedtiń qatnasıqları. |
| **1723-jıl.** | Sırdáryanıń orta aǵısı boylarına Jonǵar qalmaqlarınıń shabıwıl jasawı. |
| **1728—1740-jj.** | Xiywanıń Elbars xan tárepinen basqarılǵan dáwiri |
| **1731-jıl.** | Qazaqtıń kishi júziniń xanı Abulxayırdıń Rossiya puqarashılıǵın qabıl etiwi. |
| **1731-jıl.** | Qaraqalpaqlarǵa Rossiya elshisi A. Tevkelevtiń keliwi. |
| **1740-jıl.** | Iran shaxı Nadir shaxtıń Xiywanı basıp alıwı. |
| **1740-jıl.** | Rus elshileri Gladishev hám Muravinniń qaraqalpaqlar arasına keliwi. |
| **1743-jıl.** | Abulxayırdıń qaraqalpaqlarǵa islegen shabılıwı |
| **1741-jıl.** | Xiywalılardıń Iran hákimligine qarsı kóterilisi |

| | |
|---|---|
| **1770-jıl.** | Xiywa xanlıǵında Qońırat dinastiyasınıń hákimiyat basına keliwi. |
| **1770—1790-jj.** | Muxammed Ámin inaqtıń Xiywa xanlıǵında basshılıq etiwi. |
| **1790—1804-jj.** | Xiywada Áwez (Avaz) inaqtıń basqarǵan jılları. |
| **1806—1825-jj.** | Muxammed Raximniń Xiywanı basqarıwı. |
| **1811-jıl.** | Arallılardıń Xiywa xanlıǵına baǵındırılıwı. |
| **1811-jıl.** | Jańadárya qaraqalpaqlarınıń Xiywa xanlıǵı tárepinen baǵındırılıwı. |
| **1824-jıl.** | Ájiniyaz shayırdıń tuwılıwı. |
| **1827-jıl.** | Aydos biy basshılıǵındaǵı qaraqalpaqlardıń Xiywaǵa qarsı kóterilisi. |
| **1827—1900-jj.** | Berdaq shayır jasaǵan jıllar. |
| **1829-1902 jj.** | Ótesh shayır jasaǵan jıllar. |
| **1847-jıl.** | Aral flotiliyasınıń qurılıwı. |
| **1855—1856-jj.** | Ernazar biy basshılıǵındaǵı kóterilis. |
| **1859-jj.** | Qońırat kóterilisi. |
| **1873-jıl.** | Xiywa xanlıǵınıń Rossiya imperiyası tárepinen basıp alınıwı. |

## ÁDEBIYATLAR DIZIMI


**Karimov I.A.** Ózbekstan XXI ásir bosaǵasında: qáwipsizlikke qáwipler, turaqlılıq shártleri hám rawajlanıw kepillikleri. Nókis «Qaraqalpaqstan» 1998.

**Karimov I.A.** Ózbekstan XXI ásirge umtılmaqta. T., 1999.

**Karimov I.A.** Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo'lida. T., 1999.

**Karimov I.A.** Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. T., 1998

**Karimov I.A.** Ózbekstan ǵárezsizlik qarsańında. T., 2011.

**Adambaeva T.** Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq muzıkası. Nókis. Qaraqalpaqstan, 1976.

**Andrianov B.V.** Arqa Xorezm qaraqalpaqlarınıń etnikalıq territoriyası. M. 1958.

**Andrianov B.V.** Qaraqalpaqlardıń Ámiwdáryanıń tómengi jaǵına qonıslasıw tariyxınan. Nókis, 1963.

**Axmedov B.A.** Kóshpeli ózbekler mámleketi. M., 1965.

**Axmedov B.A.** Tarix saboqlari. T., 1994.

**Berdiev J.T.** XVI—XVII ásirlerde qaraqalpaqlar tariyxınıń ańızlarda hám xalıq awızeki dóretpelerinde sáwleleniwi. N., 1995.

**Walixanov Sh.Ch.** Shıǵarmalar toplamı 5 tomlıǵı. Alma-ata 1961.

**Grekov B.D. Yakubovskiy A.Yu**. Altın Orda hám onıń qulawı. M., 1950

**Gulyamov Ya.G.** Áyyemgi dáwirden házirgi kúnge shekemgi Xorezmniń suwǵarılıw tariyxınan. T., 1957

**Esbergenov X., Xojaniyazov J.** Qaraqalpaq folklorında etnografiyalıq motivler. T., 1988.

**Jdanko T.A.** Xorezm oazisi qaraqalpaqları. M., 1952.

**Jdanko T.A.** Qaraqalpaqlar tariyxıy etnografiyasınıń ocherki. M.L., 1950.

**Jirmunskiy V.M.** Túrk qaharmanlıq eposı. M., 1974.
Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı N., 2003.
**Kamalov S.K.** XVIII—XIX ásir qaraqalpaqları. T., 1968.
**Kamalov S.K.** Qaraqalpaqlardıń XIX ásirdegi Xiywa xanlarına qarsı milliy azatlıq gúresleri. N., 1955.
**Kamalov S.K.** Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketshiligi. N., 2001.
**Kilichev T.** Xorezm xalıq teatrı. T., 1988.
**Qosbergenov R.K.** Qaraqalpaqstannıń Rossiyaǵa qosılıwı. N., 1972.
**Qarlıbaev M.A.** XIX— XX ásir baslarında qaraqalpaq medreseleri. N., 1995.
Ocherki istori Karakalpakskoy ASSR.Tom I, T., 1964.
**Orazbaeva U.** Qırq qız dástanında tariyxiy etnografiyalıq derekler. N., 1990.
**Sarıbaev K.S.** Qaraqalpaqstandaǵı jer-suw qatnasıqları tariyxınan. (XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń bası) N., 1965.
**Tlewmuratov M.T.** Berdaqtıń shıǵarmalarındaǵı tariyxıy derekler. N., 1968.
**Tlewmuratov M.T.** Beruniydiń tariyxıy miyrasları. N., 1973.
**Tlewmuratov M.T.** Qaraqalpaqlardıń tuwısqan xalıqlar menen mádeniy baylanısları. Nókis 1989.
**Tlewmuratov M.T.** Qaraqalpaq poeziyası tariyxıy derek. N., 1994 .
**Tlewmuratov M.T.** Qaraqalpaq hám ózbek xalıqlarınıń mádeniy baylanıslarınıń tariyxınan. N., 1993.
**Tlewmuratov M., Berdiev J.** Qaraqalpaqstan tariyxı (XVI—XIX ásir) N., 1996.
**Tolstova L. S.** Joqarǵı qaraqalpaqlar. N., 1979
**Ótemisov A.** Qaraqalpaqstan balıqshıları. N., 1979.
**Shamambetov B., Yusupov O.** Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı boyınsha derekler. N. 1996.

## MAZMUNÍ


Kirisiw ........ 3

§1. Qaraqalpaq xalqınıń etnikalıq qáliplesiw tariyxınan. XVI ásirdegi qaraqalpaqlardıń mádeniyatı ........ 4

§2. XVII—XVIII ásirlerde qaraqalpaqlar ........ 13

§3. XVIII ásirdiń birinshi yarımında, siyasiy waqıyalar. XVIII ásirdegi Qaraqalpaq-Rossiya qatnasıqları ........ 17

§4. Qaraqalpaqlardıń arallı ózbekler hám qazaqlar menen qatnasıqları, mámleketshiligi ........ 22

§5. Qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdegi jámiyetlik turmısı, xojalıǵı. Qaraqalpaqlardıń turmısı hám mádeniyatı ........ 29

§6. Qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵı quramında (1810—1873) ........ 36

§7. Xalıqtıń xojalıq turmısı. Diyqanshılıq hám sharwashılıq ........ 43

§8. Balıqshılıq, ónermentshilik, sawda hám salıq sisteması ........ 48

§9. 1827—1828-jıllardaǵı Aydos biy basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisi ........ 59

§10. 1855 — 1856-jıllardaǵı Ernazar Alakóz basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisi ........ 63

§11. 1858—1859-jıllardaǵı Qońırat kóterilisi ........ 69

§12. Qaraqalpaqlarda basqarıw sisteması hám mámleketshiligi ........ 75

§13. Ámiw boyındaǵı awıllar, qalalar, qorǵanlar, turaq jaylar hám xalıqtıń milliy kiyim-kenshekleri ........ 80

§14. Milliy taǵamlar, xalıqtıń úrp-ádetleri, bayramları ........ 88

§15. Ruwxıy mádeniyat ........ 95

§16. Qaraqalpaq xalqınıń qońsı xalıqlar menen mádeniy baylanısları ........ 102

Juwmaqlaw ........ 110

Tariyxıy sáneler kórsetkishi ........ 111

Ádebiyatlar dizimi ........ 113

**M. TLEWMURATOV, J. T. BERDIEV,**
**Z. TLEWMURATOVA**

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ

8-KLASS

Ulıwma orta bilim beretuǵın mektepler ushın
qayta islengen hám tolıqtırılǵan basılım

*«Bilim» baspası*
*Nókis—2018*

Redaktorı *U. Yusupova*
Xud. redaktorı *I. Serjanov*
Tex. redaktorı *B. Terımbetov*
Operatorı *A. Atagullaeva*

**Licenziya: AI № 108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.**

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 21.11.2018-j. Formatı 60x90 $^{1}/_{16}$.
Kegl 11. Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 7,5 baspa tabaq.
7,10 esap baspa tabaq. Buyırtpa № Nusqası 10320 dana.

«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentligi
«O‘zbekiston» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyinde
basıp shıǵarıldı.
100011, Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.